12+

2

2013


Abisalov



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2013

# МАХ ДУГ

2

2013

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2013

## НОМЫРЫ ИС:

### МАЛИТЫ ВАСО: 75 АЗЫ

*МАЛИТЫ Васо.* **Зæрдæйы фæдисхъæр.** Æмдзæвгæтæ 6

*СÆБÆТХЪУАТЫ Рамазан.* **Æмхъæуккæгтæ.** Роман 15

*РÆМОНТЫ Геор.* **Цыппаррæнхъонтæ** 78

*ХОЗИТЫ Хъуыдæберд.* **Мæрдтæйдзæуæг.** Радзырд 80

### ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*БЫРНАЦТЫ Барон.* **Дыууæ ныхасы иу æмдзæвгæйы тыххæй** 87

### «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 89

### ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

*ТОХСЫРТЫ Къоста.* **Æлгъыст хæдзар** 102

### АИВАД, КУЛЬТУРÆ

**Цыртдзæвæн Секъайæн** 114

### АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Цæлыккаты Ахмæты сфæлдыстад астæуккаг скъолайы** 121

### АРВИСТОН 128

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

# МАЛИТЫ ВАСО: 75 АЗЫ



*МАЛИТЫ Васо*

# ЗÆРДÆЙЫ ФÆДИСХЪÆР

* * *

I

Мæ Ирыстон!
Дæ сау лæппу цы зæгъа?
Дæ уагъд рæгъы
Ыздыхт сыкъа нæ систон.
Дæ зад дыргъдонмæ булæмæргъ æртæха,
Фæфыссой дыл
Сыгъдæг сызгъæрин систæ
Дæ уарзт æмæ дæ сагъæсты æмуагон
Цытджын кадæг.
Æз та цы дзурон уæгъды?
Æз дæн мæгуыр,
Фæсусхъæлæс фæндаггон.
Мæ балц – цыбыр –
Дæ дæлвæзтæ,
Дæ дæгъты –
Йæ кæрон дæр,
Йæ райдайæн дæр –
Хæхты.
Æз дæн, мæ Ир,
Дæ бæрзæндтæй дæлдæр,
Фæлæ дæ номæй
Бонджын дæн уæддæр.

II

Мæн ысты, мæн,
Дæ зарджытæ,
Дæ хæхтæ,
Дæ арвæрттывд,

Дæ комытæф –
Æврæгътæ,
Дæ быдыры æнæнымæц рæгъау.
Хъæздыг дæн æз
Хуыцау æмæ зæххау,
Æлгъин дæн æз
Дæлимонау мæ исыл:
Дæ фæзты уымæл
Хуры тын куы сисы,
Уæд уый дæр, Ир,
Мæ цæстыхаутыл зайы,
Дæ мит хæхбæсты
Рагуалдзæг æртайы,
Фæлæ йæ ды
Мæ сæрыхъуынты
Ссар,
Куы урс кæна æнафоны
Мæ сæр...

III

Нæ хаттæн æз
Нæ фыдæлты хæтæнты,
Сызгъæрин саг
Лæгæтрæбын нæ фехстон.
Ныббар мын, Ир,
Мæ рæуныхас,
Мæ сæнттæ,
Фæлæ дын æз
Болатдзагъд фырт
Куы фестон,
Гъе уæддæр зон:
Мæ цæстысыг –
Дæ донæй,
Мæнмæ цы ис,
Хъæздыгдæр не сдæ уымæй,
Æз бонджын дæн
Дæхи ис æмæ бонæй.
Фырты лæггад
Куыд ахада цæсты,
Кæд мады хæрзтæ фидинаг ысты?

IV

О, де ‘видийгæ авналæнты арфы
Кæд, чи зоны,
Сызгъæрин тала бахус,
Кæд, чи зоны,
Æнафоны дæ арвыл
Тæхгæ-тæхын
Æрттивгæ стъалы ахуыссыд,
Гъе уæд фæку, мæ Ирыстон!
Дæ цæссыг,
Дзæнхъа дурау,
Нæ зæрдæты ныххауæд,
Æмæ нын зæххыл
Удыбæстæ ма уæд,
Куы ныккæла
Дæхи дурæй
Дæ мæсыг!

## О, ÆНА!..

Уады уынæрмæ æрыхъал дæ ды.
Æхсæв – тызмæг æмæ тар...
Кулдуарæй хус къæцæл чидæр сæтты,
Чидæр уын хойы уæ дуар.

Зæрдæ дæ риуы фæдисхъæр кæны:
«О, Хуыцау! Ме сæфт бæлццон!..
Чи зоны, дуар ын нæ комы кæнын,
Æмæ йæм акæсон, цон!..»

О, Æна! Фæндагмæ ма кæс, уæууæй,
Уæлмæрдтæй нал ис цæуæн,
Æмæ æнхъæлмæ кæсынæй уæлдай
Ницыуал баззад дæуæн...

## БАЛЛАДÆ ХЪÆДГÆСЫ ЧЫЗГЫЛ

Хъæдгæсæн уыд иу чызг... Сагъæстæй уыд хызт,
Донгæрон йæ уæрыкк гогызтимæ хызт.

Дард уадындзы зарын хаста чызгмæ уæд
‘Взонг фыййауы сагъæс, ‘взонг фыййауы мæт:

«Ой, зæгъы, цы кæнон, ой, зæгъы, цы уон:
Агуры цæф сæгуыт хурсыгъд бæсты дон...

О, сызгъæрин феста донгæрон уæ хъæу,
Ауалдзæг кæм федтон дондзаутимæ дæу».

Чызг фыййаумæ барæй алы фау хæссы, –
Дымгæ дард уæтæрмæ ахæм дзуапп хæссы:

«О лæппу, дæ уадындз баззайа дзæгъæл,
Кæд æвзонг зæрдæмæ не ссардта дæгъæл!»

Æмæ сусæг хабар хъæубæстыл фæпырх:
«Мигъæмбæрзт æфцæгыл иу уадындз ныппырх.

Уым тымыгъ нынниуы, уым тымыгъ кæуы,
Уым сæрсæфæн тигъыл сау лæппу лæууы...»

Бонырдæм фæзынди кæрдæгыл æртæх,
Бонырдæм ныууасыд хъæдгæсæн йæ бæх.

Саурæсугъды фатау тар кæмтты хæссы,
Бонвæрнон уæларвæй барæгмæ кæсы.

Гъей, нæртон фæдисон, хорæй хаст дæ бæх,
Гъей, тæссаг цæуæнты къахвæндæгтыл тæх!

Уæртæ тигъæй разынд фыййæутты уæтæр,
Артдзæсты фæныкæй ферттивы цæхæр.

Æмæ лæппу рауад барæгмæ æваст:
«Сау сынтау æртахти сау хабары маст,

Æви цины уацæй райхъал и мæ хъæу?
О æхсæвдзу, чи дæ, чи рарвыста дæу?»

Хохы арф уырынгты цъитидон тæхы...
Саурæсугъд фæхудти, саурæсугъд зæгъы:

«Хъæдгæсæн уыд иу чызг, сагъæстæй уыд хызт,
Донгæрон йæ уæрыкк гогызтимæ хызт.

Фæлæ дард æврæгътæ, сау хæхты фæстæ
Уый йæхимæ сайдта диссаджы бæстæ:

Зымтæ уым фæуасынц, уым тæхы цæргæс,
Уым нындзыг къæмбыртыл арвы цъæхы бæрз.

Уым дзæбидыр рисгæ уады хъæр мысы,
Рагъсæрæй æнкъардæй дунемæ кæсы.

Уым сызгъæрин уадындз сау къæйтыл ныппырх...
О, фæсмон фæкæна, басæтта йæ тых, –

Кæд дæ цуры мæнæ уыцы чызг лæууы...
Кæд хæринаггæнæг фыййæутты хъæуы?»

## СКÆСÆЙНАГ ÆМДЗÆВГÆ

Фæсырдтой мæ, –
Кæй нæ зонын тæрсын...
Уæззау чырæ ныууагъта ам йæ фæдтæ.
Тыгъд быдыры рынчын уды фыдфын –
Дымгæсыгъд змисыл ‘рхаудысты мæ сæнттæ.

Ам теуатæн сæ риу сæтты тымыгъ,
Мæ цæстытæ мын уазал азæлд къахы,
Æбуалгъ ауæдзтæй зин-зындоны тых,
Æрра худтгæнгæ, змисы хуым фæлдахы.

Æрымысын æнахуыр фынты рухс,
Цъæх пальмæтæ, сыгъдæг суадæтты зарын.
Кæмдæр фæранк гæппæввонгæй ныхъхъус,
Мæн тугцæстыты тарф æрхуымæй мары.

Ӕмриу фембæлды амондмæ цæуын,
Ныххудынц мыл æхсыд ыстджыты схъистæ.
Мæ тугдадзинты сæфты тар «Нæ уын»,
Хъæрахстгæнгæ, адзалы нуазæн систа!

Цыфæнды уæд! Бæрæг зыны зæххыл
Мæ ауæдз цард æмæ мæлæтæн се ‘хсæн.
Нæ уыди куывд, – кæм нæ ракъахтон хыл.
Нæ уыди хыл, – кæм нæ уыд куыст мæ ехсæн!

## СКИФТӔ

Ирыстон –
Уый аргъау у нарты æвзагыл,
Ирыстон –
Уый сабийæ бадти
Сызгъæрин фын – сагыл.
Ирыстон йæ арцæй Хуыцауы фæнд ивта.
Зылдысты æнæнысан стæры
Ӕнæхæдзар скифтæ.
Ӕнæхæдзар скифтæ!
Кæд тохы уæ зæрдæ
Фæстагоныл сивта?
Цы баззад уæ фæдыл?
Адзалы уынæр æмæ мифтæ.
Ӕрвгæрон æнцайы
Уæ сæры къуыдыртыл.
Ӕгæрон быдыртыл
Кæйдæр ауон уайы.
Уый скифты æртхутæг
Йæхицæн нæ ары бынат.
Кæддæр уын хуыцæуттæ лæвæрдтой
Фыдгулы сæры цармæй худтаг,
Уæлахизы ронг æмæ фат.
Кæддæр уын æвæрдтой
Сызгъæрин фæлысты уæ мард,
Цæмæй уын уæ уæнгтæ
Зæххы æмуæз обæутты бын
Ныббæттой алæмæты згъæр æмæ фын.

Ӕнæмæлгæ барæгау
Згъорынц фæндæгтæ.
Бæхы хуыррытт...
Хъæр æмæ ахст...
Ӕндон цæхæр калынц цæфхæдтæ,
Мæлæты æгъатыр цъæхахст
Нæ фыдæлтæм худæгау каст,
Уыдис сæм æппæт дæр:
Къæйдурæй – нывæрзæн,
Нæргæ кад,
Ӕрвон уарзт,
Ӕхсар.
Нæ сæм уыд æрмæстдæр
Сæ мæрдтæн цыртдзæвæн,
Ӕгæстæн – къæсæр.
Цыдысты, цæмæй-иу сæ фæдыл
Фыдбылыз цæуа,
Фыдæлтæ æрмæстдæр гъе уымæн уыдысты,
Цæмæй-иу хъæбатырæй амæлæн уа!
Зæхх бафтыдтой арты,
Арв скъуыдтæ хæцъилау
Сæ джебогътыл систой.
Цы нæ уыди царды,
Уый домдтой Хуыцауæй,
Уый арвы кæрæтты
Хæстмондагæй агурын систой.
– О скифтæ!
Ӕнæхатыр скифтæ!
Ӕрлæууут!
Ӕрхауди фæндагыл уæ рифтаг,
Ӕрлæууут!
Уым ницы ис фæстагæтты номыл,
Ӕрлæууут!
Уæ фæндаг фæцæуы сæрсæфæны комыл,
Ӕрлæууут!
Ӕнæфæугæ стæрты
Уæ мыггаг цæрдудæй ныгæнут,
Ӕрлæууут!
Уæ цирхъытæй гутæттæ скæнут,
Хуымгæнæджы сагъæс уын фестæд фæндагсар!

Ис зæххыл æндæр цард.
Ис чиныг, ис базар,
Ис Рим,
Ис Элладæ!
Мæ фыдæл!
Ды тугкалæн тохтæй фæллад дæ,
Фæлæ дын нæй иу ран æрлæууыны бар:
Ды не скодтай зæххыл
Дæхицæн хæдзар.
Дæ фæстæ нæ баззад
Фæстагæттæн мулк.
Дæ буар дын æхсыны
Сыджыты бын зулкъ.

## ФÆСТАГ ÆМДЗÆВГÆ

Æрмæст æм иунæг уый уыди –
Йæ бæх –
Йæ ардбахæрд, йæ кæлæн,
Йæ бæх –
Йæ мулк æмæ йæ дин,
Йæ бæх –
Йæ цард æмæ йæ мæлæн.
Нæ йын уыд аргъ,
Нæ йыл уыд саргъ,
Уыди æнæ цæфхад йæ сæфтæг.
Фæндаг –
Цыбыр у æви даргъ –
Æрмæст æй иунæг уый æндæвта.
Нывдæттæг:
«Фесты уæрст
Фыдæх,
Æхца,
Æнцон амонд,
Мæнг сомы...
Уæртæ ма бастæй баззад бæх
Мæ кæрты –
Иу дæр æй нæ комы...

Тæрсы йын йе ‘рра тугæй зæхх,
Йæ рагъæй барджыты нынтъухы...»
О, уый цы бæх уыди, цы бæх!
Йæ разæй никæй уагъта дугъы.
Ныфс æмæ стъалыты æмбал –
Йæ идон скъуыдта...
Фæлæ йæ смидаг кодта скъæты
Йæ барæг –
Сайд æмдзæгъдæй хъал.
Хъысмæты стыр лæварæй не сси
Хъæздыгдæр,
Уарзондæр,
Хуыздæр.
Æз уыдтæн... уыцы,
Уыцы ‘взæр!
Мæ бæхы ном та хуынд Поэзи.

## ХОДÆГ

Ме знæгти æхсæн мин
Лимæн ке нæййес,
Уобæл нæй мæ хъурмæ,
Уобæл нæй мæ дес.
Ме ‘мбæлтти æхсæн дæр
Æзнæгтæ ке ес,
Уобæл нæй мæ хъурмæ,
Уобæл нæй мæ дес.
Ме ‘мбæлтти æхсæн мин
Лимæн ке нæййес,
Уобæл æй мæ хъурмæ,
Уобæл æй мæ дес.

*САЕБАЕТХЪУАТЫ Рамазан*

# ÆМХЪÆУККÆГТÆ

*Роман*

Уыцы сæрдыгон бон кæд Рагъыхъæуы цæрджытæй исчи йæхи æппæтæй амондджындæрыл нымадта, уæд уый уыдис Уæздæнты Таймураз. Лæппу хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæцис астæуккаг скъола, райста йæ аттестат æмæ ныр цингæнгæ уади сæ хæдзармæ. Афонмæ йæм йæ мад Бадинæ сæ кæрты дуарæй ракæс-ракæс кæны. Таймуразы фæнды уынгты азгъорын, фæлæ тæрсы, искæй зæрдæ йыл куы фæхуда, уымæй. Изæры хъуамæ сæ кълас фæстаг хатт æрæмбырд уой скъолайы. Алкæй номыл дæр ныййарджытæ æрбарвитдзысты ирон хуын. Таймуразæн дæр Бади æртæ чъирийæ зæрдæ бавæрдта, кæд дзуллаг æмæ цыхтыл фæхæст уа, уæд. Хæст куы банцад, уæдæй нырмæ бирæ нæ рацыд, æмæ адæм сæ мæгуырдзинадæй нæма фервæзтысты. Искуы куывд кæнæ хист куы вæййы, уæд сыхы устытæ фыр тыхстæй сæхицæн бынат нал фæарынц: рагацау сæ кæрæдзимæ ссадгур разгъорбазгъор байдайынц. Дзуллаг ссарын кæмæн нæ бантысы, уый æппын фæстаг нартхоры ссадæй дæр уæлибæхтæ скæны. Мæгуырдзинад адæймагæй цы нæ домы...

Кæд колхоз адæмæн сæ фæллойбонтæн ницы дæтты, уæддæр, йæ хæдзары лæг кæмæн ис, уыдонæн чысыл æнцондæр у. Бадинæмæ та Таймуразæй уæлдай фæкæсæг

нæй. Ноджы ма фæстаг азты хус рæстæг дæр скодта, æмæ сæ цæхæрадоны ницыуал зайы. Хистæртæ дзурынц, уый хæсты тыххæй у, зæгъгæ. Адæмыл, дам, Хуыцауы зæрдæ фæхудти, бомбæтæ æмæ сармадзанты нæмгуытæй зæхх кæй сфæйлыдтой, уый тыххæй. Хъæубæстæ арæх куывдтæ дæр бæргæ фæкæнынц, фæлæ уæддæр арвæй дæлæмæ цæмæндæр уарыны æртах нæ хауы. Хорз, æмæ ма дыргъ бæлæстыл чысыл цыдæртæ æрзайы. Æххормаг сывæллæттæн иуцасдæр хи аирхæфсыны фаг свæйййынц.

Куыддæр Таймураз хæдзары къæсæрыл бахызти, афтæ пецы цур арынгимæ архайгæйæ ауыдта Бадинæйы. Мады цæсгом æваст фырцинæй хурау ныррухс и.

– Уæ аттестаттæ уын радтой? – лæппуйы къухы цавæрдæр гæххæтт бафиппайгæйæ, сонтæй афарста Бадинæ, стæй йын йæ дзуапмæ дæр нал фæкасти, афтæмæй йыл йæхи цингæнгæйæ баппæрста.

Бадинæ рагæй дæр хиуылхæцгæ адæймагыл нымад уыдис, æмæ йæ ныр Таймураз ахæм уавæры куы федта, уæд куыддæр фæуыргъыйау. Фыр дисæй иуцасдæр йæ бон сдзурын дæр нал уыдис.

– Цæй ма, Бади, исты дын мыййаг институт каст куы нæ фæдæн, – мады мæллæг уæхскыл йæ къух авæргæйæ æфсæрмхуызæй загъта Таймураз.

– Хуыцауæй разы! Кæд искуы уый дæр фæуис, æмæ дæ фыды бæллиц сæххæст уаид... – Бадинæйæн æвиппайды йæ хъæлæс барызт, æмæ йæ ныхас æрдæгыл фескъуыди...

Таймуразыл дæс азы йеддæмæ нæ цыд, хæст куы райдыдта, уæд. Хъæуы фыццагдæр кæмæ фæсидтысты, уыдонæй иу уыдис йæ фыд Дзантемыр. Лæппу йæ зæрдыл бадардта, къуырийы дæргъы, сæ сыхы хæстмæ акæнын кæмæн æмбæлдис, уыцы нæлгоймæгтæй иу дæр куыд нæуал баззадис, уый. «Фæндаггоны фæстæ кæуын не 'мбæлы», – дзырдтой хистæртæ, æмæ сылгоймæгтæ сæ цæссыгтæ 'мбæхстой. Бадинæ дæр иннæтау искæй раз кæуын нæ уæндыд. Фæлæ-иу хибарæй куы аззадис, уæд-иу сусæгæй йæ тыппыртæ суагъта. Таймураз-иу æхсæвыгæтты арæх райхъал йæ мады кæуынмæ, уæлдайдæр та хæсты быдырæй æртæтигъон писмотæ куы нæуал истой, уæд.

– Бади... Уæ Бади, кæугæ та кæныс? – тарст хъæлæсæй-иу афарста лæппу йæ мады æмæ-иу йæ хуыссæны рабадт.

– И? Цы зæгъыс? – цыма-иу раст уыцы минут фехъал, йæхи-иу уыйау акодта Бадинæ.

– Кæугæ та, зæгъын, кæныс? – ногæй та-иу æй афарста Таймураз.

– Нæ... Уый та цавæр куыд у? Исты мыййаг сывæллон дæн? Уæдæмæ та, æвæццæгæн, цавæрдæр ницæйаг фын уыдтон. Куыствæлладæй адæймаджы цæстытыл цы нæ ауайы...

– Æмæ, уагæр, цы федтай дæ фыны? – сцымыдис-иу læппу.

Фæлæ та йын-иу Бадинæ иннæ хæттытау иухуызон дзуапп радта:

– Æмæ ма йæ зоны? Куы мæ райхъал кодтай, уæд мæ мæ фын æрбайрох... Цæй, бафынæй у, кæннод райсом скъоламæ байрæджы кæндзынæ...

Фыццаг хатт йæ мады хъæрæй кæугæйæ федта Таймураз, постхæссæг сæм Дзантемыры æнæбæрæгæй фесæфты гæххæтт куы æрбалæвæрдта, уæд. Уынæрмæ уайтагъд сыхы устытæ амбырд сты Бадинæйыл æмæ йæ сабыртæ кæныныл фесты.

– Оххай гъе! Рагацау бæстæ дæ сæрыл цы систай? Дæ лæппуйы куы фæтæрсын кодтай, – се 'ппæтæй хъæрдæрæй дзырдта устытæн сæ зæронддæр Хæбæлон. – Кæд дæ бæлццон æгас у, уæд та? Чи зоны, æмæ дын Лæгтыдзуары фæрцы æнæфыдбылызæй баззайа.

Хъæуы цæрджытæй хæсты быдырæй æнæсæрбæрæджы фесæфты гæххæттытæ бирæтæ райстой, фæлæ сæ йæ бæлццоныл рагацау ничи хъыг кодта. Алчи дæр ма сæ йæ зæрдæ цæуылдæр дардта, æнхъæлмæ касти цавæрдæр диссаг æрцæуынмæ. Рахъыг-иу кодтой, æрмæстдæр йæ марды хабар кæмæн сыхъуысти, уыл. Уымæ гæсгæ Бадинæ æппынфæстаг йæ сæрбæттæны кæронæй йæ цæссыгтæ асæрфта æмæ хатыркурæгау сдзырдта:

– Афтæ лæмæгъ кæй разындтæн, уый хорз бæргæ нæу, фæлæ мын Таму писмо куы бакаст, уæд цæмæндæр мæхи нал баурæдтон...

Уыцы хабары æрцыды фæстæ Бадинæйæн йæ бакаст уайтагъд фендæрхуызон: йæ раздæры ирдцъæр цæсгом быntондæр ныттар ис, йе 'рттиваг сау цæстытæ ахуыссыдысты, йæ дзыхы кæрæттæм æввахс йæ рустыл фæзынди лыстæг æнцъылдтæ.

– Чызгæй дурын куклайы хуызæн куы уыдтæ, уæд дыл ныр цы 'рцыди? – Иухатт Бадинæ Таймуразимæ лæгуæрдонæй куыроймæ се ссинаг куы фæцæйласта, уæд æй фæндагыл афарста

хъæуы зæронд лæгтæй чидæр, æмæ йæм лæппу æвиппайды æрбамæсты.

– Цы бакæнон? – аххосджынхуызæй йæ мидбылты бахудти Бадинæ. – Мæ цард куыд у – мæ уынд дæр афтæ.

– Мæ фыртæн мын куы бакуымдтаис, уæд дæ мах дæ къух уазал доны атулын дæр бæргæ нæ бауагътаиккам.

Таймураз рахъавыд зæронд лæгæн исты маст ныхас зæгъынмæ, фæлæ афоныл йæ зæрдыл æрбалæууыд, æдзух ын Бадинæ, хистæрмæ фæстæмæ дзурын не 'мбæлы, зæгъгæ, кæй акæны, уый, æмæ цыдæр амæлттæй йæхи баурæдта.

Уымæй фæстæмæ лæппу аивæй уæлдай арæхдæр кæсын байдыдта йæ ныййарæджы цæсгоммæ. Йæ цæстæнгасмæ гæсгæ йын æдзух хатыдта йæ зæрдæйы уаг. Æмбæрста, мад фыр мæтæй йæхицæн иу ран бынат кæй нæуал фæары, уый. Уæлдайдæр та, хæсты быдырæй искæмæн йæ зианы хабар куы сыхъуысы, уæд. Таймуразæн йæ бон цы уыдис, уымæй архайдта йæ ныййарæджы схъæлдзæг кæныныл: касти йын, худæджы цаутæ æвдыст кæм цыдис, ахæм уацмыстæ; фæзмыдта йын киноныв «Аршин Малалан»-ы архайджыты, кодта сын сæ зарджытæ. Бадинæйы цæсгомиу рæстæгмæ фæрухс ис, стæй та-иу ногæй райста йæ фыццаджы 'нгæс. Хатгай-иу Таймуразмæ афтæ фæкаст, цыма йæм йæ мад хъусгæ дæр нæ кæны, æмæ-иу æнæбары ныссабыр ис.

– Уæнгхъуагæй ма йæ уæддæр куы фенин! – хæлæггæнæгауиу сдзырдта Бадинæ, искæмæн-иу йæ бæлццон хæстæй æнæ къах, кæнæ æнæ къухæй куы фæзынди, уæд.

Уалынмæ хæст банцад. Адæмæй ма æгасæй чи баззад, уыдонæй алчидæр ссардта йæ хæдзар. Уæддæр ма Бадинæ фыццагау æнхъæлмæ касти йæ мойы раздæхтмæ.

– Дæ фыд дунейыл нал ис, уый мæ нæ уырны, – афтæ арæх дзырдта Таймуразæн.

Ноджы ма кæмæйдæр фехъуыста, хæсты рæстæджы Дзантемыры, уацары чи бахауд, уыцы салдæттимæ фендæуыд, зæгъгæ, æмæ рæстæгмæ фæныфсджындæр, кæд хабар æцæг у, æви мæнг у, уый нæ зыдта, уæддæр...

Бирæ алыхуызон хъуыдытæ февзæрд Таймуразы сæры, цалынмæ йæ мадимæ хæдзары астæу лæууыд, уæдмæ.

– Фыр цинæй мæ дæ аттестат мæ къухмæ райсын дæр æрбайрох ис, – æрæджиау аххосджынхуызæй сдзырдта Бадинæ. – Равдис ма йæ.

Лæппу, йæ къухы цы газетты тыхтон уыдис, уый халынмæ фæци.

– Мæ бæрæггæнæнтæ се'ппæт уыйас бæллиццаг нæ рауадысты... – йæхи растгæнæгау бафиппайдта Таймураз. – Алгебрæ æмæ мæ геометрийæ мæхиуыл фылдæр кусын хъуыд.

– Уым ды аххосджын нæ дæ. Фылдæр хатт дæ, мæгуыр, чиныгмæ æркæсынмæ æвдæлгæ дæр нæ кодта – мæ бæсты куы хъæдмæ цыдтæ, куы – куыроймæ. Дæ фыд нæхимæ куы уыдаид, уæд дæ уый ахуырæй дарддæр, бæргæ, ницы бадомдтаид. Кæд йæхæдæг зæхкусæгæй баззад, уæддæр дын дæ алы хорз бæрæггæнæныл дæр хуымæтæджы нæ цин кодта. Таму нын ахуыргæнæг суыдзæн, зæгъгæ-иу дзырдта... – Ацы ран æнæнхъæлæджы мадæн æваст йæ зæрдæ æрбауынгæг.

– Хъуамæ йын æз йæ фæндон æцæгдæр сæххæст кæнон, – фидарæй загъта Таймураз. – Мæ зæрды педагогон институты литературон факультеты фæсаууоны ахуыры хайадмæ бацæуын ис.

– Уый та куыд? – тарстхуызæй йæ афарста Бадинæ. – Нæ, нæ, мæ къона, фæсаууонмæ ахуыры кой мын ма кæн. Де 'мбæлттæй дæ фæхицæн уæвын нæ бауадздзынæн!

– Æмæ дæ уæдæ иунæгæй ныууадзон? – æрбатыхсти Таймураз. – Фæлтау кусгæ дæр æмæ ахуыр дæр кæндзынæн.

– Уæд мын мæ мард фен, мæн тыххæй нæхимæ куы баззайай... – Йæ цæнгтæ хæрдмæ стылдта Бадинæ. – Æз ацы боны 'рцыдмæ куы бæллыдтæн, уæд мын мæ цин цæмæн мæнг кæныс?

Бадинæ æцæгдæр хиуылхæцгæ адæймагыл нымад уыдис, фæлæ йæ ныр Таймураз ахæм уавæры куы ауыдта, уæд хæлиудзыхæй аззади.

– Æнæ мæнæй куыд цæрдзынæ? Куы фæрынчын уай, уæд дын дон та чи бадæтдзæн? – æрæджиау æй сагъæсхуызæй бафарста Таймураз.

– Мæныл ма тыхс! Исты амæлттæ кæндзынæн, – фидарæй загъта Бадинæ. – Æрмæст мæм-иу хуыцаубонты фæзын...

Таймураз æнæбары сразы ис йæ мады фæндоныл.

* * *

Скъола каст чи фæци, уыдон – чызгæй, лæппуйæ – изæрæй æрæмбырд сты физкультурæйы залы. Таймураз дзы бирæтыл бафиппайдта бæрæгбоны дарæс. Йæхиуыл дæр ын Бадинæ тыххæй скæнын кодта Дзантемыры дæрдджынгомау сау сатин

хæдон æмæ цъæх сгæллад хæлаф. Ногæй йыл уыдис æрмæстдæр хæцъилдзабыртæ. Таймуразмæ афтæ каст, цыма йæ фыды дарæсы бынтон æндæрхуызон фæци æмæ иуцасдæр, йæхи фыр æфсæрмæй цы фæкодтаид, уый нал зыдта. Исдуг æм фæзынди сæхимæ ацæуыны фæнд дæр. Фæлæ ма сæ къласы лæппутæй иуæй-иуты кæйдæр уæрæхгомау дарæсты куы федта, уæд чысыл йæ чемы æрцыди.

Фæсивæдæй æппæтæй арæзтдæр уыдис колхозы сæрдары фырт Болат. Ууыл диссаджы рæсугъд фидыдта, йæ мады ‘фсымæр ын Германæй лæварæн цы зынаргъ морæ костюм сласта, уый. Лæппу хорз æмбæрста, чызджытæ йæм уæлдай арæхдæр кæй бакæс-бакæс кæнынц, уый æмæ хъалхуызæй алырдæм дзырдæппарæныл нал ауæрста.

– Фæндыр ныры онг стъолыл цæмæн лæууы? – Болат худæнбылæй Заретæйырдæм бакаст. – Æви дзы ацæгъдынмæ йæ ныфс ничи хæссы?

Уыцы дзырдтæм чызгæн æваст йæ цæсгом фæсырх и. Ноджы йæ фæйнæрдыгæй йе ‘мбæлттæ ацæгъд, зæгъгæ, иу ран куы нал уагътой, уæд цæмæндæр бынтондæр ныфсæрмы ис. Заретæмæ кæсгæйæ, уыцы рæстæг Таймуразæн улæфт нал фаг кодта, цыма чызгмæ нæ, фæлæ уымæ хатынц, ацæгъд, зæгъгæ, уыйау.

Заретæ æмæ Таймураз параллелон къæлæсты ахуыр кодтой. Уымæ гæсгæ кæрæдзийыл æмбæлдысты æрмæстдæр скъолайы кæрты, кæнæ уынджы. Таймураз æй хъуыды дæр нал кодта, фыццаг хатт чызгмæ йе ‘ргом кæд аздæхта, уый. Æрмæст йæ зæрдыл бадардта, урочы кæрон-иу дзæнгæрæг куы ныццагътой, уæд-иу скъоладзауты разæй æддæмæ куыд разгъордта æмæ-иу уайтагъд, Заретæ цы къласы ахуыр кодта, уый дуармæ йæ цæстытæ куыд ныццавта, уый. Чызг-иу йе ‘мбæлттимæ къæсæрыл куы фæзынд, уæд-иу Таймуразæн æвиппайды йæ зæрдæ сгуыппгуыпп кодта. Заретæйы рæсугъд хъæлæс, йæ мидбылты бахудт лæппуйæн лæвæрдтой цавæрдæр æнæмбаргæ æхсызгондзинад. Фæлæ-иу чызг исты хуызы Таймуразырдæм куы разылд, уæд-иу æнæнхъæлджы фæтарст, йæ зæрдæйы уаг ын куы бамбара, уымæй, æмæ-иу æнæбары йæхи искæй ауузоны фæкодта.

Иубон та Таймураз Заретæйы ауыдта чызджытимæ къласæй рацæугæйæ æмæ æваст йæ бынаты сагъдауæй аззади. Уыцы минут кæцæйдæр йæ цуры февзæрди йæ хуыздæр æмбал Мурат.

– Кæмæ кæсыс, кæмæ? – цымыдисæй йæ афарста уый.

– Цы? Æз… цы загътай? – Таймуразæн йæ цæстыты уæлтъыфæлттæ стыбар-тыбур кодтой.

– Кæмæ, зæгъын, кæсыс? – Мурат ын йæ рæмбыныкъæдзæй йæ фарс басхуыста.

Таймураз ын исдуг дзуапп радтынмæ нал арæхст. Ноджы ма куы бамбæрста, йæ цæсгом æфсæрмæй куыд ссыгъд, уый, уæд бынтондæр багоби ис.

– Куы ни… никæмæ кæсын, – æрæджиау къуызгæйæ сдзырдта Таймураз æмæ йæхи йæ дзабыримæ архайæг акодта.

Уæвгæ та йæ бирæ хæттыты бафæндыд Муратæн йæ сусæгдзинад раргом кæнын, фæлæ тарст, куы нæ йæ бамбара æмæ йыл куы фæхуда, уымæй. Ноджы ма йæ мæстæй марын дæр куы райдайа. Нæ, фæлтау уал йæ зæрдæйы æнкъарæн æмбæхсдзæн.

Æрмæстдæр дæсæм къласы баууæндыд Таймураз Муратæн йæ уарзондзинады кой ракæнын. Уæдмæ Заретæйæ рауад бæрзондгомау, нарæгастæу, ирдцъар, сауцæст, сауæрфыг чызг. Канд скъолайы нæ, фæлæ ма суанг æгас хъæуы дæр йæхицæй рæсугъддæрыл нымад ничиуал уыд. «Тæхудиаг у Дзыгыда, ахæм чызг кæмæн рахъомыл», – дзырдтой адæм Заретæйæн æрмæст йæ уынд, йæ конд нæ, фæлæ йæ хæларзæрдæ æмæ йæ уæздандзинады тыххæй дæр.

– Исты хуызы йын дæ зæрдæ раргом кæн, кæннод исчи дæ разæй фæуыдзæн, – барæй-иу Таймуразы тæрсын кодта Мурат.

– Нæ, нæ! Цытæ дзурыс?

– Уæдæ афтæ кæдмæ удхар кæндзынæ?

– Чысыл ма банхъæлмæ кæсон… «Нæ» мын куы зæгъа…

Иу изæр Таймураз цыдæр хуызæтты Бадинæйæн Заретæйы кой ракодта.

– А-а-а… Зонын æй, зонын, уый Дзыгыдайы чызг у, – цингæнгæйæ бафиппайдта мад. – Хæстæг нын куы æййафынц.

Фæстаг дзырдтæм Таймуразæн йæ цæстытæ атартæ сты. Лæппумæ афтæ фæкаст, цыма йæ зæрдæйы тугдадзинтæ фескъуыдысты, уыйау, æмæ æнæбары йæ риумæ февнæлдта. Фæлæ йын мад йæ уавæрæн ницы бамбарста æмæ дарддæр йæ ныхас кодта:

– Дзыгыда мыл искуы куы амбæлы, уæд мын диссаджы хъæбыстæ фæкæны. Нæ фыдæлтæ иумæ куыд хорз цардысты, уый нæ дыууæ дæр æрымысæм…

– Æмæ нын, уагæр, цы бавæййынц? – æрæджиау æнæбары сирвæзти лæппуйы дзыхæй.

– Дзыгыдайы фыды фыд æмæ мæ фыды фыд Хъуыдаккаты хæрæфырттæ уыдысты, – сæрыстырæй дзуапп радта Бадинæ, æмæ Таймураз мæстæлгъæд худт бакодта.

– Тæрхъусы басы бас... – Йæ къух ауыгъта лæппу. – Дæуæн та адæм иууылдæр дæ хæстæджытæ сты.

– Уый та куыд, мæ хъæбул? – ныддис кодта Бадинæ. – Ирæттæ мыййаг нал стæм? Хæстæг цы у, уый нал æмбарæм?

Мад ма цыдæртæ дзырдта хæстæгдзинады тыххæй, фæлæ йæм лæппу нал хъуыста. Уый æнæрынцойæ хъуыды кодта Заретæйыл, æмæ йæ зæрдæ бынтондæр ныддур ис.

Уыцы изæрæй фæстæмæ Таймураз йæхицæн иу ран бынат нал ардта. Иудадзыг йæ хъустыл уадысты Бадинæйы ныхæстæ æмæ йæ сагъæсты æфтыдтой.

Мæнæ та ныр дæр физкультурæйы залы, Заретæмæ кæсгæйæ, уыдон йæ зæрдыл æрбалæууыдысты, æмæ фенкъарди.

– Фæндыр дæм мæхæдæг куынæ авæрон, Заретæ, уæд æй дæхæдæг, æвæццæгæн, айсинаг нæ дæ, – хъæрæй загъта Болат, æмæ Таймуразæн йæ хъуыдытæ фескъуыдысты.

Уæдмæ Болат стъолæй фæндыр фелвæста æмæ йæ худæнбылæй Заретæмæ бадардта.

– Айс æй рæвдздæр, кæннод дзы мæхæдæг цæгъдын райдайдзынæн, – чызг фæндыр куы нæ иста, уæд барæй йæхи фæтызмæгхуыз кодта Болат.

Лæппуйы ныхæстæм чызджытæ æмхуызонæй ныккæл-кæл кодтой. Æфсæрмхуызæй бахудти Заретæ дæр, стæй уæд зивæггæнæгау фæндыр йæхимæ айста, сабыргай йын йæ тæнтæ фæйнæрдæм аивæзта. Чызгæн йæ лыстæг æнгуылдзтæ фæндыры амонæнтыл куыд тагъд згъордтой, уымæй бæрæг уыдис, цæгъдынмæ тынг дæсны кæй у, уый. Болат йæ цурæй иуварс нал цыди. Фæстагмæ фæндыры цагъдмæ азарыныл дæр афæлвæрдта, фæлæ йæм бахъырнæг куы нæ фæцис, уæд æнæбары фенцади, æрмæст уæддæр Заретæйæ йæ цæст нал иста. Таймураз æм йæхимидæг мæсты кæнын райдыдта, чызгмæ афтæ æдзынæг кæй касти, уый тыххæй.

– Ахæм дæсны цæгъдынмæ мæрдтæ дæр куы рабаддзысты, уæд æнцад куыд лæуут, æви уеппæтдæр къуылыхтæ фестут? – Иу заман та йе ‘мбæлтты хъæрæй афарста Болат æмæ, йæ цæнгтæ хæрдмæ фелвасгæйæ, залы астæумæ рагæпп ласта.

Уайтагъд чызджытæн сæ тæккæ уæндондæр – Зæриффæ – йæ рæзты сиргæ рацыд.

– Осс-сса! – фæхъæр кодта Болат æмæ йæ фæдыл кафгæ атырныдта.

– Уый дын лæппу, гъе! – райхъуысти фæстæрдыгæй кæйдæр дисы хъæлæс. – Артист нæу, артист!

Уый айхъусгæйæ, Болат йæхиуыл нал ауæрста: куы иу чызджы цур йæ къахфындзтыл алæууыд, куы та-иу кафгæ-кафыны йæ бынаты цъилау ныззылди.

Чызг æмæ лæппуйы алыварс бæстæ æмдзæгъд сси.

– Ахæм ма дзы кафаг уыдзæн!

– Цымæ, ныры онг йæ дæсныдзинад куыд æмбæхста?

– Ныридæгæн æй ансамбльмæ айсæн ис! – алырдыгæй хъуысти æппæлæн ныхæстæ, æмæ Болат йæ кафынæй нал æнцад.

– Мæнæ куыд бафæлладтæн! – тыхулæфтгæнгæйæ сдзырдта Зæриффæ. – Исчи ма мæ аивæд.

– Æз акафдзынæн йемæ, æз, – чызджыты ‘хсæнæй рахызт Агуындæ. – Уæдæ ма мæныл дæр фæуæлахиз уæд!

Болат кафын байдыдта Агуындæимæ. Иуварсæй кæсгæйæ, зын раиртасæн нæ уыд, лæппу йæ уæнгтæ раздæрау рог кæй нæуал исы, уый. Йæ цæсгомыл дæр фæзынди хиды фæрдгуытæ, йæ къæбæлдзыг хуылыдз бецыкк йæ фæтæнгомау ныхыл баныхæсти, фæлæ уæддæр йæ кафт нæ уагъта. «Куыд рæсугъд ыл фидауы йæ костюм!» – ахъуыды кодта Таймураз, æмæ цæмæндæр йæ зæрдыл æрбалæууыдысты Бадинæйы дзырдтæ:

– Уынд æмæ мын кондæй дæ фыды бынтондæр цæрмæстыгъд бакодтай. Йæ дарæс дæр дæ уæнгтыл диссаджы хорз бады. Изæры уæ къласы, æвæццæгæн, дæуæй аивдæр ничи уыдзæн.

Æмæ уæд Таймураз дæр йæхи кæсæны цурмæ байста. Куыддæр дзы йæхи ауыдта, афтæ фыр цинæй йæ зæрдæ сгуыпп-гуыпп кодта... Уартæ йæ фыды фæтæн ных, йæ бæзджынгомау сау æрфгуытæ, рæсугъд хъоппæг цæстытæ, раст цыбыр фындз, тæнæг былтæ, тымбыл роцъо. Таймураз кæд Дзантемыры хуызистмæ арæх касти, уæддæр нæ зыдта, æнгасæй æцæгдæр афтæ тынг æмхуызæттæ кæй рауадысты, уый æмæ исдуг йæ цæстытæ айдæнæй нал иста.

– Æвæццæгæн, уæ къласы лæппутæй дæуæй аивдæр дарæс никæуыл уыдзæн, – цингæнгæйæ загъта Бадинæ, Таймураз æм æфсæрмхуызæй йе ‘ргом куы раздæхта, уæд.

Лæппу йæ мады ныхæстыл куыд хъуыды кодта, афтæ та Болат «осса», зæгъгæ, йæ къахфындзтæ æрсагъта.

«Болаты куы фенис, Бади, Болаты, уæд дæм мæ дарæс афтæ

аив нал фӕкӕсид, – зына-нӕ-зына базмӕлыдысты Таймуразы былтӕ. – Нӕ чызджытӕ та йӕ цымыдисӕй къахӕй сӕрмӕ хуымӕтӕджы нӕ барынц».

Болаты фӕстӕ лӕппутӕй иуцасдӕр рӕстӕг акафын ничиуал уӕндыд.

– Цӕй-ма, исчи уӕ рахизӕд, – лӕппутӕм уайдзӕфгӕнӕгау бадзырдта чызджытӕй чидӕр. – Ӕви уе'ппӕт дӕр кафын нӕ зонут?

– Махӕй пецы цурӕй йеддӕмӕ ракафын ничи зоны, – худгӕйӕ йын дзуапп радта Мурат.

– Ӕмӕ ма уӕдӕ Болат сымахӕй уӕлдай сӕрмагонд скъола каст фӕци?

– Уыдонӕн сӕ уаты стыр кӕсӕн ис ӕмӕ, ӕвӕццӕгӕн, уый цур кафын сахуыр.

– Уӕдӕмӕ уый сымахӕй сӕрӕндӕр у!

– Адӕм иууыл ӕмхуызон кӕд вӕййынц?

Болат хъуыста уыцы ныхӕстӕ ӕмӕ бынтондӕр йӕхицӕй ныббуц ис.

– Ма кӕнут уын зӕгъын, кӕннод та мӕхӕдӕг ракафдзынӕн, – ӕмӕ сӕрыстырӕй йӕ цӕст лӕппутыл ахаста.

– Нӕ, нӕ, ды уал дӕ фӕллад суадз! Нырма дӕ хид куы кӕлы, – ӕмхуызӕнӕй схор-хор кодтой чызджытӕ. – Исчи ма йӕм къухмӕрзӕн авӕрӕд, кӕннод йӕхион ныххуылыдз.

Зӕриффӕ лӕппуйӕн газетӕй дымгӕ кӕныныл фӕци.

Заретӕ сабыргай цагъта фӕндырӕй. Таймураз фиппайдта, чызг хатгай аивӕй Болатмӕ кӕй скӕсы, уый ӕмӕ йӕхимидӕг уӕлдай тыхсын байдыдта.

– Цӕй, цы сфӕнд кодтай? Фӕсаууоны ахуыры хайадмӕ дӕтдзынӕ дӕ гӕххӕттытӕ? – ӕваст Таймуразы йӕ рӕмбыныкъӕдзӕй басхуыста Мурат.

– Цы? Цы загътай? – Таймураз ӕм дисхуызӕй бакаст.

– Дӕ гӕххӕттытӕ, зӕгъын, кӕдӕм дӕтдзынӕ? Фӕсаууоны ахуыры хайадмӕ?

– Ӕмӕ гъа. Нырма гуырысхотӕ кӕнын. Бади дӕр мӕ фӕндоныл разы нӕу. Де 'мбӕлттӕй, дам, цӕмӕн фӕхицӕн уай...

– Тынг раст дын зӕгъы. Махӕй фӕсаууоны ахуыры хайадмӕ ничи цӕуы, – бафиппайдта Мурат, стӕй ма цӕмӕндӕр мынӕг хъӕлӕсы уагӕй йӕ ныхасмӕ бафтыдта: – Уӕртӕ цыма Болат дӕу хуызӕн литературон факультет равзӕрста, афтӕ цыма у.

– Заретæ та, Заретæ? – æнæбары сирвæзти Таймуразы дзыхæй æмæ, цыма йæхицæн искæмæй фехъусынæй фæтарсти, уыйау йæ цæст йæ алывæрстыл ахаста.

– Уый та, дам, Зæриффæимæ мединститутмæ цæудзæн, – хинхуызæй йын дзуапп радта Мурат.

– Æцæг? – сонтæй йæ ногæй афарста Таймураз.

– Уæдæ дæ сайгæ кæнын? Рагæй дæр, дам, уырдæм бацæуын у сæ бæллиц, – загъта Мурат, стæй йын сусæгæй йæ хъусы бадзырдта:

– Йæ бонæй уа, дохтыр къай кæмæн уыдзæн.

– Мурат! Уый цытæ дзурыс?! – Таймуразæн йæ цæсгом суанг хъусты онг сырх-сырхид афæлдæхт.

– Хъазгæ кæнын, хъазгæ, – Мурат Таймуразы цонгыл рæвдауæгау йæ къух æрхаста. – Цæуыл ныфсæрмы дæ? Æнæуи дæр Заретæ дæ хæстæг куы у.

Фæстаг дзырдтæ йын карды рæхуыстау фесты. Фæлæ йын Мурат йæ зæрдæйы уагæн ницы бамбæрста æмæ дарддæр йæ ныхас кодта:

– Æвæццæгæн, искæцы чызгæй, нæртон рæсугъд у, зæгъгæ, куы фæзæгъынц, уæд уый æнæмæнг Заретæйы хуызæн вæййы. Кæс-ма йæм, кæс, цы ‘рттиваг сау цæстытæ йын ис! Йæ цæсгомы хуртæ æмæ мæйтæ хъазынц. Æниу, йæ даргъ дыууæ дзыккуйы та? Æрмæст уыдон сæхæдæг дæр чызджы аргъ куы сты.

«Раст мæ цыма мæстæй мары!» – æнæразыйæ ахъуыды кодта Таймураз, хъæрæй та йын афтæ:

– Поэтæй мын куы агæпп ластай!

– Æмæ мæнг цы зæгъын? Болат дзы йæ цæстытæ хуымæтæджы нæ ныссагъта. Ноджы ма ацы изæр йæ ног джиппæйфыст къабайы уалдзыгон дидинæгау сæрттывта...

– Чызджытæ! Æвæццæгæн уæ искæимæ мæхи лæппуйы кафт кæнын бахъæудзæн! – тæргайхуызæй фæхъæр кодта Агуындæ æмæ залы астæумæ рахызт.

– Уый та куыд? – тызмæгæй йæ афарста Мурат. – Худинаг нæ кæныс? – Æмæ дын чызджы фæстæ расæррæтт ласта.

Заретæ фæндыры тæнтæ уæрæхдæр аивæзта, æмæ цагъды зæлтæ сæрдыгон гом рудзынгæй хъæуыл дардмæ азæлыдысты. Бæстæ æмдзæгъд сси.

Чызг æмæ лæппуйæн фыццаг сæ къахайст иумæ уыйас хорз нæ бадтис, æмæ сыл фæсивæд фæйнæрдыгæй пыррыччытæ кæнын байдыдтой.

– Йæ, Мурат, кæсгон кафт кæнын нæ зоныс æви цы? Чызгмæ дæ къах уæддæр сараз, – уайдзæфгæнæгау æм бадзырдта Болат æмæ йæ хъæлæсыдзаг ныххудти.

– Йæхæдæг мæм æй сараздзæн, – кафгæ-кафыны йын дзуапп радта Мурат.

Куыдфæстæмæ чызг æмæ лæппуйæн сæ къахайст фæиухуызон. Уалынмæ Заретæ рог кафты цагъд скодта. Æмдзæгъд фæтыхджындæр.

– Æпп-æй-гъа! – йæхи хæрдмæ фехста Мурат æмæ йæ къахфындзтыл алæууыд.

Таймураз фырдисæй хæлиудзыхæй аззад.

– Æпп-æй-гъа! Æпп-æй-гъа! – йæ алы фæхъæры фæстæ дæр йæ къахфындзтæ æрсадзы Мурат.

– Дæлæмæдзыд уæвгæйæ хæрдмæ цы тынг хауы! Пурти нæу, пурти! – дис кæнынц бирæтæ.

– Уый йын цавæр «æпп-æй-гъа» у, уый? – худгæйæ фæрсы чидæр.

– Æмæ уæдæ кафын нæ зоны æмæ ма хъæр дæр ма кæна? – былысчъилæй йын дзуапп дætты Болат.

– Куыд нæ зоны? – Йемæ нæ разы кæны Зæриффæ. – Тынг дзæбæх кафы...

Мураты фæстæ лæппутæ иууылдæр фæныфсджындæр сты. Таймуразмæ диссаг фæкаст, бирæтæ дзы кафын кæй зыдтой, уый. Иуæй-иутæм дзы Болат, æвæццæгæн, хæлæг дæр ма кодта. Дзæгъæлы-иу нæ фæтар йæ цæсгом, исчи-иу кафгæйæ дæснydæр фæзилæн куы равдыста, æмæ-иу чызджыты æхсæнæй æппæлæн дзырдтæ куы райхъуыстысты, уæд. Фæлæ та-иу лæппу уайтагъд йæхиуыл фæхæцыд. Уымæй нæ рох кодта, йæ хурсыгъд цæсгомыл йæ бахудт куыд рæсугъд фидауы, уый, æмæ иудадзыг йæ урс-урсид фæтæнгомау дæндæгтæ чызджытæм зыхъхъырæй дардта.

Таймураз цæмæндæр ракафынмæ йæ ныфс нæ хаста, афтæмæй ма-иу кæддæр бæгъæввадæй цъæх нæууыл йæ къахфындзтыл згъорыныл дæр фæлвæрдта. Æрмæст æм хъазты чегъре симынмæ куы фæсидти, уæд уый дæр æфсæрмыхуызæй иннæты æмрæнхъ æрлæууыд. Уайтагъд фæцарæхст фæсивæдимæ йæ къах саразынмæ æмæ йын куыддæр фенцондæр ис.

– Куыд дзæбæх симыс! – дисгæнгæ сдзырдта Агуындæ. – Æвæццæгæн, кафынмæ дæр дæсны дæ, фæлæ нæ уæндыс.

«Дæ бæсты мын афтæ Заретæ куы зæгъид!» – йæхинымæр бабæллыд Таймураз, æмæ æвиппайды йæ рустæ артау ссыгъдысты. Чысыл ма бахъæуа, æмæ йæ симдæй ма фæкъуыхцы уа, фæлæ афойнадыл йæхиуыл фæхæцыд.

– Нæ чызджытæ, æппын уæ Заретæйы чи аива, ахæм нæй? – хъæрæй бафарста Болат.

– Æмæ йæ цæмæн хъæуы ивын? – дисхуызæй йæм фæцырд и Зæриффæ.

– Куыд цæмæн? Кæд уымæ дæр асимын цæуы, уæд та? Тæригъæд нæу?

– Махæй Заретæйы хуызæн цæгъдын ничи зоны.

– Æз цæгъдынмæ тынг дæсны дæн, – загъта Зæриффæ.

– Ха-ха-ха! Цæмæ дæ дæсны?

– Дзыхæй цæгъдынмæ.

– Худæгæй нæ куы ‘рбамардтай.

– Афтæ мах дæр зонæм! – алырдыгæй райхъуыстысты чызджыты хъазæн ныхæстæ.

Болат æмæ Зæриффæ симдтой æппæты разæй. Иуварсæй кæсгæйæ афтæ зынд, цыма лæппуйæн йа туфлийы зæвæттæ æппындæр зæххыл не ‘ндзæвынц, æмæ йын бирæтæ йæ дæсныдзинадыл дис кодтой. Заретæйы бакомкоммæ Болат æваст Зæриффæйы цонг феуæгъд кодта æмæ йæ бынаты кафгæйæ цъилау ныззылди.

– Ехх! Нæ фæндырдзæгъдæгимæ æрмæст иу симд акæнæккаг афæдзы æмгъуыдæй æххуырсты бацæуыныл дæр бæргæ сразы уаин! – худгæйæ Заретæйырдæм бадзырдта Болат.

– Æмæ æз уымæй цауддæр дæн? – барæй йæм йæхи фætар кодта Зæриффæ.

– Дæуæй дæр æвзæрæй ницы зæгъæн ис, – сразы Болат. – Фæлæ уый цыкурайы фæрдыг у, цыкурайы!

– Ма кæ дын зæгъын, кæннод дæ иунæгæй симгæйæ фæуадздзынæн.

– Хъуамæ ды ахæм фыдзæрдæ ма разынай.

Таймураз сын хъуыста сæ ныхасмæ æмæ мæстæй йæхимидæг сыгъди. Уыйадыл ма иурæстæг йæ симдæй дæр фæкъуыхцы ис.

– Цæй тагъд бафæлладтæ? – Дисхуызæй йæм иуварсмæ бакасти Агуындæ.

– Уый та цавæр фæллад у? – цыма ницы ‘рцыд, ахæм хъæлæсы уагæй йæ афарста Таймураз. – Исты хъæдæй лæгуæрдонæй суг ласын?

Симды фæстæ залы дыууæ рæнхъæй рацарæзтой даргъ фынгтæ. Чызджытæ сыл уайтагъд æрæвæрдтой, ныййарджытæ скъоладзауты номыл цы хуынтæ æрбарвыстой, уыдон. Кæд уыцы аз мæгуыр рæстæг скодта, уæддæр фынгтыл фенæн уыдис алыхуызон хойраг: чъиритæ, хъæйла, карчы фыд. Болаты мад Косерхан ма суанг бæгæныимæ физонджытæ дæр æрбахаста.

Таймураз æнхъæл уыд, æмæ сæм ахуыргæнджытæ дæр æрбацæудзысты, фæлæ, дам, директор загъта, нæ цуры скъоладзаутæ æфсæрмы кæндзысты æмæ сæ сæхи бар уадзæм, зæгъгæ.

– Хистæрæн кæй æрбадын кæнæм? – фынгтæ куы сцæттæ сты, уæд лæппутыл йæ цæст ахаста Зæриффæ.

– Болаты! – фæхъæр кодта Агуындæ. – Уыдонмæ уазджытæ арæх вæййынц, æмæ нæ фынджы 'гъдау уымæй хуыздæр ничи зондзæн.

– Раст зæгъыс, Агуындæ, раст... Болат нын фынджы хистæр фæуæд! – æмхуызонæй схор-хор кодтой чызджытæ.

Болат йæхицæн лæгъзтæ нæ бацагуырдта, уый уайтагъд хъæлхуызæй фæраст ис фынджы рагъмæ.

– Мæн йеддæмæ уæм урсзачъе лæг нæй æмæ уын «нæ» куыд зæгъон? – Йæ амонæн æнгуылдзтæ йæ фындзы бын фæйнæрдæм акæнгæйæ, бæзджын хъæлæсæй сдзырдта лæппу, æмæ йын йæ ныхæстыл чызджытæ куы ныккæл-кæл кодтой, уæд уый дæр æваст йæ дзыхыдзаг ныххудти.

– Бæгæны ма йын рауадзут æмæ уал нын нæ чъиритæ акува, – Зæриффæ лæппуты раз графин æрæвæрдта.

– Цæй, æцæгдæр дзы зæронд лæг аразыс? – бустæхуызæй йæм фæзылди Агуындæ. – Кувын та кæцæй хъуамæ базона?

– Æфхæрыс мæ, нæ хо, æфхæрыс, – йæхи Агуындæмæ хъазгæйæ фæтар кодта Болат. – Фынджы хистæры бынатмæ йæ ныфс чи хæссы, уый кувынмæ кæй сарæхсдзæн, ууыл дызæрдыг кæнын хорз нæу.

– Хатыр дæ курын, нæ буц хистæр! – Агуындæ худгæйæ йæ къух йæ риуыл авæрдта.

Уыцы рæстæг чидæр Болаты къухы нуазæн фæсагъта.

– Фыдæлтæй нырмæ ирон адæм фыццаджыдæр Хуыцауы ном ссарынц, æмæ уыцы æгъдау мах дæр нал аивдзыстæм, – æппæт дæр æй куыд хъусой, афтæ хъæрæй кувын райдыдта Болат. – Мæнæ ацы рæсугъд фынгыл нæ алкæй номыл дæр цы 'ртæ чъирийы ис, уыдон не 'сфæлдисæгæн хъабыл уæнт!

– Оммен, Хуыцау! – æмхуызонæй фæхъæр кодтой лæппутæ.

– Нæ фидæн рухс куыд уа, нæ дарддæры ахуыры фæндагыл нæ къухы стыр уæлахиздзинæдтæ равдисын куыд бафта, ахæм амонд нæ фæуæд!

– Оммен, Хуыцау!

– Оммен!

Фæсивæд æм лæмбынæг кæй хъусынц, уый куы бамбæрста, уæд Болат бынтондæр йæхиуыл нал ауæрста: кæм-иу йæ хъæлæс бæрзонддæр фæкодта, кæм та-иу æй æнæнхъæлæджы дæлæмæ æруагъта. Уый дзырдта райгуырæн скъолайыл, ахуыргæнджытыл, нæ дзы ферох сты, хæстæй чи нæуал раздæхт, уыдон дæр... Ацы ран, цыма Болатæн йæ улæфæнтæ ахгæдтой, уыйау йæ ныхас æваст æрдæгыл фескъуыдта. Исдуг æнкъардхуызæй алæууыд, йæ нуазæнмæ кæсгæйæ, стæй арф ныуулæфыд æмæ та ногæй дзурын райдыдта:

– Хæсты заман махæн ахуыр кæнын æнцон нæ уыд. Алчи дæр нæ æййæфта æххормаг, скъоламæ цыдис бæгънæг, бæгъæввадæй...

– Уæлдайдæр та нæ колхозы сæрдары фырт... – Болат та йæ ныхасæй чысыл куы фенцад, уæд Таймуразы хъусы бадзырдта Мурат. Стæй йæ худгæйæ бафарста: – Цыма фæскомцæдисон æмбырды доклад кæны, афтæ дæм нæ кæсы?

– Æсс... Ма уынæр кæнут, – йæхи сæм фæтар кодта Агуындæ. – Йæ хъуыдытæ йын фехæлдзыстут.

Чызджы дзырдтæм Мурат Таймуразмæ хинхуызæй йæ цæст æрныкъуылдта. Лæппу зыдта, Агуындæ рагæй дæр Болатмæ уæлдай хорз зæрдæ кæй дары, уый. Ацы хатт дæр та йæ сæрыл хуымæтджы нæ рахæцыд.

– Мæн уырны, цыппар азы фæстæ нæ бирæтæ дипломтимæ нæхи хъæумæ кæй æрыздæхдзысты, уый. Чи нæ ахуыргæнæг уыдзæн, чи – дохтыр...

– Цы рæсугъд дзуры! – æвиппайды фæхъæр кодта Агуындæ, æмæ йæм Болат разыйы хуызæй бакаст...

– Айс æй, аназ æй, ахуыпп æй кæн! Айс æй, аназ æй! – Болат дзырд куы фæци, уæд цъæхснаг хъæлæсæй ныззарыд Зæриффæ.

Уайтагъд зард æмæ фæндырцагъд сиу сты...

Суанг æнафонтæм фæбадтысты фæсивæд. Алырдыгæй хъуысти хъазæн ныхас, худын. Æрмæст Таймуразы цæсгом иудадзыгдæр æвдыста цавæрдæр æнæмбаргæ æнкъарддзинад æмæ

сагъæс. Фæлæ йын, йæ амондæн, йæ зæрдæйы уаг ничи иртæста.

Таймураз уыдта, чызджытæй бирæтæ Болаты цæстæнгас сæхимæ аздæхыныл кæй архайынц, уый. Чи йæм-иу мидбылты бахудт, чи та йæм-иу хай балæвæрдта. Фæлæ лæппу йæ каст æрмæст Заретæмæ скодта.

– Уыци-уыци, уæдæ та ацы изæр мæйтæ æмæ хуртæ кæй цæсгомыл хъазынц? – иузаман худæнбылæй Зæриффæйы афарста Болат, стæй йын йæ дзуапмæ дæр нал фенхъæлмæ каст, афтæмæй йын йæ сæрæй Заретæмæ ацамыдта. Уый ауынгæйæ, Таймураз æвиппайды йæхимидæг бынтондæр æрбамæсты.

– Цæй-ма, ды та æдзух уымæй феппæлыс, – Болатæн мæстыхуызæй бауайдзæф кодта Агуындæ. – Бынтондæр мын æй уæларвмæ куы систай!

– Æмæ дын уый та афтæ хъыг цæмæн у? Æви йын йæ рæсугъддзинадмæ хæлæг кæныс?

– Рæсугъд мит дæр у, æмæ дзы къæхтæ сийынц.

– Уыцы æмбисонд Заретæмæ нæ хауы, – йæ сæр æм «нæ», зæгъгæ, батылдта лæппу.

– Тынг раст зæгъыс, Болат, – йæ ныхас сæм баппæрста Зæриффæ. – Заретæ канд рæсугъд нæу, фæлæ ма кæмæйдæрты хъауджыдæр ноджы сæрæн æмæ хæларзæрдæ дæр у.

– Искæмæн характеристикæ авæрынмæ та нæм дæуæй дæсныдæр нæй, – æфхæрæгау æм бакаст Агуындæ, стæй ма уæд йæ дзырдтæм бафтыдта:

– Иумæ хæлæрттæ куы нæ уаиккат, уæд æй афтæ тынг не стауис.

Заретæ хъуыста уыцы ныхæстæ æмæ, фыр тыхстæй йæхи цы фæкодтаид, уый нал зыдта. Ноджы ма чидæр хъазгæйæ куы загъта, Болат нын уарзондзинады къæппæджы бахаудта, зæгъгæ, уæд чызг бынтондæр ныфсæрмы ис.

– Уæ патефоны пластинкæ иннæрдæм аивут, – сбустæ сыл кодта Мурат. – Æви, фынджы уæлхъус æндæр цæуыл дзурат, уый уын нал ис?

– Æмæ уæдæ дунейы ахсджиагдæр фарстатæм ахизæм? – мæстæймарæгау æм бахудти Болат. – Историмæ дæу хуызæн дæсны мыййаг куы не стæм.

– Цæй цыргъзонд дæ! – йæ къухтæ кæрæдзиуыл æрцавта Мурат.

– Уый фынджы хистæрмæ куыд уæндыс? – хъазгæйæ йæ

афарста лæппутæй чидæр. – Æви дæхицæн сау бæгæныйæ фæивар кæнынæй нæ тæрсыс? Æмæ та дæ уæд расыгæй уæхимæ чи хæсдзæн?

Фæсивæд æмхуызонæй куы ныккæл-кæл кодтой, уæд Мурат дæр æнæбары бахудтис.

Таймураз бафиппайдта, куыд фæстæмæ Заретæ йæхи хуыздæрæй-хуыздæр кæй æмбарста, уый æмæ йын чысыл фенцондæр ис.

Фынгтæ куы систой, уæд ма фæсивæд иуцасдæр рæстæг абадтысты. Бирæтæ дзы дзырдтой, сæ гæххæттытæ кæдæм дæтдзысты, ууыл. Куыд рабæрæг, афтæмæй сæ фылдæр равзæрстой педагогон институт. Болат, литературон факультетмæ кæй цæудзæн, уый йе 'мбæлттæн куы фехъуысын кодта, уæд дзы иуæй-иуты дисы бафтыдта: лæппу, программæтæм хаст цы уацмыстæ нæ уыд, уыдонæй иу дæр никуы бакаст. «Æз мæ рæстæг кæйдæртау романтæ кæсыныл нæ хардз кæнын, – арæх-иу дзы фехъусæн уыд Болатæй. – Фæлтау та мæхæдæг исты уацмыс афысдзынæн». Ахæм рæстæг-иу чызджытæ иууылдæр сцымыдис сты:

– Иу ма нын дзы бакæс!

– Æмдзæвгæтæ дæр дын дзы хъуамæ уа!

– Арæхдæр цауыл фæфыссыс? Уарзондзинадыл?

– Æмæ дын мыхуыры та кæд рацæудзысты?

Болат-иу фæстаг фарст куы айхъуыста, уæд-иу æвиппайды йæ цæсгом фæтар и.

– Иуцалдæр уал дзы «Мах дуг»-мæ арвыстон, фæлæ редакцийы кусджытæ цæмæндæр хъусæй лæууынц, – дзуапп-иу радта уый.

– Кæд дæм дзы исчи хæлæг кæны? – афарста-иу æй Агуындæ.

– Уымæй дæр бæрæг нæй, – чызгмæ-иу разы хуызæй бакасти Болат. – Ног курдиатджын фыссæджы фæзынд æппæтæн æхсызгон кæм вæййы...

– Куыд уынын, афтæмæй литературон факультет хуымæтæджы нæ равзæрстай, – рæвдауæг хъæлæсы уагæй бафиппайдта Зæриффæ.

– Уымæй раст зæгъыс, – йемæ сразы ис Болат. – Литературон факультетæй хуыздæр мæхиуыл хъуамæ кæм бакусон? Нæ фысджытæй дæр бирæтæ уырдыгæй рацыдысты.

– О, Хуыцау! Мæн дæр иучысыл исты курдиатæй хайджын

цæуылнæ фæкодтай? – йæ цæстытæ царырдæм хæлæггæнæгау систа Агуындæ.

Чызджытæ йæм иууылдæр се ’ргом кæй раздæхтой, уый уынгæйæ, Болат бынтондæр йæхицæй ныхъхъал ис...

Фæсивæд скъолайы кæртмæ куы рахызтысты, уæд дзы чидæр дисгæнгæ дзыхыдзаг фæхъæр кодта:

– Кæсут-ма, æхсæв куыд рæсугъд у, уымæ!

– Æцæг, æцæг! – дзуапп ын радтой цалдæрæй.

Раст уыцы минут хъæуы сæрмæ арвы тыгъдады ныгуылæнырдæм фæдгæнгæ атахт æрттиваг стъалы, æмæ æваст дардыл азæлдысты фæсивæды хъæлæстæ:

– Уæлæ-ма!

– Цы? Цы уыди?

– Стъалы... Стъалы атахт!

– Æз æй федтон!

– Æз дæр!

– Куыд рæсугъд уыд!

– Ныр дæр ма йæ фæд бæрæг дары!

– Æсс... Æнафон у. Адæм райхъал уыдзысты.

Хъæлæстæ фæсабыр сты.

Таймураз та æнæбары Заретæйырдæм бакаст. Чызгæн мæйрухсмæ йæ ирдцъæр цæсгом уыдис уæлдай рæсугъддæр, йе ‘рттиваг сау цæстытыл зындис цины’нгас. «Цымæ, йын уыйас цин цы ‘рхаста? – йæхинымæр фарста лæппу. – Йæ фæндыры дæсны цагъдæй фæсивæды дисы кæй бафтыдта, уый? Æви Болаты рæузонд ныхæстæ йæ зæрдæйы ныххаудтой?»

Фæсивæд сæхимæ цæуынæввонгæй сыхгай куы фæкъордтæ сты, уæд Зæриффæ æмæ Заретæ хибарæй аззадысты. Таймуразы фæндыд чызджыты сæ хæдзæрттæм фæхæццæ кæнын, фæлæ та ацы ран дæр Болат фæразæй.

– Куыд уынын, афтæмæй сымахæн лæппу æмбал нæй, – сæ размæ цæрдæг бауади уый.

– Мах нæхæдæг дæр ауæнддзыстæм, – худгæйæ йын дзуапп радта Зæриффæ. – Афтæ дард нæ куы нæ хъæуы цæуын.

– Уый та куыд? – хъæрæй сдзырдта Болат. – Иунæгæй уæ куыд ауадзон?! Исчи уæ куы аскъæфа, уæд та?

– Бæргæ, искæмæ ахæм зонд куы ‘рцæуид, – йæ хъæлæсыдзаг ныххудти Зæриффæ, – фæлæ мæн хуызæн фыдынд кæй хъæуы?

– Де ‘мбал хъуамæ йæхицæй афтæ ма зæгъа. Йæ цæсгомыл мæйтæ æмæ хуртæ куы хъазынц.

– Æмæ уымæн та æз цы бакæнон? Афтæ рæсугъд цæмæн фæци? Æниу, кæд йæхи дæр фæнды, цæмæй йæ исчи аскъæфа, уый, уæд та?

– Бастъæлай, Зæриффæ, уый цытæ дзурыс? – Заретæ йæ худгæйæ йæхицæй ассыдта, стæй ма уæд йæ ныхасмæ бафтыдта: – Тагъддæр цæуæм, кæннод нæ бинонтæ нæ мæтæй æнæхуыссæг фæуыдзысты.

– Мæнæ уал Болатимæ раздæр дæу бахæццæ кæндзыстæм, – чызг ын цæуынæввонгæй йæ дæлармы йæ цонг фæсагъта.

– Æмæ уый махырдыгæй куы нæ цæры... – гуырысхогæнгæйæ сдзырдта Заретæ.

– Цæй, мах тыххæй уæлдай къахдзæфтæ куы акæна, уæд ын цы уыдзæн? Мæ мады ‘рвадæлты лæппу та ма цæмæн у?

– Æмæ куыд нæ? Ирæттæ нал стæм? – Зæриффæйы дзырдтæ фехсызгон сты лæппуйæн. – Иунæгæй уæ куы ауадзон, уæд мын нæхимæ цы зæгъдзысты?

Болатитæ дзургæ-дзурын Къуыбыры сыхырдæм араст сты. Таймураз сæ фæдыл касти сисы ауыонæй, цалынмæ уыдон æрхы сæрты хидыл нæ ахызтысты, уæдмæ.

Куыд фæстæмæ бæстæ ныссабыр, æрмæст ма йæ сæрмæ хъуысти сусхъæд бæлæсты сыфтæрты сыбар-сыбур. Лæппу йæ къæхтыбынæй ныуулæфыд, стæй уæд æнкъардæй, йæ фæндагмæ нæ кæсгæйæ, уый дæр сабыргай йæ ных сæхирдæм сарæзта.

* * *

Фыны Таймураз фестади цавæрдæр стыр агъуысты. Къулы рæбын чындзы дарæсы лæууыди Заретæ æмæ йæм йæ мидбылты худти. Лæппуйæн йæ цинæн кæрон нал уыд. Алырдыгæй хъуысти дисы уынæр:

– Ахæм ма дзы рæсугъд уыдзæн!

– Кукла нæу, кукла!

– Цымæ, ахæм чызг гæвзыкк Таймуразы куыд равзæрста?

– Уарзондзинад, дам, цæуылдæр абадт!

– Ха-ха-ха! Хи-хи-хи!

– Амонд дæ фæуæд, æмæ цыфæнды дæр фæу!

– Æсс... Афтæ ма дзурут, кæннод уæм фæхæрам уыдзæн.

Таймуразы фæнды, чи йæ фауы, уыдоны базонын, фæлæ, йæ алывæрстæм куы акæсы, уæд та йæм адæм ихуыылдæр сæ чъылдымтæ фæцаразынц.

– Ма сæм хъус, – рæвдауæг хъæлæсыуагæй дзы куры Заретæ. – Мæн дæуæй дарддæр ничи хъæуы.

Мæнæ уалынмæ кæцæйдæр фæзынди Бадинæ.

– Амондджын чындз дын æй Хуыцау фæкæнæд! – арфæтæ йын кæны сыхы устытæй иу. – Йæхи мады хуызæн дæ куыд уарза, дæ фыдæбæттæ дзы рох куыд нæ уой!

«Ды та йæ, Бади, нæ хæстæг хуыдтай», – йæхинымæр æм дзуры Таймураз, æмæ йын цыма мад йæ хъуыды ацахста, уыйау æм цæрдæг фæзылди.

– Нæ, мæ хъæбул, нæ, ницы нын бавæййы, – йæ сæр батылдта Бадинæ.

Уалынджы дын чындзы размæ йæ къахфындзтæ æрсагъта Мурат. Дардыл азæлдысты фæндыры зæлтæ. Бæстæ æмдзæгъд сси. Мурат йæхиуыл нал ауæрды: « Æпп-æй-гъа! Æпп-æй-гъа!»

Таймуразы рустыл дæлæмæ згъорынц цины цæссыгтæ, аивæй сæ асæрфы. «Исчи мæ афтæмæй куы фена, уæд мыл фæхуддзæн», – хъуыды кæны лæппу, рæстæгæй-рæстæгмæ йæ алывæрстæм акæсгæйæ...

– Куыд тарф фынæй бадæ? – Таймуразы сабыргай бауыгъта Бадинæ. – Дæ цæсгомы хид дæр куы акалди?

– Цы? Цы зæгъыс? Кæм дæн, кæм? – лæппу æваст йæ сæр базæй фелвæста æмæ йæ мадмæ дисхуызæй скаст.

– Нæхимæ дæ, мæ хъæбул, æндæр кæм хъуамæ уай? – Бадинæ йæ худын нал баурæдта.

Таймураз æрмæстдæр уыцы минут бамбæрста, фын кæй уыдта, уый æмæ куыддæр фенкъард и. «Иучысыл ма мæ уæддæр куы бауагътаид фынæй кæнын», – бабæллыд Таймураз æмæ та йæ сæр хидæйдзаг базыл æруагъта.

– Рæвдздæр фест, мæ къона, дæлæ дæм Асæго йæ фырт Сосланимæ арфæтæ кæнынмæ æрбацыд. Йе скъола, дам, хорзæй каст кæй фæци, уый тыххæй, дам, ын-иу-дыууæ дзæбæх ныхасы зæгъон.

Асæгойы коймæ лæппу йæ хуыссæнæй фæтæррæст ласта.

– Æз уал сæ размæ ауайон, – сдзырдта Бадинæ æмæ æддæрдæм фæраст.

«Фын хаттæй-хатт æцæгдæр æрцæуы, зæгъгæ, бæргæ фехъу-

сын...» – йæ дарæс йæ уæлæ кæнгæйæ, хъуыды кодта лæппу, фæлæ йæм искуы ахæм амонд æрхаудзæн, уый йæ нæ уырныдта.

– Куыд бирæ хуыссы ацы бон нæ сæрæнгуырд? – кæртæй æрбайхъуыст Асæгойы хъæлæс.

– Дысон скъолайы æнафонтæм фæбадтысты, æмæ, зæгъын æй, афтæ раджы чи стын кæны, – уый та Бадинæ.

– Дæсæм кълас каст чи фæцы, уыдон, дам, иумæ æрæмбырд сты, зæгъгæ, фехъуыстон, – ногæй та сдзырдта Асæго, стæй ма чысыл фæстæдæр йæ ныхас адарддæр кодта. – Æвæдза, рæстæг куыд тагъд тæхы! Хæрз æрæджы дæр ма Таму цы уыд? Ныр æм бакæс – æцæг лæг сси!

– Хуыцауы фæндæй, сымахæн дæр Сослан тагъд айрæздзæн...

Таймураз куыддæр агъуысты дуарæй рахызт, афтæ йын Асæго фыццаг æнæдзургæйæ ахъæбыс кодта, стæй йын уæд арфæтæ кæнынмæ фæци.

– Ирыстоны ахуыры фæндагыл дарддæр чи ацæудзæн, уыдоны ‘мбал дæ Хуыцау фæкæнæд! Не ’ппæт дæр дæ сæрыстыр куыд уæм, ахæм уæлахиздзинæдтæ дæ къухы бафтæнт!

– Бузныг, Асæго, – æфсæрмхуызæй сдзырдта Таймураз.

Уыцы рæстæг Сослан, йæ дæлармы цы тыхтон уыдис, уый йæ фыдмæ бадардта.

– А-а-а, мæ лæвар мæ куы ‘рбайрох, – тыхтон йæхимæ райсгæйæ, йæ мидбылты бахудти Асæго.

– Мæнæ дын ацы дзаума хъуамæ сбæзза, – рæвдауæн хъæлæсы уагæй загъта. – Институты йæ мæ номыл фæдардзынæ.

– Дæхицæн дзæбæх дарæсæй куы ницы ис, уæд ын æй куыд дæттыс? – æрбатыхсти Бадинæ.

Таймураз рагæй дæр ахæм кителмæ бæллыд, фæлæ йæ мады ныхæстæ куы айхъуыста, уæд æнæбары Асæгойы цурæй фæстæрдæм акъахдзæф кодта.

– Айс æй, айс, кæннод дæм фæхæрам уыдзынæн, – бахатыдта йæм Асæго.

– Æмæ кæд нæ бахаудзынæн, уæд та?

– Уый та куыд?! – Асæго йæ бæзджын æрфгуытыл хæрдмæ схæцыд. – Æнæмæнг бахаудзынæ. Ахуыргæнджытæ дæ хуымæтæджы не ‘ппæлынц, – дзургæ-дзурын Асæго кител Таймуразы къухы фæсагъта.

– Мах тыххæй та дæхи хъуагæй уадзыс, – йæ сæр батылдта Бадинæ.

– Цæй, стыр хæрзтæ уын, мыййаг, куы нæ фæдæн.

– Уæдæ ма нын дæ зæрды цы ис? Куы нын ссад æрбарвитыс, куы картæфтæ. Ныр та де рагъæй дæ китель дæр раластай.

– Мæхи ма кæдæм аразон? – хъазгæйæ афарста Асæго. – Цуанонты хицауæй кусгæйæ, мæ рæстæг фылдæр хъæды куы ’рвитын.

– Дæ цæрæнбонтæ нын бирæ уæд æмæ лæвархъом у. Мах дæр дын кæд искуы дæ хорздзинæдтæ бафидиккам, – Бадинæ йæ кæлмæрзæны кæронæй йæ цæстытæ асæрфта...

Асæго куы ацыд, уæд Таймураз уаты кæсæны цур китель тагъд-тагъд йæ уæлæ акодта. «Куыд хорз мыл фидауы!» – цингæнгæ ахъуыды кодта лæппу æмæ та уайсахат йæ зæрдыл Заретæ æрбалæууыд. Цымæ, уымæ та куыд фæкæсдзæн йæ ног дзаума? Йæ зæрдæмæ фæцæудзæн?

Уыцы рæстæг æм уынгæй æрбадзырдта йæ хуыздæр хæлар Мурат. Таймураз йæ размæ рауади.

– Уæртæ йыл цы китель ис! – ныддис кодта Мурат, стæй йæ цымыдисхуызæй афарста: – Кæм дын уыд, кæ? Æфсæддон китель у? Бадинæ дын æй базары балхæдта?

– Нæ, – йæ сæр батылдта Таймураз, – Асæго мын æй, скъола каст кæй фæдæн, уый тыххæй лæварæн æрбахаста.

– Замманайы лæвар дын скодта, – кителы хъуымац йæ къухы уырзтæй асгаргæйæ, бафиппайдта Мурат.

Лæпputæ нæ бамбæрстой, кæцæйдæр сæ цуры Болат куыд февзæрди, уый.

– Куыд уынын, афтæмæй та цыма нæ зындгонд æрдхæрдтæ кæмæндæр цыдæр фыдбылыз саразыныл тæрхон кæнынц, афтæ мæм кæсы, – æнæнхъæлæджы сæм фæстæрдыгæй айхъуысти йæ хъæлæс, æмæ сæ дыууæ дæр сæ бынæтты хæрдмæ фæхаудтой.

– Дæуæн дзы ницы тæссаг ис, – тарæрфыгæй йын дзуапп радта Мурат.

– Цæй хъыг дын фесты мæ дзырдтæ? – йæ дæндæгтæ йæм худæгау базыхъхъыр кодта Болат. – Хъазгæ кæнын, Мурат, хъазгæ. Юмор дæр куы нæуал æмбарыс.

– Сæры къæрцц хъазын нæу, – фыццагау тызмæгæй сдзырдта Мурат.

– Цæй, хатыр уæ курын! – Болат аххосджынхуызæй йæ къух йæ риуыл авæрдта. – Хатгай мæ дзыхæй æнæуууылд ныхæстæ дæр схауы.

– Ægайтма йæ дæхæдæг дæр зоныс, – худгæйæ йын загъта Таймураз.

Лæппутæ æнхъæл уыдысты, Болат дарддæр йæ фæндаджы кой кæндзæн, зæгъгæ. Фæлæ уый æнæнхъæлæджы къанауы сæрты сæ размæ æрбасæррæтт ласта.

– Дысон нæ рæстæг куыд хорз арвыстам! – цыма æппындæр ницы 'рцыд, йæхи афтæ акæнгæйæ, загъта Болат. – Нæ сæмбæлд сымах зæрдæмæ дæр фæцыдаид. Йæ фæстæ æз суанг бонысцъæхтæм фынæй дæр нал бадæн æмæ та ног æмдзæвгæ ныффыстон. Чи зоны, æмæ ма йыл иучысыл акусын бахъæудзæн. Уацмыс та бынтон æнæаипп кæд вæййы? Къостамæ дæр, æвæццæгæн, хъæндзинæдтæ ссарæн ис.

Фæстаг дзырдтæм Мурат Таймуразмæ йæ цæст æрныкъуылдта æмæ хинхуызæй йæ мидбылты бахудти. Фæлæ Болат ницы бамбæрста. Уыцы минут уый йæ риуы дзыппæй фелвæста кърандасæй фыстытæ гæххæтт æмæ кæсыныл фæци.

Æмдзæвгæйы архайд цыдис денджызы. Бæстæ иууыл ныттар, абухгæ уылæнтæ кæдæмдæр хастой чысыл чемайы.

*Бæлæгъы бадтысты З. æмæ Б.,*
*Зон æй, куыд зын уыдис уыдонæн, ды!*

Ацы ран лæппуйæн æнæнхъæлæджы йæ хъæлæс барызти. Таймураз уайтагъддæр базыдта, З. æмæ Б. чи сты, уый æмæ йæхи кæрты дуары тæрвазыл бауагъта. Ноджы ма æмдзæвгæйы кæрон Болат йæ цонг хæрдмæ куы фæхъил кодта æмæ ноджы хъæрдæрæй куы бакаст, уыдоны сæ кæрæдзийæ чи атона, ахæм лæг зæххы цъарыл нæй, зæгъгæ, уæд йæ зæрдæ бынтондæр срæхуыста.

– Цæй, куыд уæм кæсы ацы 'мдзæвгæ? – афарста сæ Болат.

Таймураз лæууыди цавддурау. Мурат дæр исдуг ницы дзырдта.

– Кæд дзы уæ зæрдæмæ исты нæ фæцыд? – ацы хатт куыддæр гуызавæгæнгæ бафарста Болат.

– Цы дын æй æмбæхсæм, – сæ дыууæйы бæсты дæр дзуапп радта Мурат, – тынг лæмæгъ у дæ уацмыс. Нæй дзы нывыл рифмæтæ. Фæстагмæ бынтондæр прозæмæ рахызтæ. Бæрæг нæу, дæ геройты дын кæрæдзийæ чи хъуамæ атона, уый дæр.

– Фыдзæрдæ адæм, æндæр чи! – мæстыйæ йæ хъуыры абадтис Болат. – Уæдæмæ, æцæг поэзи цы у, уымæн ницы'мбарыс. Йæ закъонтæ йын нæ зоныс.

– Фæуæд афтæ дæр! – йæ къух ауыгъта Мурат. – Æрмæст,

мæ зæрдæмæ цы уацмыс нæ цæуы, уымæй дын никуы раппæлдзынæн.

– Фæлтау ыл басæтт: хæлæг мæм кæныс! Æз æй уæдæ ныртæккæ нæ чызджытæй искæмæн бакæсдзынæн, æмæ йын уый æцæг аргъ скæндзæн!

– Табуафси! – йæ сæрæй йын мæстæймарæгау ныллæг акуывта Мурат. – Мах дæр дын бæргæ амдзæгъд кæниккам, фæлæ дысонæй нырмæ нæ армы тъæпæнты рыст нæма фæсабыр...

– Ху... худæджы дзæкъул! Цирчы клоун! - къæзæнæггæнгæ сдзырдта Болат, стæй уæд тæргай хуызæй сæ разæй фæцæуæг.

Мурат йæ фæдыл хъæрæй ныххудти...

* * *

Болаты фыд Мæхæмæт колхозы сæрдарæй рагæй куыста. Хæст куы райдыдта, уæд уымæ иннæтæй хъауджыдæр цæмæдæр гæсгæ нæ фæсидтысты. Фæстæдæр адæм дзырдтой, дохтыртæ, дам, æм цыдар низ ссардтой, зæгъгæ. Фæлæ, æцæг цæмæй рынчын уыд, уымæн ничи ницы зыдта. Бакастæй Мæхæмæт уыди богалы хуызæн: бæзæрхыг, цыбыркъубал, мæкъуыстæгджын. Хæсты размæ йыл æнæхъæн районы дæр хъæбысхæстæй ничи уæлахиз кодта. Уымæ гæгæ хъæубæстæйы йæ рынчыны хабар никæй уырныдта. «Уæдæмæ, дохтырты балхæдта», – дзырдтой адæмæй бирæтæ.

Цалынмæ фронт Ирыстонæй нæ адард ис, уæдмæ Мæхæмæт йæ хуыссæнæй нæ рахызт, фæлæ хъæумæ сармадзаны гæрæхтæ куы нæуал хъуыстысты, уæд уый дæр æддæмæ рахылди.

– Ацы æнамонд низ мæ куы нæ хъыгдарид, уæд æз дæр афонмæ хæсты быдыры бæргæ уаин, – йæ хъоппæг цъæх цæстытæ-иу доны разилгæйæ, лæмæгъ хъæлæсæй загътаид уый, исчи-иу йæ разы фронты кой куы скодта, уæд.

Куыд фæстæмæ Мæхæмæт цæуын байдыдта колхозы куыстмæ дæр, æмæ йæ уайтагъд сæрдарæй равзæрсой. Ныр ыл æдзух йæ саргъы бæхыл бадгæйæ фембæлæн уыдис алы ран дæр. Сылгоймæгтæй-иу исчи иучысыл куыстмæ байрæджы кодта, зæгъгæ, уæд-иу Мæхæмæты загъды уынæр æгас хъæуыл дæр айхъуысти. Ноджы ма-иу йæхицæй æлгъитыныл дæр нал ауæрста. Хуымæтæджы йыл не сбадти фыддзыхы ном. Æрмæст æм бирæтæ уый тыххæй хæрам нæ кодтой. «Мæстыйæ лæджы дзыхæй цынæ схауы? – йæ сæрыл-иу рахæцыдысты чидæртæ. – Куыстыл йæ

зæрдæ афтæ тынг кæй риссы, уымæн нал бауромы йæхи»...

Мæхæмæтмæ ма уыдис ноджыдæр иу миниуæг: уый йæ хъус тынг дардта рог сылгоймæгтæм. Ахæмтæ та алы хъæуы дæр разыны. Мæхæмæтæн-иу йæ зæрдæмæ чи фæцыд, уыдонæй-иу кæмæн æнцондæр куыст ссардта, кæмæн ссады голлаг рафыста, кæмæн хъæдæй сугты уæрдон æрласын кодта. Уый фæстæ-иу ын æхсæвыгæтты йæ бæхы бафиппайæн уыдис, кæй «самонд-джын» кодта, уыцы сылгоймаджы кæрты кауыл бастæй. Гъе, фæлæ сылгоймæгтæй исчи Мæхæмæты йæхимæ хæстæг нæ уагъ-та, зæгъгæ, уæд дзы лæг йæ маст райсыныл нæ бацауæрстаид. Хуымæтæджы нæ бакæнын кодта ахæстоны дыууæ сывæллоны мад Сафиаты, быдырæй сцæйцæугæйæ йæм цалдæр хъуыдыды нартхоры кæй ссардтой, уый тыххæй.

Таймуразыл кæд азтæй бирæ нæма цыд, уæддæр хорз æмбæрста, Мæхæмæт сæ хæстæг Асиаты дуæртты йæ бæхыл дыууæрдæм кæнын дзæгъæлы кæй нæ райдыдта, уый. Асиат-иу сæ бригадимæ быдыры кусынмæ кæм уыдыис, ууылты дæр-иу лæг исты æфсонæй йæ фæндаг æнæмæнг акодтаид.

– Кæсут-ма йæм, – йæ ехсы хъæдæй-иу ацамыдта Мæхæмæт Асиатмæ. – Дидинæг нæу, дидинæг! Хур дæр æй нæ судзы, хур...

Асиат æм сдзурын нæ уæндыд, уыййеддæмæ йын куыд ни-куы бауайдзæф кодта. Иу изæр Таймураз Асиатæн сарайы суг сæттынмæ куыд бавнæлдта, афтæ та кæцæйдæр йæ сæргъы бæхыл фæзынди Мæхæмæт.

– Уый дын æххуысгæнæг дæр куы фæзынд, æххуысгæнæг! – сисы сæрты Асиатмæ худгæйæ æрбадзырдта лæг.

– Уæдæ мæм хион куы нæ фæкæса, уæд мæ мæтæй чи мæлы? – æфсæрмыхуызæй йын дзуапп радта Асиат.

– Уый та куыд?! Цытæ дзурыс? – йæ сæр ныттылдта Мæ-хæмæт. – Æз дæ æххуысхъуагæй уадзын? Æмæ ма уæд худ та цæмæн хæссын?

Асиат æм хæрдмæ дисхуызæй скаст.

– Бузныг де 'рхъуыдыдзинадæй... – Йæ цæстытæ дæлæмæ æруадзгæйæ сабыргай сдзырдта ус. – Нæ лæг цалынмæ хæсты ис, уæдмæ уал мæхæдæг исты амæлттæ кæндзынæн... Сæ лæг та – Асæго.

– Æмæ дæм бахъуаджы рæстæджы куы нæ фæкæсон, уæд Асæгомæ цы цæсгом равдисдзынæн? Кæд дзы иучысыл хистæр уыдтæн, уæддæр иумæ æфсымæрты цард куы факодтам.

Таймураз йæ худын нал баурæдта: Мæхæмæт Асæгойæ бирæ хистæр уыдис! Фæлæ Мæхæмæт лæппуйы худын ницæмæ ‘рдардта. Уый фыццагау зыдхуызæй уæле бынмæ касти Асиатмæ, сылгоймаг бынтондæр кæй ныфсæрмы, уый ницæмæ даргæйæ.

Стæй йæ сырх цæсгом æвиппайды цæмæндæр ноджы фæсырхдæр æмæ сусæг хъæлæсæй сдзырдта:

– Æй джиди, ныр дæуæн дæ дыууæ цъæх цæсты ахæр!

Фæлæ йæм Асиат йæхи куы фæтар кодта, уæд æваст ехсæй йæ бæхы ныкъкъæрцц ласта æмæ уынджы дæлæрдæм фатау атахт.

– Зæронд хæрæг! – бæхы цæфхæдты хъæр æмæ Асиаты мæсты хъæлæс сиу сты.

Таймуразы зæрдыл æрбалæууыд, фарон сæ сыхæгтимæ нартхор уидзынмæ куы ацыд, уæд æхсæвыгон Мæхæмæт сæ размæ куыд бабадт, уый. Æмæ йæ фæрæт сугсæттæн къодахы мæстыйæ ныссагъта.

Уыцы райсомæй раздæр Таймураз никуы сыстади. Бон цъæхтæ кæнын куы райдыдта, уæд ын Бадинæ йæ уазал дæрзæг къух йæ ныхыл æрхаста. Лæппу уайтагъд фехъал и.

– Фест рæвдздæр, мæ къона, сыхæгтæ махмæ æнхъæлмæ кæсынц, – цыма йæхицæн искæмæй фехъусынæй тарст, уыйау мынæг хъæлæсы уагæй загъта мад.

Таймураз цæстыфæныкъуылдмæ йæ дарæс йæ уæлæ акодта.

– Хæргæ фæндагыл акæндзынæ, – Бадинæ йын кæрдзыны цыппæрæм хай йæ къухы фæсагъта æмæ йæ афтид голлагимæ тагъд-тагъд æддæрдæм фæраст. Таймураз дæр йæ фæдыл.

– Абон, дам, колхозы фос нартхоры хуымтæм бауадздзысты, – уынгæй æрбайхъуыст æнæзонгæ хъæлæс. – Уæддæр дзы махæн, фæсте цы иугай дзенкъортæ аззади, уыдон æруидзыны бар дæр нæй. Афтæмæй та ацы аз дæр нæ цæхæрадæтты ницы ‘рзади. Цымæ нын нæ цоты цæмæй хæссын кæнынц?

– Сс... Исчи дæ фехъусдзæн...

– Æмæ мæ фехъусæд! Сыбырæй мæ дарддæр ахæсдзысты?

– Дæ-дæ-дæй! Уæд афтæ нал зæгъдзынæ, Нæзирæт.

«Йæ хъæлæсæй йæ куыд нæ базыдтон? – йæхимидæг бадис кодта Таймураз. – Æвæццæгæн, нырма æххæст нæма райхъал дæн».

– Нæлгоймаг æмбал дæр нын куы фæзынд, – Бадинæйы фарсмæ Таймуразы куы ауыдта, уæд хъазæгау сдзырдта Нæзирæт. – Ныр нæ арс дæр фæтæрсдзæн.

Таймураз сыхæгтыл йæ цæст ахаста æмæ сын се ‘хсæн æцæгдæр йæхицæй дарддæр нæлгоймаг куы нæ бафиппайдта, уæд ын фехсызгон ис.

Быдырдзаутæ хъæуæй куы радард сты, уæд бынтондæр срухс и. Таймуразы фæндыди йæ кæрдзынæй ахæрын, фæлæ йæм цæмæндæр уый аив нæ касти. «Раст цыма мæнæй уæлдай æххормаг ничи у», – адæмыл йæ цæст ахæсгæйæ, ахъуыды кодта лæппу æмæ уыцы рæстæг ауыдта, йæ сыхаг чызг Дзыллæ йæ дзыхы кæрдзыны къæбæр куыд баппæрста, уый. Таймураз дæр сусæгæй хæрын райдыдта. Йæ кæрдзынæй ма иучысыл куы аззад, уæд йæ зæрдыл æрбалæууыд, суанг æм изæрмæты æндæр кæй ницыуал уыдзæн, уый æмæ æнæбары йæ хæрд фæуагъта...

Хур æрныгуыдмæ бирæ нал уыдис, уæддæр ма Таймураз æмæ Бадинæйæн сæ голлаг йе ‘мбисы онг дæр нæма байдзаг. Лæппу-иу нартхоры бицъи куы ауыдта, уæд ыл-иу уайтагъд йæхи цингæнгæ ныццавта, мæнæ йæ цыма æндæр исчи куы ратона, уымæй тарсти, уыйау. Иухатт уæрдоны цалх кæм атылди, уым зæххы бафиппайдта стыр нартхор. Нартхорæн йе ‘мбис цъыфы аныгъуылд, æмæ Таймуразæн иуцасдæр стонын дæр нæ куымдта.

– Кæс-ма, Бади, цы ссардтон! – сцин кодта лæппу, мадмæ нартхор æвдисгæйæ. – Йæхæдæг мын цæкуыты фаг нæ уыдзæн, цæкуыты!

– Æвæццæгæн, хорласджытæй æрхаудта, – загъта Бадинæ, стæй йыл рахæцыд. – Цом, мæ къона, уæртæ нæм Нæзирæт йæ къух тилы...

Таймураз æрмæстдæр уæд фембæрста, се’мбæлттæй куыд адард сты, уый æмæ йæ мады фæстæ фæраст...

Цалынмæ бынтондæр не ‘рталынг, уæдмæ быдырдзаутæ Цæлыччы къанауы был, боны дæргъы цы нартхоры муртæ æрæмбырд кодтой, уыдон къухæй фезгъæлстой.

Таймуразæн æххормагæй йæ зæрдæ хæццæ кæнын байдыдта. Афтæмæй йын Бадинæ бонæй йæхи кæрдзыны хайы æрдæг дæр ма тыххæй бахæрын кодта. «Æвæццæгæн, æрдæгцæттæ нартхоры къæдзил хомæй кæй бахордтон, тынгдæр уый аххосæй схæццæ вæййы мæ зæрдæ», – йæхинымæр дзуры лæппу катайгæнгæйæ. Тæрсы, куы суома, уымæй. Хатгай ацархайы æндæр истæуыл хъуыды кæныныл дæр, фæлæ та йæ уайтагъд йæ хъуыдытæ хæринагмæ раздахынц. Таймуразмæ афтæ кæсы, цыма йæ

ныртæккæ иу кæрдзыны къæбæр йæ хъизæмæрттæй фервæзын кæнид, æмæ æнæбары йæ къух йæ дзыппы фæтъыссы, фæлæ дзы ницæуыл фæхæст вæййы.

– Нæхимæ нæма цæуæм? – афарста Дзыллæ нæуæндон хъæлæсæй. – Бынтондæр куы ‘рталынг...

– Хицауадæй ныл исчи куы фембæла, – Бадинæ йæм разылд, – чысыл ма афæстиат уæм. Кæд уæдмæ мæй дæр скæсид æмæ æцæгæлон адæймаджы дардæй дæр феникками.

– Нæ зонын, афтæ тынг цæмæн тæрсут, уый, – сбустæ кодта Нæзирæт. – Быдыртæм колхозы фос дæр ма куы бауагътой, уæд мах цæмæй зылын стæм? Æви нын хъомты кад дæр нал ис? Фыр куыстæй мæ сæфтæджытæ ацы быдырты куы рафтыдтон, уæд дзы мæ бон нартхоры цалдæр гыркъойы æруидзын нæу?

Сылгоймæгтæ зыдтой, Нæзирæт рæстытæ кæй дзуры, уый æмæ иууылдæр ныхъхъус сты. Арвыл мигътæ фæйнæрдæм куы абырыдысты, æмæ се ‘хсæнæй мæй куы ракасти, уæд быдырдзаутæ систой сæ голджытæ æмæ хъæумæ сæ ных сарæзтой. Таймураз йæ дзæкъул куы йæ дæлармы хаста, куы йе’ккойы. Лæппумæ хорз нæ касти, æрхытыл кæй цыдысты, уый. «Цыма раст давджытæ стæм, нæхи афтæ дарæм, – йæхимидæг хъуырхъуыр кодта, æрхы донмæ куыд нæ ныххауа, ууыл архайгæйæ. – Дзæгъæлы нæ акæнынц, хæдзармæ уæз нæй, зæгъгæ. Фæлæ афтæ чи фæдзуры, уый ма уæдæ мæнау йæ хæссинæгтимæ æрхыты цæуын бахъæуæд».

Иу ран лæппу дурыл йæ къах скъуырдта æмæ, чысыл ма бахъæуа, доны ма смидæг уа, фæлæ афоныл йæ галиу къухæй хæрисы къалиуыл фæхæст æмæ цыдæр амæлттæй йæхи ахауын нæ бауагъта. Хорз уыдис, æмæ йæ дзæкъул дæр не суæгъд кодта.

– Бади, иучысыл ма нæ фæллад суадзæм, – нæуæндон хъæлæсæй сдзырдта.

– Æрæвæрут уал уæ хæссинæгтæ, – лæппуйы курдиат фехъусгæйæ, загъта Нæзирæт. – Мæнæн дæр мæ зæнгтæ мæ быны дыдæгътæ кæнын байдыдтой, – дзыхæй ма мæм сдзурой...

Иууылдæр сæ голджытæ се ’ккæйттæй æрæппæрстой æмæ сæ чи кæм лæууыд, уыцы ран йæхи зæххыл æруагъта. Уайтагъд цъымарайы дон æмæ хиды тæф сиу сты.

Цалынмæ сæ фæллад уагътой, уæдмæ мæй мигъты аууон фæци, æмæ Таймуразмæ афтæ фæкаст, цыма бæстæ æгасæй дæр ныттар лынг, æмæ цæмæндæр фæтæрсæгау кодта. Исдуг сылгоймæгты

цæсгæмттæ дæр дзæбæх нал уыдта. Фæлæ йæ цæст æхсæвы тарыл куы ацахуыр, уæд ын чысыл фенцондæр ис.

– Ахæцæм та дарддæр, – цыма лæгуæрдон ласта, уыйау сдзырдта Нæзирæт æмæ зивæггæнæгау йæ бынатæй сыстад. – Къутуты уонг куы схæццæ уæм, уæд нæ хъæумæ бирæ нал хъæудзæн.

Таймуразы ма бæргæ фæндыд абадын, фæлæ йын Бадинæ йæ цонгыл уæлæмæ схæцыд.

Ногæй та сæ фæндаг дарынц доны былтыл, сæ къæхты бын хæмпæлтæ ссæндгæйæ.

Хъæумæ куыд хæстæгдæр кодтой, афтæ сылгоймæгтæн сæ хъæлæстæ фæмынæгдæр сты. Хатгай Таймуразмæ доны сырсыр йеддæмæ ницыуал хъуысти. «Тагъд хъуамæ къутуты уæле фæуæм æмæ уæд æрхæй фæндагмæ схиздзыстæм», – хъуыды кодта лæппу, иу къухæй йæ хид асæрф-асæрфгæйæ.

Мæнæ æппын фæстаг схæццæ сты къутуты цурмæ. Райхъуысти дзы куыйты рæйын. Таймуразæн фыр тæссæй йæ улæфæнтæ ахгæдтой.

– Дæ-дæ-ай! Кæд махыл рæйынц? – йæ бынаты дзыхълæуд фæкæнгæйæ, ныккатай кодта Дзыллæ.

– Æсс! Сабырдæр у! – æфхæрæн хъæлæсы уагæй йæм фæцырд ис Нæзирæт. – Кæннод ма ныл хъæуы куыйтæ дæр æрæмбырд уыдзысты.

Раст уыцы минут сæ сæрмæ æрхы был фæзынди цыдæр сау æндæрг. Фыццагдæр æй ауыдта Таймураз æмæ йæ мады цонгмæ фæлæбурдта.

– Ба... Ба... Бади... – сдзурыныл ацархайдта лæппу, фæлæ йæ хъæлæс йæхимæ дæр нæ фехъуысти. Уæдмæ сауæндæрджы бафиппайдта Дзыллæ дæр æмæ æрхыл азæлди йæ тарст хъæр:

– Мæ хæдзар куыд фехæлд! Уæлæ уый та чи у?!

Быдырдзаутæй чи цавддурау фæци, чи дзы йæ хæссинаг зæхмæ æрæппæрста, Дзыллæ та йæ нартхор æрхы донмæ ныккалдта.

– Сисут уæ голджытæ æмæ тагъд мæ размæ рацæут, – барджын хъæлæсы уагæй сæм дæлæмæ æрдзырдта сау æндæрг, æмæ сылгоймæгтæ уайтагъддæр Мæхæмæты йæ хъæлæсæй базыдтой.

Таймураз мыст куы фестадаид æмæ исты амæлттæй иу хуынчъы куы фæмидæг уыдаид, уый дæр æй бæргæ фæндыд, фæлæ

ма йын цы гæнæн уыдис æмæ уый дæр иннæты фæдыл, хæмпæлтыл хæцгæйæ, æд дзæкъул уæлбылмæ бырыныл фæци.

Быдырдзаутæ æрхæй куы схызтысты, уæд сæм Мæхæмæт йæ дзыппыдаргæ фанар ныддардта. Цырагъы рухсæй Таймуразæн йæ цæстытæ атартæ сты æмæ сæ ‘нæбары йæ къухæй амбæрзта. Æнхъæл уыдис, æмæ сæ ныртæккæ Мæхæмæт хъæры бын фæкæндзæн, фæлæ уый цæмæндæр æвиппайды хъæлæсыдзæгæй ныххудти. Сылгоймæгтæ сæ кæрæдзимæ дисгæнгæ бакастысты.

– Æмæ Дзыллæйæн та йæ хæссинаг кæм ис? – худгæйæ афарста лæг. – Æви йæ афтид голлагимæ уый та уемæ экскурсийы рацыд?

– Доны йæ ныккалдта... арахъхъагæн! – се ’ппæты бæсты дæр дзуапп радта Нæзирæт, стæй уæд лæгъзстæхуызæй загъта. – Дæ мад-дæ фыды хатыр нын бакæн, Мæхæмæт, æмæ нæ ма фесаф!

Лæг йæ худын фæуагъта:

– Ау, æмæ мæ ахæм куыдззæрдæ хонут? – æнæнхъæлæджы рæвдауæг хъæлæсыуагæй загъта уый. – Мæ партион билетæй уын сомы кæнын, нæ фембæлды хабар хицауадæй кæй ничи базондзæн, ууыл. Æрмæст æй уæхæдæг ма радзурут.

– Уый та куыд?

– Æмæ æрра фестæм?

– Нæ дзыхыл хæцын нæ зонæм? – алырдыгæй райхъуыстысты сылгоймæгты хъæлæстæ.

– Хорз, уæдæ, – йæ цонг хæрдмæ фæхъил кодта Мæхæмæт. – Æууæндын уыл...

Лæг ма цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ та æваст устытæ схор-хор кодтой:

– Бузныг!

– Дæ цæрæнбонтæ нын бирæ уæд!

– Цы хорз зæрдæйы хицау у!

– Афтæмæй дзы чидæртæ та адæмы тæрсын кæнынц!

Кæд Мæхæмæтæн устыты æппæлæн ныхæстæ æхсызгон уыдысты, уæддæр сæ уый фæсабыр кодта:

– Æгæр хъæрæй ма дзурут, исчи уæ фехъусдзæн æмæ уæд æрмæст сымахмæ нæ, фæлæ ма суанг мæнмæ дæр æфхæрд æрхаудзæн.

Мæнæ та уæдмæ мигъты ‘хсæнæй мæй дæр разынди, æмæ Мæхæмæт йæ фанар ахуыссын кодта.

Быдырдзаутæ рахъавыдысты цæуыныл, фæлæ та сæ Мæхæмæты хъæлæс фæурæдта:

– Ау, æмæ Дзыллæ та йæ голлаг афтидæй ахæсдзæн? Мænæ йæм къутæрты фæстæ иучысыл банхъæлмæ кæсут. Æз та йын, цалынмæ уæртæ хъалагъуртæ станы æхсæвæр хæрынц, уæдмæ сарайы йæ голладжы згъæлст нартхорæй авгæнон...

Чызг «нæ», зæгъгæ, йæ сæр батылдта. Фæлæ йын Мæхæмæт йæ цонгыл ахæцыд.

– Ма тæрс, нæуæндаг, ничи ницы базондзæн... – Сусæг хъæлæсæй сдзырдта лæг.

Дзыллæ зивæггæнæгау йæ фарсмæ цыд. Мæхæмæт Таймуразы рæзты куы фæцæйцыд, уæд лæппуйы фындзы улæфæнтыл ауади карз нозты тæф...

– Куыд бирæ фæстиат кæнынц, – æнæрхъæцæй сдзырдта Нæзирæт æмæ йæ бынатæй фестад. – Стан ардæм хæстæг куы у.

– Æвæццæгæн, хъалагъуртæй исчи æддæмæ рацыд æмæ сын сарамæ бахизæн нæма ис, – дызæрдыггæнæджы хъæлæсæй загъта Бадинæ.

– Дзыллæйы тыххæй Мæхæмæт йæхицæй давæг куыд аразы, – бафиппайдта сыхæгтæй чидæр. – Æвæццæгæн, нæ чызг йæ зæрдæмæ фæцыд.

– Æсс... Афтæ ма дзур... – йæ хъуыры абадтис Бадинæ. – Мæхæмæт нæ алкæй тыххæй дæр афтæ бакæнид...

– Ацы изæр цыма йæ хорз зондыл хæст у... – сдзырдта дызæрдыг хъæлæсы уагæй Нæзирæт дæр, æмæ та иууылдæр ныссабыр сты.

Мæнæ уалынмæ къутутырдыгæй фæзындысты дыууæ æндæрджы. Быдырдзаутæ сæ дардмæ бафиппайдтой æмæ æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кастысты се'рбахæццæмæ. Фæлæ уыдон цыдысты æрлæуу-æрлæугæнгæйæ.

– Æвæццæгæн ын йæ голладжы æгæр бирæ нартхор ныккодта æмæ йын зын хæссæн у, – сдзырдта сыхæгтæй чидæр хæлæггæнæгау.

Чысыл фæстæдæр сæ размæ лæф-лæфгæнгæйæ æрбахæццæ сты Дзыллæ æмæ Мæхæмæт.

– Куыд уынын, афтæмæй йæ сины саст фæрæстмæ, – бафиппайдта Нæзирæт, Дзыллæйы æккойы голлаг фенгæйæ.

– Фæлтау æз дæр мæ нартхор доны куы ныккалдтаин! – устыты 'хсæнæй райхъуыст æмырæй худгæ хъæлæс.

– Хæлæджы цæст, дам, куырм баци, – дзурæгмæ сонтæй фæзылди Бадинæ. – Цыма Дзыллæ йæ нартхор æрхы доны барæй ныккалдта...

Быдырдзаутæ сабыргай рараст сты хъæумæ, Мæхæмæт та къутутырдæм аздæхт.

– Æвæццæгæн, дæ голлаг æгæр уæззау у, – Дзыллæ хатгай æрлæууыныл кæй архайы, уый бафиппайгæ йын тæригъæдгæнæгау загъта Бадинæ.

– Нæ, мæ къахы сындз суад æмæ мæ уый чысыл хъыгдары, – сæфсон ын кодта чызг...

Цалдæр мæйы фæстæ Дзыллæ мой скодта. Хæстæй æнæ цæстæй чи ссыд, ахæм лæппу, дам, æй Уæлладжыры комы хъæутæй иумæ ахаста. Фæлæ, чызг, нæ уыд, зæгъгæ, йæ уайтагъд фæстæмæ рарвыста. Дзыллæ, дам, сæхимæ цæуын нæ куымдта. Чи йæ ракуырдта, уыцы лæппуйы, дам, бафарста:

– Кæд æз чызг нæ разындтæн, уæд цымæ хъуамæ иу базыл дыууæ сæры та сæхи цал цæстимæ æруадзой?

Æмæ, дам, æй уæд лæппу, чысыл ма бахъæуа, æмæ ма амара. Дзыллæ хъæумæ нал æрцыд. Горæты хæрæндоны къустæхсæгæй кусын райдыдта. Адæм куыд дзырдтой, афтæмæй, дам, уыцы ‘хсæв чызджы нартхоры путы сæрмæ Мæхæмæт фенамонд кодта...

Æппæт уыдæттыл хъуыды кæнгæйæ, Таймураз нæ бамбæрста, Асиат саст сугтæ хæдзармæ куыд бахаста æмæ йæм ныр дисхуызæй кæй кæсы, уый.

– Цæуыл ныдджджих дæ? Мæхæмæты æдылы ныхæстæ дын афтæ хъыг фесты? – æрæджиау бафарста лæппуйы.

Фæлæ йын Таймураз дзуапп куы нæ радта, уæд уый дæр сагъæсхуызæй куыддæр аджих ис...

* * *

Фæлварæнтæ дæттыны рæстæг æрбацæйхæццæ кодта, æмæ Таймураз чингуыты разæй уæлæмæ нал стад, фылдæр хатт дзыиу хæрын дæр ферох.

– Чысыл ма-иу дæ улæфт уæддæр суадз. Бынтон дæр мын дæ цæстытæ чиныгыл куы баныхæстай, – арæх-иу ын сагъæсхуызæй уайдзæфтæ кæнынмæ фæци Бадинæ. – Бакуырмæй дæр нæ тæрсыс?

Уый дæр иу уæд цыбыр рæстæгмæ æнæбары йæ куыст фæуагъта.

Фæлæ-иу æм Мурат куы ‘рбацыд æмæ йын-иу куы радзырдта, алы бон дæр сочиненитæ фыссыныл куыд архайы, уый, уæд та-иу уымæн дæр йæ фыссæнгарз йæ къухæй нал цух кодта.

Муратимæ рагæй дæр, чингуытæ нæ фылдæр чи бакæсдзæн, зæгъгæ, ууыл се ’хсæн цыдис ерыс. Ноджы ма сæ-иу литературæйы ахуыргæнæг Луизæ Ивановнæ куы раппæлыдис, уæдиу исты ног чиныг агургæйæ суанг æгас хъæуыл дæр æрзылдысты. Болат сæм, æвæццæгæн, хæлæг кодта æмæ та сын-иу арæх чызджыты раз фидистæм фæцис:

– Романтæ кæсыны бæсты ахуырмæ уæ хъус фылдæр куы дариккат!

– Æмæ ахуыры ды махæй уæлдай дæ тырыса уæлдæр систай? – фелхыскъ-иу æй кодта Мурат

– Дзыхæй та дæуыл чи фæуæлахиз уыдзæн? – йæ къух ылиу зынæрвæссонхуызæй ауыгъта Болат.

– Цыма, дам, ды дæр исты срæцугъынмæ... æнæууылдæй тынг рæвдз дæ, афтæ мæ хъустыл æрцыд. Чи зоны æмæ дын уый мады гуыбынæй рахæсгæйæ у.

Болат æм æваст йæхи фæтар кодта, фæлæ сæм чызджытæ цымыдисхуызæй кæй кæсынц, уый куы бафиппайдта, уæд Муратырдæм былысчъилæй загъта:

– Цæй, ныр ахæм адæймагимæ цы дзурон? Мæ сызгъæрин доны калæгау...

Чызджыты цæстмæ Болат йæ дзырд хистæрæй-кæстæрæй кæмæ нæ баппæрстаид, ахæм нæ уыд. Хатгай ма-иу суанг ахуыргæнджытæй иуæй-иутæн æнæууылд ныхас зæгъынмæ дæр йæ ныфс хаста.

Таймуразæй рох нæ уыд, сæ къласмæ сын немыцаг æвзаджы æрыгон ахуыргæнæг Нинæ Борисовнæйы куы ’рбарвыстой, уæд ын Болат йæ урок фехæлыныл куыд архайдта, уый.

Чызг нырма ацы аз фæци каст институт æмæ йæ, æвæццæгæн, тынг фæндыди йæ куысты райдайæны скъоладзауты зæрдæмæ фæцæуын. Фæлæ сæм куыддæр дуарæй мидбылты худгæйæ æрбахызт, афтæ Болат æвиппайды фæхъæр ласта:

– Хенде хох!

Стæй йæ дзыхы дзаг ныккæл-кæл кодта. Ахуыргæнæг цыма ницы фехъуыста, уыйау сын салам радта æмæ йæхи бацамыдта, стæй сын ног æрмæг амонынмæ бавнæлдта. Лæмбынæг æм хъуыстой. «Мæнæй бирæ хистæр нæ уыдзæн», – хъуыды кодта Таймураз,

чызджы рæсугъд цæсгоммæ кæсгæйæ. Уалынджы та райхъуысти Болаты æлхыскъгæнæг хъæлæс:

– Уæдæ немыцагау къуыртты карк та куыд хуыйны?

Чызджы цæсгом æваст фæтар.

– Карчы уал йе 'фтуаныл бадгæйæ уадзæм, – мæстыйæ сдзырдта ахуыргæнæг. Уый нæ урокмæ ницы бар дары. Фæлтау уал дын, немыцагау къулбадæг лæппу куыд у, уый бацамондзынæн...

Скъоладзаутæ хъæлдзæгæй ныххудтысты, æмæ Болат сонтæй йæ бынатæй фæгæпп ласта:

– Кæд ницы 'мбарыс, уæд ыл басæтт, æндæр мын цы 'фсæнттæ кæныс?

Ахуыргæнæгæн йæ цæсгом цикъæйау афæлурс æмæ йæ былтæ кæуыны æввонг базыр-зыр кодтой. Уый ауынгæйæ, Мурат Болатмæ лæбурæгау фæзылди.

– Дæхицæй нын цы аразыс, дæхицæй? Цы дæ æмæ чи дæ?

– Æмæ дæу та цы хъуыддаг ис?

– Ис мæ хъуыддаг! Мах ардæм ахуыр кæнынмæ цæуæм, ды та хынджылæг скъæрыс...

– Æмæ æгас къласы номæй та цы дзурыс? Æви нæм дæуæй уæндаг дæр нал ис?

– Раст у Мурат, – йæ ныхас сæм баппæрста Таймураз. – Махау скъоладзау дæ æмæ дæхи дарын зон!

– Ноджыдæр ма нæм иу хъæбатыр фæзынд, – мæстæймарæгау бахудти Болат.

Æмæ йыл уæд алырдыгæй сæхи сцагътой иннæтæ дæр:

– Раст дын зæгъынц!

– Дæхи дарын зон!

– Эгоист дæ!

– Хатыр ракур Нинæ Борисовнæйæ! – схор-хор кодтой алырдыгæй скъоладзаутæ.

– Хатыр?! – хъæрæй ныххудти Болат. – Уæд цæй тыххæй, немыцагау, къуыртты карк куыд у, уый кæй нæ зоны, уымæн?

Уый айхъусгæйæ, ахуыргæнæг йæ кæуын нал баурæдта æмæ дуары æдде фæци...

Сæхимæ куы рацæйцыдысты, уæд Таймураз уынджы ауыдта завучы Болаты фыд Мæхæмæтимæ лæугæйæ. Бæрæг уыд, Мæхæмæт цæуылдæр тынг мæсты кæй у, уый. Æвæццæгæн, Болат фембæрста йæ фыды зæрдæйы уаг æмæ рахъавыд аивæй йæ рæзты ацæуын, фæлæ йæм уый тызмæг хъæлæсæй фæдзырдта:

– Лæппу, тагъд-ма мæ цурмæ рауай!

Болат æм зиввæггæнæгау бацыд.

– Ныр дæу ахуыргæнæгæн экзаментæ кæнынмæ цы кæсы? – тарæрфыгæй йæ бафарста Мæхæмæт.

– Æз ын... Æз æм... Æз дзы... – лæппу къуызгæйæ рахъавыд йæхи раст кæнын, фæлæ йыл фыд æвиппайды фæтъæлланг ласта:

– Банцай, дын зæгъын!

Болат сæргуыбырæй йæ цæстытæ зæхмæ ныццавта. Мæхæмæт иуцасдæр алæууыд æнæдзургæйæ, стæй йæм уæд бартхъирæн кодта:

– Æз дын изæры, къуыртты карк цы у, уый базонын кæндзынæн!

– Мæгуырæг, – Болатæн тæригъæд кæнгæйæ, мынæг хъæлæсæй сдзырдта Агуындæ. – Æгæр æй куы бафхæра...

– Куыннæ стæй, – бахудти Мурат. – Уый йæм завучы цæстмæ хæцыд...

Æмæ та дыккаг бон Болат скъоламæ фæзынди иннæ хæттытау сæлхæр хъæлдзæгæй.

– Цы фестут, ахуырады бæрзæндтæм хилджытæ? Чъыллип салам уе ʻппæтæн дæр! – цыма æппындæр ницы æрцыдис, уыйау къласы дуарæй мидæмæ худгæйæ бадзырдта Болат.

– Дысон дын, æццæй, Мæхæмæт дæ хъуын акалдта? – сонтæй йæ афарста Агуындæ.

– Мæ фистхъуын! – бахудтис æм лæппу. – Мæ цæсгомы цъæхтæ мын нæ уныс?

– Æцæг зæгъыс? – тагъд-тагъд йæ размæ бауад чызг.

– Уæдæ сайгæ кæнын? Сæумæрайсом мæхи пудрæйæ ацагътон, мæ мады пудрæйæ, цæмæй мæ цæсгомы цъæхтæ ма зыной, уый тыххæй!

– Ды та иудадзыг хынджылæг кæныс, – Болаты фарс йæ рæмбыныкъæдзæй бакъуырдта Агуындæ. – Мæнæй афтæ æмæ дæ æцæгæй фæнадта.

– Изæрмæ дзы фыргуыстæй йе ʻртхъирæн дæр ферох ис.

– Æнæуи дæр дæу Косерхан нæмын уадзы!..

Къуырийы бæрц кълас æнхъæлмæ касти, Болат Нинæ Борисовнæйæ хатыр кæд ракурдзæн, уымæ. Фæлæ лæппу йæхи афтæ дардта, цыма æппындæр ницы ʻрцыдис. Уый фыццагау архайдта чызджытæм хъазæн ныхас æппарыныл, æрмæст дзы уыдонæй бирæтæ сæхи иуварс ласын байдыдтой. Таймураз бафиппайдта,

ахуыргæнджытæ дæр æм зул цæстæй кæй кæсынц, уый. Болат сæхимæ æнæ радзургæ нæ фæцис уыцы хабар: йæ мад Косерхан цалдæр хатты хуынтимæ скъолайы æрбаллæуыд...

– Нæ сæрдары ус нæ цыма æгæр арæх бæрæг дары, – иубон та йæ скъолайы кæртмæ æрбахизгæйæ куы ауыдта, уæд загъта Мурат.

– Кæд ногæй ахуыр кæнын йæ зæрды æрæфтыд? – худгæйæ йæ хæлары афарста Таймураз.

Раст уыцы минут Косерханы размæ фæци Нинæ Борисовнæ. Ахуыргæнæг æй цыма нæ бафиппайдта, уыйау йæ рæзты фæцæйцыд, фæлæ йын уый æваст йæ цонгыл фæхæст.

– Кæдæм тæхыс? – худгæйæ йæ афарста.

– Кæсæндоны мæм ахуырдзаутæ æнхъæлмæ кæсынц æмæ уыдонмæ тагъд кæнын...

– Æз – хистæр, уыдон – кæстæртæ, – йæ ныхас ын æрдæгыл фескъуыдта ус. – Иучысыл дæм куы банхъæлмæ кæсой, уæд сын ницы уыдзæн.

Нинæ Борисовнæ та йæ дзых сдзурынæввонг куыд схæлиу кодта, афтæ та Косерхан фæразæй:

– Абон цы диссаджы дзæбæх дæ! Раст уды къæртты хуызæн!

– Бузныг... – æфсæрмыхуызæй сдзырдта ахуыргæнæг.

– Болатик дæ скъолайы фидауц хуымæтæджы нæ хоны...

– Болат?!

– О,о, мæ хур. Дæ урочы дын йæхи афтæ кæй дардта, ууыл дæр фæсмон кæны, фæлæ дæ хатыр ракурынмæ йæ ныфс нæ хæссы. Кæд мын, мæгуыр, йæ фыды хуызæн æрбатæвд вæййы, уæддæр ын хорз зæрдæ ис – уайтагъд йæ маст кæдæмдæр фæлидзы.

Таймуразмæ хорз нæ каст, æнæбары сылгоймæгты ныхасмæ кæй хъусынц, уый, æмæ цалдæр хатты афæлвæрдта дарддæр ацæуыныл, фæлæ та йын-иу Мурат мидбылты худгæйæ йæ къухыл фæхæцыд. Лæппутæ сæхи иуварсырдæм кæсæг скодтой.

– Скъоладзаутæй худинаг у... – загъта та ахуыргæнæг æнæрхъæцæй – Мæнмæ кæсынц.

Фæлæ йын Косерхан йæ ныхæстæ ницæмæ ‘рдардта.

– Бафæрсын аипп ма фæуæд, фæлæ дæ мад та чызгæй кæмæй уыд?

Загъта йын æй.

– Æмæ хæрæфыртæй та кæй хæрæфырт у?

– Цæмæн мæ фæрсыс?

– Кæд мын, зæгъын, исты хæстæг æййафыс? Æз мæхæдæг уæздæттæй дæн, кæд фæрссаг мыггагмæ моймæ æрцыдтæн, уæддæр.

– Ныртæккæ та ма уыдæттæм чи кæсы?

– Нæ, мæ хур, афтæ ма зæгъ, – йæ алы дзырд дæр даргъ ивæзгæйæ, хъæддых бафиппайдта Косерхан. – Раджы дæр æмæ ныр дæр уæздан уæздан уыдис, кæвдæсард та – кæвдæсард. Махæн нæ мыггаджы кадджындæр лæгтæ сæ уæзданы гæххæтт Бетъырбухæй схастой, фæлæ сын тыргъы айрох ис æмæ сын æй сæгъ бахордта...

– Бахатыр кæн, фæлæ мын рæстæг нæй, – æппынфæстаг йæхи нал баурæдта Нинæ Борисовнæ æмæ аздæхт.

– Æмæ дын уый дзырдтон, – цыма йæ нæ хъуыста, йæхи фыццагау афтæ дардта Косерхан. – Болатик мын фæсмонæй йæхи мары, хатгай дæ урочытæм цæуын дæр нæ фæуæнды. Æфсæрмы, дам, дзы кæнын. Æз, куыд йæ мад, афтæ дæ йæ бæсты хатыр курын.

– Табуафси, – йæ сæрæй акуывта Нинæ Борисовнæ æмæ тагъд къахдзæфтæй кæсæндонмæ фæраст.

– Йæхицæй мын цы аразы, – ахуыргæнæг дзы куы адард ис, уæд мæстыйæ сдзырдта ус. – Удхæссæджы кæстæр хо!

* * *

Мæхæмæты бинонтæ йеддæмæ патефон никæмæ уыд. Æмæ-иу Косерхан сæ уаты рудзгуытæ уынджырдæм куы байтыгъта, æмæ-иу ирон цагъды зæлтæ сыхмæ куы райхъуыстысты, уæд-иу сывæллæттæ уайтагъд уым амбырд сты. Ахæм рæстæг-иу Болатæй хъалдæр ничиуал уыд.

– Иннæ пластинкæ дæр ма сæвæр, – цагъд-иу куы банцад, уæд ын-иу лæгъстæ кæнынмæ фесты.

– Æмæ йæ судзин куы баихсийа, уæд та? – йæ цæсгом-иу барæй фæтар кодта лæппу. – Ссарæн сын нæй!

– Цæй-ма, иу ацагъдæй йын ницыуал уыдзæн... – нæуæндон хъæлæсæй-иу загътаид исчи.

Æмæ-иу кæд Болатæн йæхимæ дæр патефоны цагъд хорз касти, уæддæр-иу иуцасдæр аракæ-бакæ кодта, стæй та-иу ыл уæд зивæггæнæгау æндæр пластинкæ æрæвæрдта.

Æвæццæгæн, уæд сахуыр ис Болат, алы ран дæр йæ дзырд куыд цæуа, ууыл.

Цæмæй йын лæгъстæ кæной, уый тыххæй-иу барæй патефон æрдæгыл дæр фæурæдта æмæ-иу йæхи рудзынг æхгæнæг акодта.

– Болат, цæй-ма, байхъусæм-ма йæм! – хъæр-иу æм кодтой сывæллæттæ.

– Лæвар?

– Уæдæ?

– Нæ патефоны судзин куы баихсийа, уæд ын ног æлхæнын хъæуы! Ауайут уæхимæ æмæ мын фæйнæ суарийы уæддæр æрхæссут.

– Æмæ нæ кæмæ ис æхца?

– Уæд та мын гуырдзиаг балтæ радавут!

– Æмæ цæттæ куы нæма сты.

– Ницы кæны, æрдæгцъæхæй дæр бæззынц...

Æмæ йæм Таймураз æмæ Мурат хæстæг нал цыдысты. Йемæ хъазын дæр нал куымдтой. Фæлæ йын иухатт горæтæй стыр резинæ пурти куы 'рхастой, уæд йæ цурмæ сæхи байстой. Болат та-иу йæ пурти зæххыл ныццавта æмæ-иу куы 'рцæйхауд, уæд-иу æй худгæйæ йæ иу къухæй ацахста. Лæппуты дæр фæндыд йемæ ахъазын, фæлæ сæм æй Болат нæ лæвæрдта.

Иуахæмы дын сæ сыхаг зæронд лæг Гацыр æд бел рахызти сæ кæртæй æмæ, сæ рæзты цы чысыл дон цыд, уымæн йæ къанау сыгъдæг кæнын байдыдта.

– Мæ хуртæ, иучысыл мæм сымах дæр куы фæкæсиккат, – лæппутырдæм ракасти Гацыр. – Дуртæ уæртæ дзыхъгондмæ баппарут.

Таймураз æмæ йæм Мурат уайтагъд базгъордтой, фæлæ Болат йæ хъазт нæ ныууагъта.

– Болат, æмæ мын ды нæ аххуыс кæндзынæ? – дисгæнгæ йæ афарста зæронд лæг.

– Æмæ мæхи куы счъизи кæнон, уæд та? – йæ ног цыбыр хæлафмæ ацамонгæйæ, дзуапп фæкодта лæппу. – Стæй æз æххуырст нæ дæн.

Гацыр мæстыхудт кæнгæйæ йæ сæр ныттылдта.

– Æгæр раджы дын нæу ахæм дзыхæй дзурынæн? – æрæджиау ма йæ æфхæрæгау бафарста зæронд лæг, йæ белимæ архайгæйæ.

Таймураз æмæ Мурат дзыхъгондмæ дуртæ æппæрстой, Гацыр къанауæй кæй калдта, уыдон. Болат та сæ, цыма барæй

мæстæй мары, уыйау, йæ пурти хæрдмæ æппæрстытæгæнгæйæ, сæ рæзты куы иуырдæм ‘згъордта, куы иннæрдæм. Таймураз иу заман, фæстæмæ нæ кæсгæйæ, дзыхъгондмæ фехста æмбæрзæндуры саст. Раст уыцы минут æд пурти дзыхъгонды сæрты фæцæйгæпп кодта Болат, æмæ дуры саст йæ тæккæ фадхъулы сæрыл сæмбæлд. Æвиппайды лæппуйы цъæхахстæй Таймуразæн йæ хъустæ амыр сты. Фæстæрдæм куы фæзылди, уæд ауыдта: Болат богъ-богъгæнгæ зæххыл ратул-батул кæны. Йæ ног сандалийыл фæзынди туджы фæд. Таймуразы фæндыд сæхимæ алидзын, фæлæ цæмæндæр йæ бон иу къахдзæф акæнын дæр нал уыд. Гацыр, Болатмæ базгъорон, куыд загъта, афтæ лæппуйы хъæрмæ Косерхан сæ кулдуар йæ сæрыл рахаста.

– Амардтой мын мæ иунæджы! Амардтой мын æй! – уынгыл азæлди йæ кæуынхъæлæс.

Стæй йæ сæрбæттæн фелвæста æмæ йæ Болаты къахыл атыхта.

– Барæй йæ ничи ныццавта, – райдыдта дзурын Гацыр. – Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ...

Фæлæ йын ус кæугæйæ йæ ныхас æрдæгыл фескъуыдта:

– Хъуыддаг куыд рауад, уый суд сбæрæг кæндзæн! Ныр та уал мын, мæ рæзгæ хъæбулæн йæ туг чи ныккалдта, уый зæгъ.

Зæронд лæг æнæдзургæйæ лæууыд йæ белы æнцой. Косерхан йæ кæуын фæурæдта æмæ ‘нхъæлмæ касти Гацыры дзуапмæ.

– Барæй йын нæ уыдтæн, – ризгæ хъæлæсæй загъта Таймураз æмæ скуыдта.

– А-а-а, уæдæ та ды уыдтæ, ды?! – цыма йæ фыццаг хатт нæ кодта аххосджын, уыйау ыл фæтъæлланг ласта Косерхан, стæй йæм уæд æртихъирæнгæ йæ тымбылкъух батылдта. – Фæлæуу, мæнæ мæ хъæбулыл исты æрцæуа! Æз дæ... æз дын уæд дæ лыстæг къубал стондзынæн! Æз дын... Æз дын уæд дæ иу къахыл ныллæудзынæн, иннæмæй та дæ фæйнæрдæм атондзынæн! Æмæ дæ фæдыл чи рауайа, уый дæр дын нæ разындзæн...

Мæгуыр, Таймураз æй нæма зыдта, йæ фыд хæсты быдыры æбæрæгæй фесæфт, зæгъгæ, сæм ахæм гæххæтт кæй сæрвыстой, уый. Бади йын æй нæма хъæр кодта, фæлæ йæ сыхбæстæ кæрæдзийы дзыхæй исгæйæ дзурын байдыдтой.

Болаты сæхимæ бахаста йæ мад, фæлæ ма иуцасдæр уынгмæ хъуысти йæ мæсты хъæр.

– Мæ фырты мын куыд фæцæф кодтат, афтæ мын æй дзæбæх дæр скæнут, – дыккаг бон Бадинæйæн загъта Косерхан. –

Кæннод уыл судмæ бадæтдзынæн. Æз Ауызбийы чызг дæн, Ауызбийы, æмæ æфхæрд мæ уæлæ ныууадзинаг нæ дæн!

Бадинæ алы райсом дæр хъæуæн йæ иу кæронæй иннæмæ дохтыр Митямæ йе 'ккойы хаста Болаты, цалынмæ йæ цæф нæ байгас, уæдмæ.

– Таму мын путырдæгæй фылдæр не 'рласдзæн, фæлæ ацы Болат мæлæты уæззау у, – алы хатт сыхæгтæн фæлладæй дзырдта уый.

* * *

Институтмæ цы фæлварæнтæ радтын хъуыд, уыдонæй нывæц – сочиненийæ тынгдæр ницæмæй тарсти Таймураз. Уый, æвæццæгæн æй фыццаг кæй хъуыд радтын, уымæн афтæ уыдаид, æндæра фысгæ куыстытæй скъолайы кæддæриддæр хорз бæрæггæнæнтæ иста.

– Уый куы радтон, уæд мæхи студентыл банымайдзынæн, – дзырдта-иу йæ хуыздæр æмбал Муратæн.

– Ды та цæмæй тæрсыс, æдзух дын Луизæ Ивановнæ дæ фыстытæй куы 'ппæлыд! – дзырдта йын алы хатт Мурат.

Луизæ Ивановнæ уыди Таймуразæн йæ уарзон ахуыргæнæг. Чи зоны, æмæ уый тыххæй равзæрста литературон факультет дæр.

Кæддæр Уæрæсейæ сæфтыди Ирыстонмæ æмæ йæхицæн кусынæн равзæрста Рагъхъæуы скъола. Ам йæхи бауарзын кодта айдагъ скъоладзаутæн нæ, фæлæ ма суанг сæ ныййарджытæн дæр. Хъæубæстæйæн уæлдай æхсызгон уыд, Луизæ Бигъатæм куы смой кодта, уæд. Дыууæ-'ртæ азмæ сылгоймаг ирон адæмæн базыдта се 'взаг дæр æмæ се 'гъдæуттæ дæр. Райгуыдис ын лæппу æмæ чызг. Æрыгон ахуыргæнæг йæхи нымадта тынг амондджыныл. Фæлæ уалынмæ йæ мой æнæнхъæлæджы фæзиан, æмæ баззади йæ дыууæ æнахъом сывæллонимæ. Бирæтæ æнхъæл уыдысты, æмæ уый фæстæмæ Уæрæсемæ аздæхдзæн, зæгъгæ. Фæлæ уый ахæм ныхæстæн кæрон скодта:

– Æз ам ссардтон мæ ног райгуырæн бæстæ æмæ ардыгæй ацæуинаг никæдæмуал дæн! – загъта фидарæй.

Хъæубæстæ йын архайдта феххуыс кæныныл: чи йын хъæдæй суг ласта, чи йын каутæ быдта, чи та йын йæ сывæллæттæм касти.

Адæмæн сæ цинæн кæрон нал уыдис, Луизæ Ивановнæйæн

Ирыстоны фыццагдæр Уæрæсейы сгуыхт ахуыргæнæджы ном куы радтой, уæд. Фæстæдæр та ма суанг Ленины орден дæр куы райста, уæд ын хъæугуывд скодтой.

Скъоладзаутæ йæм хъусынæй не ʻфсæстысты, Пушкин æмæ сын-иу Лермонтовы æмдзæвгæтæ æнæ чиныгмæ кæсгæйæ дзурын куы райдыдта, уæд. Æвæццæгæн, уæд фæзынди Таймураз æмæ Муратмæ дæр литературон хайадмæ бацæуыны хъуыды. Хуымætæджы нæ фацалх сты чингуытæ кæсыныл дæр.

Болат та сæм хæлæг кодта æмæ сæ подхалимтæ хонын байдыдта, худинаджы козбаутæ. Фæлæ, фидиссаг чи у йæхæдæг, фидис кæнынмæ уымæй цырддæр ничи разыны...

Таймуразы тынг фæндыди уырыссаг æвзаг тагъддæр æмæ хуыздæр базонын. Хатгай-иу йæхи афарста: «Цымæ мæ ныр, ирон æвзаг чи нæ зоны, ахæм лæппуимæ искæдæм фистæгæй цæуын куы бахъæуид, уæд йемæ уырыссагау цас рæстæг бафæразин дзурын, цæмæй мемæ æнкъард ма кæна, уый тыххæй? Æвæццæгæн, мæ бон уырыссагау дзургæйæ йемæ сæдæ метрæй дарддæр ацæуын нæ бауид...» – ахæм хатдзæгмæ-иу æрцыд.

Иу хуыцаубон Луизæ Ивановнæ Таймуразы хъæуы библитекæйы баййæфта.

– «Айвенго» райстай? – лæппуйы къухы Вальтер Скотты роман фенгæйæ, рæвдауæг хъæлæсы уагæй бафарста ахуыргæнæг.

Таймураз æфсæрмхуызæй «о», зæгъгæ, йæ сæр батылдта.

– Молодец! Хорз у, фæсарæйнаг фысджыты уацмыстæ дæр кæй кæсыс, уый! – Стæй ма уæд афтæ: – Каст æй куы фæуай, уæд ма мæм-иу нæхимæ ʻрбауай, æмæ йыл иумæ аныхас кæнæм. Æз дæр ме ʻрыгон бонты тынг уарзтон уыцы уацмыс.

Дыууæ къуырийы фæстæ Таймураз æд чиныг æрлæууыд Луизæ Ивановнæйы дуармæ. Исдуг уый нæ уæндыд уынгæй мидæмæ бадзурын, фæлæ йæ Луизæ Ивановнæйы лæппу Сережæ рудзынгæй ауыдта æмæ уайтагъд йæ размæ рауади.

– Мидæмæ рахиз, – йæ цонгыл ын тыргъырдæм ахæцыд уый. – Мамæ нæхимæ ис...

Таймураз сабыргай йæ фарсмæ араст.

– Мамæ, мæнæ та дæм дæ ахуырдзаутæй иу фæзынди, – тыргъæй йæ мадмæ бахъæр кодта лæппу.

– Чи у, чи? – агъуыстæй райхъуысти йæ цъæхснаг хъæлæс.

– Таймураз... Таймураз у! – хъæрæй йæ бацамыдта Сережæ.

– А-а-а... Таймураз у? Хорз... Тынг хорз... – фехсызгон Луизæ Ивановнæйæн. – Уæртæ уал æй уатмæ акæн. Æз дæр уæм ныртæккæ зындзынæн.

Къæсæрæй бахизгæйæ, Таймураз фыр дисæй дуары раз сагъдауæй лæугæ аззад. Библиотекæйы йеддæмæ ахæм бирæ чингуытæ никуыма федта æмæ иуцасдæр рæстæг цымыдисæй касти авгæй æхгæд тæрхæгтæм.

– Адон иууылдæр уæхи сты? – чингуытæм ацамонгæйæ, æнæбары афарста Таймураз, æмæ Сережæ æваст йæ хъæлæсыдзаг ныккæл-кæл кодта.

– Бахатыр кæн... – æрæджиау хатыркурæгау сдзырдта уый. – Нæхи сты, уæдæ кæй хъуамæ уой...

Уалынмæ фæзынд Луизæ Ивановнæ дæр æмæ Таймуразыл бацин кодта.

– Сережæ, ды уал мæ бæсты пецмæ дæ цæст фæдар, – загъта рæвдауæг хъæлæсыуагæй. – Мах та Таймуразимæ «Айвенго»-ыл адзурæм.

Лæппу куы ацыд, уæд Луизæ Ивановнæ Таймуразы йæ фарсмæ диваныл æрбадын кодта.

– Цæй, дæ зæрдæмæ фæцыд ацы роман? – ахуыргæнæг æм йæ мидбылты фæлмæн бахудти.

– Тынг... Тынг фæцыд мæ зæрдæмæ, – къуызгæ дзуапп радта Таймураз. – Фæлæ мæ-иу арæх дзырдуатæй пайда кæнын бахъуыд.

Луизæ Ивановнæ Таймуразы романы мидисæй цалдæр хатты бафарста, æмæ йæ кæронмæ афтæ лæмбынæгæй кæй бакасти, уый тыххæй дзы фæбузныг.

Айвенгойы цард, йæ хъæбатырдзинад, йæ хорз удысконд æмæ йæ уарзондзинадыл дзургæйæ, Таймуразæй ферох, цас рæстæг бады Луизæ Ивановнæимæ, уый. Фæлæ иузаман Серёжæ дуарæй йæ сæр куы 'рбадардта æмæ мадæн къулы сахатмæ куы ацамыдта, уæд Таймураз къæмдзæстыгæй йæ бынатæй фестади.

– Бахатыр мын кæн, æгæр бирæ фæбадтæн...

– Ницы кæны, ницы. Ныртæккæ нын Сережæ фæйнæ цайы рахæсдзæн. Æз та дын уæдмæ ног чиныг равзардзынæн.

Луизæ Ивановнæ чингуыты цурмæ бацыд.

Цайы коймæ Таймураз бынтондæр ныфсæрмы. Исдуг, фыр тыхстæй цы акодтаид, уый нал зыдта: иуæй йæ ног чиныг райсын фæндыд, иннæмæй та тагъддæр уынгмæ рацæуын. Уæдмæ йæм

Луизæ Ивановнæ цавæрдæр чиныг бадардта.

– Мæнæ ай дæр дæ зæрдæмæ хъуамæ фæцæуа. Кæддæр æй мæхæдæг цалдæр хатты бакастæн.

Лæппу йæ райста æмæ йын йæ хъæбæр цъарыл бакаст: Этель Лилиан Войнич «Овод».

Цай цымдтой балы фых æмæ печенитимæ. Таймураз фынгмæ æвнæлдта нæуæндонхуызæй. Сережæ йын æмбæрста йæ уавæр æмæ æнæрынцой дзырдта сабиты анекдоттæ, фæлæ сыл йæхицæй дарддæр ничи худти...

Войничы чиныг Таймуразмæ бынтон диссаг фæкаст. Кæсгæкæсын-иу ын хатгай улæфт дæр нал фаг кодта. Йæхи-иу Артуры бынаты авæрдта, Заретæ та йын уыдис Джеммæ. Артур æмæ йæ фыд Монтанелли ахæстоны кæм баиу сты, уыцы ранмæ куы бахæццæ, уæд æнæнхъæлæджы йæ цæссыг фемæхсти, æмæ йын дамгъæтæ схæццæ-мæццæтæ сты.

Таймураз æй каст куы фæцис, уæд æй радта Муратмæ дæр. Уымæн дæр йæ зæрдæмæ тынг фæцыд, кæд, Артур кæй фæмард, ууыл разы нæ уыдис, уæддæр.

Романы мидис Таймураз Бадинæйæн дæр радзырдта.

– Мæгуырæг! – фæтæригъæд кодта мад Артурæн. – Æрыгонæй йæ адзал ссардта...

Дыккаг хатт Таймураз Луизæ Ивановнæмæ бацыдис Муратимæ. Лæппутæ кæрæдзийы дзыхæй исгæйæ, уырыссагау радзырдтой чиныджы мидис. Кæм-иу фæкъуыхцы сты, уым сын-иу афойнадыл æххуыс кæнынмæ фæци сæ ахуыргæнæг.

– Фæсарæны фысджыты чингуытæ кæй кæсут, уый хорз у, фæлæ уæ уырыссаг литературæ дæр рох ма уæд, – сæхимæ цæуыныл куы ныллæууыдысты, уæд ма сын бафæдзæхста.

Æмæ лæппутæ се 'ргом уæлдай тынгдæр аздæхтой уырыссаг литературæмæ...

Таймуразæн йæ цинæн кæрон дæр нал уыд, фыццаг хатт ын Луизæ Ивановнæ йæ сочинени сæ къласы се 'ппæты хуыздæрыл куы банымадта, уæд. Хæлæгæйгуырд, Болат та дымсгæ ныккодта: искæй цин – йæ маст...

* * *

Райсомæй раджы, скъола каст чи фæцис, уыцы фæсивæд фистæгæй араст сты горæтмæ сæ тыхтæ æмæ амонд æвзарынмæ.

Лæппуйæ, чызгæй – иууылдæр уыдысты хъæлдзæг. Алкæмæ дæр сæ разæй æрттывта йæ рухс фидæн: чи дзы рагацау йæхи уыдта ахуыргæнæгæй, чи – дохтырæй, чи – инженерæй, чи та – агрономæй. Сæ фылдæрыл уыдис сæ хуыздæр – райс-бавæрды дарæс, фæлæ, иуварс бакæсгæйæ дæр, зындис, хъæуккæгтæ кæй сты, уый.

Таймураз ацы хатт йæ фыды хæдон æмæ хæлаф скæнын нæ бакуымдта, кæд ын Бадинæ бирæ фæлæгъстæ кодта, уæддæр.

– Мыййаг, дæхи загъдау, йæхæдæг искæцæй куы фæзына, уæд та? – фарста лæппу йæ мады, æмæ уый дæр фæстагмæ йемæ сразы.

Таймуразыл уыдис йæ зæронд æмпъызтытæ, фæлæ хæрзæхсад хæлаф, сæ хæстæг Асæгойы лæвар – хуызивд æфсæддон китель æмæ йæ мады хуыд ног хæцъилдзабыртæ. Йæ цъындатæ булавкæтæй фидаргонд йæ хæлафы фадгуытæм.

Муратæн йæ дарæс рауад чысыл ногдæр æмæ аивдæр. Уымæн ма суанг йæ цъæх сгæллад хæлафы чысыл дзыппæй йæ фыды сахаты æвзист рæхысы кæрон дæр æрзынди.

Фæлæ лæппутæй æппæтæй арæздæр уыдис Болат. Уымæн сæрмагондæй бахуыййын кодтой морæ костюм. Йæ къæхтыл уыдис æрттивгæ бур сæрак туфлитæ. Суанг ма йын цонгыл даргæ сахат дæр балхæдтой, æмæ та йæм-иу цæугæ-цæуыны, йæ цонг хæрдмæ фæхъилгæнгæйæ, æркасти, цыма йæ рæстæг базонын тынг фæндыд, уыйау.

Чызджытæн сæ фылдæрыл уыдис джиппæйфыст хъуымацæй хуыд сæрдыгон къабатæ. Таймуразмæ уыцы бон иууылдæр кастысты уæлдай рæсугъддæр. Фæлæ дзы уæддæр Заретæйæ дзæбæхдæр нæ уыд. Йæ ног сырххъулон къабайы уый æрттывта быдираг дидинæджы хуызæн. Дзæгъæлы нæ архайдта Болат иудадзыгдæр йæ фарсмæ цæуыныл. Æвæццæгæн, йе 'мбæлттимæ уымæн рацыд фистæгæй, кæд æй Мæхæмæт машинæйæ аласынмæ хъавыд, уæддæр.

– Уый хуызæн зынаргъ туфлиты хуырджын фæндагыл куыд цæудзынæ? – йæ фæдыл кулдуарæй рахизгæйæ, тыхстхуызæй бафарста Косерхан. – Куы сæ фæцъæрæмыхст кæнай, уæд та?

– Балхæндзыстут та мын уæд ногтæ, – йæ къух ыл ауыгъта лæппу.

Иузаман та Болат Заретæйы фарсмæ цæуын куы райдыдта, уæд цыма Зæриффæ Таймуразы мæстæй мардта, уыйау ныххудт:

– Ахæм ма дзы рæсугъд къай уыдзæн! Горæты фидауц не сты, суанг горæты!

Болаты цæсгом ныррухс и. Заретæ та æфсæрмæй йæхи чызджыты ‘ауuон фæкодта.

Фæсивæдæн сæ фылдæр хастой фанерæй конд чумæдантæ, сæ фарсыл стыр дамгъæтæй фыст, «Кавказ», зæгъгæ. Ахæм чумæдантæ уæй кодтой Беслæныхъæуы базары алы ран дæр. Фæлæ Болат мæнæ хъал уыд йæ бур чумæданæй!..

Таймураз æмæ Муратмæ уыдис фæйнæ æртæ кæрдзыны, хъæбæр цыхты æрдджытæ æмæ чингуытæ. Хъуамæ сæ хæринаг къуыририйы фаг скодтаиккой, стæй та хуыцаубоны ногæй сæхимæ кæрдзынтæ хæссынмæ фæзындаиккой. Æхца дзы алкæмæ дæр уыдис æрмæстдæр поезды билеты фаг – дыууæрдæм дæр.

Цалынмæ нæма бафæлладысты, уæдмæ быдыры дардмæ хъуысти сæ хъазæн ныхас æмæ худын. Таймураз аивæй бакæсбакæс кодта Заретæйырдæм. Бæргæ йæ фæндыд, чызгимæ сæ кæрæдзимæ куы фæкомкоммæ уыдаиккой, уый, фæлæ йæ хъуыддагæй ницы уадис. Заретæ иу хатт дæр йе ’ргом Таймуразырдæм нæ раздæхта. «Нæ мæ уарзы, – æнкъардæй йæхинымæр дзырдта лæппу. – Ныртæккæ уый Болатæй дарддæр никæй уыны».

Сихормæ рæстæг куы ‘рбантæф, уæд фæсивæдæн сæ уынæр фæсабыр и. Кæмæндæрты дзы фырфæлладæй сæ лæф-лæф цæуын дæр байдыдта.

– Цæй-ма, кæдæм тæхут? – лæппутæм бустæхуызæй бадзырдта Зæриффæ. – Иучысыл ма искуы уæддæр абадæм.

– Уæртæ Хуымæллæджы хиды фале бæлæсты бын абаддзыстæм. Ам, нæхи хурæй кæм бамбæхсæм, ахæм бынат нæй, – Мурат алырдæм йæ цæст ахаста.

– Раст зæгъыс, раст, – йемæ сразы сты. – Уым цъайы донæй дæр ануаздзыстæм.

– Уф-уф, мæнæ ацы ран цы хорз у! – бæлæсты цурмæ куы бахæццæ сты, уæд аууоны, йæ чумæданыл йæхи æруадзгæйæ, хъæрæй сдзырдта Зæриффæ æмæ йæ къухмæрзæнæй йæ цæсгомы хид асæрфта. – Æз ардыгæй никæдæмуал ацæуудзынæн!

Æмхуызæнæй ныххудтысты. Стæй сæ чи Зæриффæйау йæ чумæданыл æрбадти, чи дурыл, чи кæрдæгыл.

– Æвæццæгæн, Зæриффæйæн йæ зæрды уæртæ уыцы ног чъырæйцагъд хæдзармæ бахъазыд, – иннæтæм йæ цæст фæныкъуылдта Болат. – Диссаджы дзæбæх лæппу, дам, сæм ис.

– Ныр цытæ дзурыс?! – чызг йæ цæнгтæ стылдта. – Мæ цæсты кæронæй дæр æй куы нæ федтон!..

Раст уыцы минут æцæгдæр хæдзары тыргъы фæзынд бæрзондгомау бурхил лæппу.

– Нæ уын загътон? – йæ сæрæй лæппумæ ацамыдта Болат, æмæ та лæпputæ ныххудтысты.

– Цы хъæлдзæг стут! –рахъæр сæм кодта лæппу. –Афтæмæй уæ фæндаг Рагъыхъæуæй раст экзаментæ дæттынмæ сарæзтат.

– Æмæ йæ цæмæй базыдтай? – нæуæндон хъæлæсыуагæй йæ афарста Зæриффæ.

– Æмæ дзы базонинагæй та цы ис? – бахудтис æм лæппу. – Афтæмæй дæр бæрæг нæу, ацы аз скъола каст кæй фестут æмæ ныр дардæй горæтмæ кæй цæут, уый?

– Дæсны цыдæр дæ! – фæцырд æм и Зæриффæ.

– Хъæдуртæ æмæ къамæй фæрсын дæр зонын.

– Æмæ дардæй кæй цæуæм, уый дæр къамты руаджы базыдтай? Кæд Брутæй стæм, уæд та?

– Уæд уæ къахыдарæсыл ахæм бæзджын рыг не сбадтаид. Æниу уæ дзырдыхъæдæй дæр бæрæг нæу, Рагъыхъæуæй кæй стут, уый?

– Ау, æмæ мах иннæтæй цæмæй хъауджыдæр кæнæм? – бафарста йæ Мурат дæр.

Лæппу Муратырдæм ракасти:

– Стут цыргъзонд æмæ дзырдарæхст...

– Дæуæн дæр цыма де ‘взаг хуылыдз у!

– Раст та дæ ацы хатт дæр, хорз чызг. – Ома æз дæр сымах хъæуккаг хæрæфырт дæн, сымах!

– Æмæ дæ мадырвадæлтæ чи сты? Кæй хæрæфырт дæ? – цымыдисæй йыл алырдыгæй ныккалдтой чызджытæ.

– Хъæстуатæй...

– Æмæ дæ ном та куыд у?

Лæппу бынмæ хизæнтыл цæрдæг æруади:

– Мæ ном Зауырбег... Зонгæ уыдзыстæм... алкæмæ дæр сæ йæ къух лæвæрдта, æмæ йын уыдон дæр сæхи амыдтой. Стæй, дон нæм уæддæр баназут, зæгъгæ, цъайæ къæрта дзагæй æрбахаста...

Сæ фæллад куы суагътой, уæд сæ фæндагыл дарддæр араст сты.

– Зæриффæ, цыма, йæ зæрдæмæ фæцыдтæ, афтæ мæм кæсы...

– Æцæг загъыс, æцæг, Агуындæ, – йемæ сразы ис Фæтъимæт дæр. – Йæ цæстытæ дзы нал æмæ нал иста!

– Дзæгъæл ма дзурут? – йæхи сæм фæтар кодта Зæриффæ. – Ахæм лæппу мæнæй цы кæны Зæретæйы раз?

Бесланыхъæуы поезды куы сбадтысты, уæд чысыл фæсабыр сты. Алчи дæр сæ йæ фидæныл хъуыды кодта.

Таймураз-иу йæ мадимæ уыдис горæты, фæлæ базарæй дарддæр никæдæм цыдысты. Уым дæр-иу бирæ нæ бафæстиат сты. Бадинæ-иу йæ цыхтытæ куы ауæй кодта æмæ-иу ын чингуытæ æмæ тетрæдтæ куы балхæдта, уæд та-иу поездæй Беслæныхъæумæ æрцыдысты, уырдыгæй та сæхимæ фистæгæй...

Таймуразмæ нырæй рæсугъддæр никуы фæкаст Дзæуджыхъæу. Ноджы ма горæты сæрмæ хæхтæ уыцы райдзастæй æрттывтой, æмæ лæппумæ æвзæрын кодтой алы рæсугъд æнкъарæнтæ. Исдуг дзы, Болат æмæ Заретæ фæрсæй-фæрстæм кæй цæуынц, уый дæр æрбайрох. Дыууæ хатты Таймураз йæхи кæуылдæр скъуырдта æмæ та дзы-иу хатыртæ курынмæ фæци.

– Раст цыма горæты никуы уыдтæ, афтæ сдзæгъæлгаст дæ, – худæнбылæй йын бауайдзæф кодта Болат.

Заретæ сæ цуры куы нæ фæуыдаид, уæд ын Таймураз йæ ныхас ницæмæ ‘рдардтаид, фæлæ йæм ныр æрбамæсты.

– Æмæ ды иу чызджы, йæ фæдыл æнæ акæсгæйæ, куынæ ауагътай! Сылваз рæсугъд Гуыргъохъо!

– Цы, дам, цы?! – Болат æвиппайды дзыхълæуд фæкодта, йæ къухтæ атымбыл сты.

– Цы фехъуыстай уый!

Лæппутæ сыл амбырд сты.

– Цæй, хурмæ стæвд стут? – æфхæрæгау сæ афарста Мурат.

– Æз тынг уазал дæн, – йæхи раст кæнынмæ фæци Таймураз.

– Мæнæ дын адоны хатыр фæуæд, – йæ сæрæй чызджытæм ацамыдта Болат. – Науæд дын æз...

– Науæд цы? – Таймураз æм цæхгæр фæзылди.

– Йæ ливор фелвасид æмæ дæ ныссыхырна кæнид, ныккæлкæл кодта Мурат, æмæ уæд иннæтæ дæр ныххудтысты, суанг ма Заретæ дæр.

– Уæртæ проспект цы рæсугъд у! – Ленины уынджы фале куы фесты, уæд ныддис кодта Агуындæ. – Мах дæр ма дзы иучысыл атезгъо кæнæм.

– Нæ фанер чумæдантимæ? – афарста йæ Зæриффæ.

– Ӕмæ цы кæны? Иувæрсты цæуæм...

Кæд хуыцаубон уыдис, уæддæр Таймураз дисы бацыд, уыйбæрц дзыллæйы тезгъо кæнынмæ куыд æвдæлы, зæгъгæ. Йæ хъустыл уади цæуджыты сабыр ныхас æмæ сылгоймæгты туфлиты къæрцц-къæрцц.

Фæсивæдæй хъæрæй дзурын ничиуал уæндыд. Ӕрмæст маиу чызджытæй исчи хатгай æнæнхъæлæджы ныччыр-чыр кодта, æмæ та-иу уæд къухæй йæ дзых амбæрзта.

Парчы цурмæ куы схæццæ сты, уæд ауыдтой дыууæ даргъ уæгъд бандоны æмæ сыл цингæнгæйæ абадтысты. Адæм сын-иу аивæй бакастысты сæ чумæдантæм æмæ та-иу сæ мидбылты бахудтысты: æмбæрстой йæ, институтмæ чи цæуы, ахæм хъæуккаг фæсивæд кæй сты, уый.

Цасдæр æнæдзургæйæ бадтысты. Сæ рæзты-иу дзингдзинггæнгæ тахтысты трамвайтæ, æмæ та-иу уæд æнæбары сæ фæдыл кæсыныл фесты.

– Ам бадынæй никуы бафсæдин, – иузаман сдзырдта Агуындæ æмæ йæ къæхтыбынæй ныуулæфыд.

– Кæд институтмæ бахауай, уæд-иу бад! – бахудти йæм Зæриффæ.

– Дæ-дæ-дæй! Ӕмæ куынæ бахауон, уæд та? – сонтæй йæм фæзылди Агуындæ. – Уæддæр æз ардыгæй хъæумæ аздæхинаг нал дæн... Ӕфснайæгæй дæр кусдзынæн!

– Ма тæрс, Агуындæ, ацы хатт дæр та дæм, цы билет фæзоныс, уый æрхаудзæн, – зæрдæ йын авæрдта Болат.

Агуындæйæн уæлдай æхсызгондæр фæци, Болат æм йе ‘ргом кæй раздæхта, уый. Алы хатт дæр иннæ чызджытæй хъæрдæрæй хуымæтæджы нæ фæхуды Болаты алы хъазæн ныхасыл дæр. Уый тыххæй йын иуахæмы Зæриффæ бауайдзæф кодта:

– Болат дæм йе’нгуылдз куы февдисы, уæддæр дæ кæл-кæлæн кæрон нал вæййы...

– Мæ хæстæджытæн рагацау, горæты кæй дæн, уый куы фехъусын кæнин. Кæмдæр сын сæ телефон афыстон... – се ’ппæт дæр æй куыд фехъуысой, афтæ хъæрæй сдзырдта Болат æмæ йæхи йæ дзыппыты агурæг скодта.

– Ау, æмæ дын ахæм хæстæджытæ дæр ис? – цымыдисæй йæ афарста Агуындæ.

– Цавæр ахæм хæстæджытæ? – йæ иу æрфыгыл уæлæмæ схæцыд Болат.

– Телефон кæмæ ис, ахæмтæ...

– Ахæмтæ мын иу æмæ дыууæ нæй, – раппæлыди куыдфæндыйы хъæлæсыуагæй Болат æмæ йæ хæлафы дзыппæй стыргомау сау чыссæ систа. Куы йæ байгом кодта, уæд Зæриффæ ныддис кодта:

– Дæлæ йæм цас æхца ис! Хъæугæ та дæ цæмæн кæнынц?

– Горæт æхцаджынты уарзы, – дзуапп радта Болат, чыссæ фæстæмæ йæ дзыппы æвæргæйæ.

Мурат хъазæгау Болаты афарста:

– Æмæ нын уæд ницы зæгъыс, ницы?

– Табуафси. Чызджытæн фæйнæ марожнæйы ныртæккæ...

Болат фестад æмæ, паркмæ бацæуæны иуварс цы дуканигонд уыд, уыйæрдæм фæраст.

– Æз дæр æм фæкæсон, – сонтæй фæгæпп ласта Зæриффæ æмæ лæппуйы фæдыл атындзыдта.

Куы сæ ‘рбахастой, уæд дзы Агуындæ уайтагъд иумæ Болаты къухтæм фæлæбурдта æмæ йæ зыдæй хæрыныл фæци.

– Исчи дæ бирæгъы ‘фсон мары. Уанцон хæрд нæу!

– Болаты хардзæй мын ницы уыдзæн, Зифæ!

– Болаты нæ, фæлæ – колхозы! – срæцыгъта Мурат.

Болат ын йе ‘лхыскъ барæй ницæмæ ‘рдардта: куы схыл уа Муратимæ дæр, уæд йæ фарс ничи рахæцдзæн – Агуындæ нымады нæу... Æмæ æд марожнæтæ Заретæйы цур алæууыд, йæ мидбылты йæм бахудт:

– Афтæ фехъуыстон, марожнæтæ, дам, бирæ уарзыс. Айс мын уæдæ мæ хай.

«Куы нæ йæ райсид», – йæхинымæр бабæллыд Таймураз, æмæ йæ цыма Заретæ хъусгæ фæкодта, уыйау, зæхмæ кæсгæйæ, сабыргай загъта:

– Бузныг. Мæ хъуыртæн нæ бæззы...

Фæсивæд баныхас кодтой, ам, парчы цур-иу æмбæлдзыстæм, зæгъгæ. Æмæ уæд сæ фысымтыл ахæлиу сты.

* * *

Бадинæйы фæндонмæ гæсгæ Таймураз хъуамæ цыбыр рæстæгмæ æрцардаид сæ дард хæстæг Ханиффæмæ. Хæсты рæстæджы сæм Ханиффæ иуцасдæр хъæуы фæцарди.

– Зындзæрæн у Ханиффæ, фæлæ-иу бафæраз. Цы дын зæгъа,

уый-иу кæн, – фæдзæхста йын мад, горæтмæ йæ куы цæттæ кодта, уæд.

– Цæй, Бади, кæд калм нæу...

Рафæрс-бафæрсгæнгæйæ Таймураз ссардта, цы хæдзар агуырдта, уый. Дуар бахойыны размæ ма цасдæр, гуызавæгæнгæйæ, алæууыд къæсæрыл.

Уалынмæ мидæгæй райхъуысти цыдæр уынæр, æмæ Таймураз, цæй, цы уа, уый уæд, зæгъгæ, сабыргай бахоста.

Ссыди дзабырты сыртт-сыртт, æмæ Таймураз æнæбары йæ улæфт фæурæдта.

Дуар базыххъыр, æмæ дзы разынди былахуырст ацæргæ сылгоймаджы сæр.

– Чи дæ? Кæй агурыс? – йæ хъоппæг цъæх цæстытæй йæм бынæй хæрдмæ æнæууæнкхуызæй скæсгæйæ, афарста ус.

– Дæ бон хорз, Ханиффæ... Æз Таймураз дæн, Бадинæйы лæппу...

– Таймураз?! – æнæнхъæлæджы сылгоймаджы цæсгом фæрухс и. – Мæнæ Бадинæйæн цæййас лæппу ис! Рахиз, мæ къона, мидæмæ, æрмæст дуары фæстæ дæ туфлитæ фелвас, кæннод мæ пъол ногæхсад у...

Таймуразæн йæ зæрды зæгъын уыдис, мæныл туфлитæ нæ, фæлæ хæцъилдзабыртæ ис, зæгъгæ, фæлæ, къæсæрæй куыд бахызт, афтæ хæлиудзыхæй аззади: уæды онг æм сæхи зæхбын уат тынг рæсугъд каст, фæлæ ныр Ханиффæйы хæрзæфснайд агъуысты уындæй куыддæр фæуыргъуыйау ис. Тынгдæр дзы йæ зæрдæмæ фæцыди, дуары бакомкоммæ цы кæсæнджын буфет уыдис, уый. Буфеты рудзынгæй йæм зындысты алыхуызон тæбæгътæ. Сæ размæ хибарæй лæууыди тымбылгомау гуыбынджын графин сырх ахуырст донимæ. Авджын дзаумæттæн сæ фæстæ айдæн кæй уыдис, уымæ гæсгæ уыдон Таймуразмæ фæкастысты дыууæ хатты фылдæр. Агъуыстæн йæ астæу æвæрд уыд стыр стъол хауджын урс æмбæрзæнимæ. Рахиз къулы рæбын лæууыд зæрондгомау диван чысыл нывæфтыд базтимæ, йæ бакомкоммæ –хъулджын уæрæх сынтæг, йæ фæстæ – хъуымацæй конд гауыз доныхъазты нывимæ. Æвæццæгæн, Ханиффæ бамбæрста, йæ агъуыст лæппуйы зæрдæмæ куыд тынг фæцыд, уый, æмæ йæ цæсгомыл ахъазыд æхсызгон мидбылты худт.

– Дæ чумæдан дæ къухы куы дарыс... Æри-ма йæ, æз дын æй уæртæ буфеты фæстæ æрæвæрон.

– Бузныг… – нæуæндон къуызгæйæ сдзырдта Таймураз.

– Мæнæ цы уæззау у! – ныддис кодта Ханиффæ. – Уагæр дын дзы Бадинæ цытæ нывæрдта?

– Чингуытæ… Чингуытæ дзы ис… – фæкъæзæнæг Таймураз.

– Чингуытæ?! – усæн цæмæндæр йæ цæсгом фæтар ис. – Æмæ хъæуæй горæтмæ уыйас чингуытæ чи хæссы? Исты ам библиотекæ нæй?

Таймураз йæхи растгæнæгау сдзырдта:

– Кæрдзынтæ дæр мын дзы ис…

– Кæрдзынтæ? – ацы хатт усæн йæ цæсгом ногæй фæрухс. – Æмæ сæ уæд чумæданы цæмæн уадзæм? Тагъддæр сæ фелвасын хъæуы, кæннод æнуды истыхуызон суыдзысты.

Таймураз чумæданæй чысылгомау дзæкъул систа æмæ йæ стъолыл æрæвæрдта. Ус ын тагъд-тагъд йæ ком айхæлдта æмæ дзы иу кæрдзын фæуæле кодта.

– Мæнæ ма кæдæй-уæдæй нартхоры ссадæй конд къæбæр федтон! – цингæнгæ сдзырдта Ханиффæ, стæй уæд кæрдзын фæдихтæ кодта æмæ дзы иу хайы йæ кæнгæ урс дæндæгтæ фæсагъта.

Лæппу бафиппайдта, кæрдзыныл былахорæны сырх фæд куыд аззади, уый.

«Раст цыма къутуйы бынæй раирвæзти, афтæ зыдæй куыд хæры!» – аленк кодта лæппуйы сæры æмæ фæтарсти, ус ын йæ хъуыдытæ куы бамбара, уымæй.

– Ай хуызæн хæрзад кæрдзын афтидæй нæ фидауы, – фыццагау зыдæй хæргæйæ, загъта Ханиффæ. – Æвæццæгæн, Бадинæйæн йæ хъуг нæма ныззад, уый йеддæмæ дын фæндагмæ иу цыхт уæддæр куыд нæ сæвæрдта?

Таймуразæн йæ зæрды зæгъын уыдис, нæ хъуджы нын ивылд дон аласта, зæгъгæ, фæлæ уыцы минут Ханиффæ ферхæцыди æмæ иуцасдæр йæ хуыфынæй нал æнцад стæй уæд кæрдзынтæ скъаппы афснайдта. Таймураз фæндагыл тынг сæххормаг, фæлæ зæгъын ницы бауæндыд.

Суанг æнафонтæм йæ бон бафынæй кæнын нæ уыд: иуæй йæ машинæты уынæр хъыгдæрдта, иннæмæй – Ханиффæйы хуырхуыр. Æппын фæстаг ыл хуыссæг куы фæтыхджын, уæд фыны фестади цавæрдæр рæсугъд галуаны. Цæуын æй хъуыдис хæрдмæ сырх гауызæй æмбæрзт хизæнтыл. Уæлейæ йæм зындис стыр фыссæн стъол. Йæ фарсмæ бадтис æнæзонгæ ацæргæ лæг æмæ

йæм йæ къух тылдта, тагъддæр схиз, зæгъгæ... Фæлæ йын размæ ницы ‘нтыст – хъыгдæрдта йæ йæ фанерæй конд чумæдан. «Цымæ мын дзы Бади цытæ сæвæрдта, афтæ уæззау цæмæн у?» – рæстæгæй-рæстæгмæ-иу йæхи афарста Таймураз, йæ хæссинаг ын йæ цонг дæлæмæ куыд тоны, уый æмбаргæйæ.

Райсомæй Таймураз йæ хуыссæны куы рабадт, уæд йæ бакомкоммæ Ханиффæйы сынтæг ауыдта афтидæй. Ус агъуысты дæр нæ разынд.

– Йæ уынæрмæ йын куыд нæ райхъал дæн! – бадис кодта лæппу æмæ йæ дарæс йæхимæ æрбайста.

Уалынмæ къæсæрæй æд цайдан æрбахызти Ханиффæ.

– Нæ сыхæгтимæ нын кæрты иумæйаг къухнæ ис, æмæ, зæгъын, иу цай уæддæр ацымай.

Таймураз йæ уæлæдарæс скодта, цæхсадта йæхи. Ханиффæ стъолыл æрæвæрдта уæлæнгай тæбæгъ стыр агуывзæ æмæ сау дзулы тæнæг карстимæ, стæй кæцæйдæр фелвæста сæкæры къæртт æмæ йæ агуывзæйы ныппæрста.

– Æз цайыл иу къæрттæй фылдæр не ’ппарын, – загъта æмæ агуывзæйы дон рауагъта. Стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Мæ цайгæрдæг знон фæци.

– Æмæ дæхæдæг нæ цымыс? – агуывзæйы сæкæр куыд тайы, уымæ кæсгæйæ, бафарста Таймураз.

– Æз нæ сыхæгтимæ ацымдтон, – æмæ кæсæны раз йæхи дзæбæхтæ кæнынмæ фæци.

«Ау, æмæ мын ацы дзулы мурæй уæлдай ницыуал æрæвæрдзæн? Мемæ кæрдзынтæ куы’рбаластон...»

– Тагъддæр æвнал, кæннод куыстмæ байрæджы кæндзынæн, – æнæвдæлон хуызы йæм фæзылди ус.

Таймураз айдагъ дзул аныхъуырдта, йæ цайæ цалдæр хуыппы куыд скодта, афтæ та Ханиффæ тыхстхуызæй сдзырдта:

– Абон мæ куыстмæ куы нæ байрæджы кæнин!

Лæппу йæ ‘рмæстдæр уæд бамбæрста, ус æм агъуысты дæгъæл раттынмæ кæй нæ хъавы, уый æмæ цырд фестади.

– Изæрæй раздæр-иу ма ‘рбацу, – уынгмæ куы рахызтысты, уæд Таймуразæн бафæдзæхста Ханиффæ. – Абон мæ зонгæтæн сæ чызг мой кæны æмæ уыдонмæ хуынд дæн...

Институтмæ цæуынмæ ма раджы уыдис. Таймураз исдуг, цы кодтаид, уый нæ зыдта. Ноджы ма уарын дæр хауын райдыдта. Æмæ уал базарырдæм фæцæуæг. Иу чысыл дуканигонды бай-

йæфта дзул уæйгæнгæ. Суткæйы дæргъы Ханиффæйы сау дзулы тæнæг карст йеддæмæ йæ хъуыры хæринаджы номыл ницы ацыд, æмæ дзулы адджын тæфмæ йæ комыдæттæ æруадысты. Бади йын сыхæгтæй æфстау цы фондз сомы райста, уыдонæй поездмæ билет балхæнынæй дарддæр ницыма схардз кодта. Адæмæй чи æнæхъæн дзул иста, чи – дзулы ‘рдæг. Таймуразæн йæ зæрды цыппæрæм хайæ фылдæр райсын нæ уыд, æмæ тарсти, уæйгæнæг ус æм куы сзагъд кæна, уымæй. «Мæнæ йын хъуамæ адон сфаг уой», – аивæй йæ лыстæг æхцатæ анымадта.

Дзæгъæлы тарсти, дзулуæйгæнæг æм куы сзагъд кæна, уымæй: ус ма дзы æппæлгæ дæр ракодта, уыйбæрц лыстæг æхца йæм кæй разынди, уый тыххæй.

Таймураз йæ хъарм дзулы цыппæрæм хаимæ, базарæй цъус дарддæр цы бæлæстæ зад, уыдонæй сусхъæды бын бандон хус уыд æмæ ууыл йæхи æруагъта, зыдæй хæрыныл балæууыд. Дзул æм хъармæй касти ноджы хæрзаддæр, кæд дзы-иу зыгуымы лыстæг муртæ дæр фæцис, уæддæр.

Æфсæст гуыбынæй бахъæлдзæг. Уарын фенцад. Инæлар Ватутины номхæссæг уынгыл араст уым уæлæмæ, институтырдæм. Дуканимæ баздæхт рæстæг базоныны тыххæй. Къуылыл сахат разынди. «Нырма институты дуар нæма байгом кодтаиккой», – йæхинымæр загъта Таймураз æмæ уал йæхи товартæм кæсæг скодта. «Искуы кусын куы райдайон, уæд мæ фыццаг мыздæй Бадийæн уæртæ ахæм туфлитæ балхæндзынæн... Хъуымæцтæ кæм уыдысты, уырдæм куы бахæццæ, уæд ам та зынаргъ къабайæгтæм бабæллыд. «Болаты мад Косерханы хуызæн Бади йæхи куы аразид, уæд хъæуы устытæй уымæй рæсугъддæр ничи уаид», – зына-нæ-зына змæлыдысты лæппуйы былтæ. Уынгмæ рацæуынмæ куыд хъавыд, афтæ фæкомкоммæ æрттиваг сырх хъуымацмæ æмæ батæхуды кодта: «Уымæй хуыд къаба Заретæйыл куыд тынг сфидауид!»

Консультаци сын кæм уыдаид, уыцы уаты цур Таймураз хæрхæмбæлд фæци, Хуымæллæджы цы лæппуимæ базонгæ сты, уыимæ.

– Ды дæр мах факультетмæ цæуыс? – салам раттыны бæсты йæ цымыдисæй афарста.

– Кæй сымах? Рагъыхъæуы? – хъазæгау ын йæхи афарста хуымæллæггаг.

– Цыма дæ ном Зауырбег уыд? – ногæй та йæ афарста Таймураз

– Ныр дæр ма у!  – Ды та, æнхъæлдæн, Таймураз дæ?

Таймураз æм «о», зæгъгæ, йæ сæр батылдта.

– Гъемæ æгас цу, Таймураз, дæ фæрв сугтимæ!

– Ды дæр æгас цу, Зауырбег, дæ бæрæзетимæ!

Кæрæдзи къухтæ нылхъывтой. Мидæмæ бахызтысты.

Раззаг бынæттæ ‘рцахстой, хæстæй чи сыздæхт, ахæм æрыгон нæлгоймæгтæ. Чидæртæ дзы уыдысты сæ хæстон дарæсы, æцæг æнæ пъагæттæй. Сæ риутыл сæ хæрзиуджытæ – кæмæн фылдæр, кæмæн кадавардæрæй.

Уалынмæ ‘рбацыд асæй рæстæмбис ацæргæ лæг æрвцъæх костюмы, бынтон лæгуынсæр.

– Уый декан у. Тынг тызмæг æй хонынц, – загъта Зауырбег.

Декан сыл йæ цæст ахаста, цыма дзы йæ зонгæтæ ис, нæй, уый сбæрæг кæнынмæ хъавыди, уыйау. Сыбыртт  никæцæйуал хъуысти.

– Нæ факультет чи фæцис, уыдонæй бирæтæ систы зындгонд ахуыргæндтæ, фысджытæ, сгуыхт ахуыргæнджытæ, – дзырдта декан сæрыстырæй. – Чи зоны, æмæ сымахæй дæр исчи ацæуа сфæлдыстады фæндагыл. Ам уын фадат ис фаг æмæ хорз зонындзинæдтæ райсынæн, æрмæст ахуырмæ зивæг ма кæнут...

Болат нал фæлæууыд, йæ къух хæрдмæ фæхъил кодта, æмæ декан æнæбары йæ ныхас фæурæдта.

– Исты дæ зæгъын фæнды, лæппу?

– Фæнды, фæнды... – йæ бынатæй фестгæйæ, загъта уый. – Мæн уырны, литературон факультетмæ фыццаджыдæр, сфæлдыстадон курдиат кæмæ ис, ахæмты кæй исдзыстут, уый. Æз æмдзæвгæтæ рагæй фыссын. Дысон дæр та дзы дыууæ афыстон. Иу дзы у нæ институтыл. Ныртæккæ йæ бакæсдзынæн...

Болат йæ ног урс пиджакы дзыпмæ нывнæлдта. Фæлæ дзы чысылгомау блокнот куы систа æмæ йæ куы фегом кодта, уæд ын декан, нæ хъæуы, зæгъгæ, йæ къухæй ацамыдта, стæй бахудызмæл, æмæ йæ раззаг сызгъæрин дæндæгтæ ферттывтой.

– Æмдзæвгæ «афыстон», зæгъгæ, нæ фæзæгъынц. Уæд дæхи цæсты ‘фтауыс...

Болат ныхкъуырдæй æрбадт.

Деканыл фарстатæ ныккалдтой, уæлдайдæр та, хæстæй чи ссыд, уыдон. Се ‘ппæтæн дæр бæлвырд дзуаппытæ лæвæрдта.

– Уæ поэтгонды уын ахъаззаг бафхæрдта, – уынгмæ куы рацыдысты, уæд Таймуразæн худгæйæ загъта Зауырбег.

Ам Таймуразмæ ‘нхъæлмæ каст Мурат

– Салам, суинаг историкæн! – Таймураз ын рæвдауæгау йæ сæр æрсæрфта.

– Салам, суинаг литераторæн! – худгæйæ йын дзуапп радта Мурат стæй Зауырбегмæ фæкомкоммæ æмæ йæ дисгæнгæ афарста:

– Ды дæр, Хъæстуаты хæрæфырт, филологон факультетмæ цæуыс атакæйы?

– Æмæ йын хъуамæ йæ дуæрттæ басæттон! – йæ къух исгæйæ йын дзуапп радта Зауырбег. – Уæвгæ та литературæ рагæй дæр бирæ уарзын...

Суанг изæрмæты æртæ ‘мгары кæрæдзийæ нал фæхицæн сты. Таймуразмæ афтæ каст, цыма æрмæст Мураты нæ, фæлæ Зауырбеджы дæр рагæй зоны. Æмæ дзы йæ рæбинаг хъуыдытæ дæр не ‘мбæхста. Æвæццæгæн сын Зауырбег дæр уымæн ракодта йæ бинонты хабæрттæ: йæ фыды йын рæстагæй æртын æвдæм азы куыд æрцахстой æмæ йæ мад цыппар æнахъом сывæллонимæ куыд баззад, скъолайы бæгънæг æмæ æххормагæй куыд ахуыр кодта, фæлæ уæддæр йæ ныфс куыд никуы асаст æмæ йæ куыд уырныдта, искуы институтмæ кæй бацæудзæн, уый...

Зауырбег цыд Таймураз æмæ Мураты астæуты. Йæ уæлæ уыдис дæрдджынгомау хуызивд костюм, йæ къæхтыл та – кæттагæй туфлитæ. Таймураз уайтагъддæр бамбæрста, уыдон кæддæр йæ фыд кæй дардтаид, уый.

Зауырбег сæ дыууæйæ дæр уыдис бæрзонддæр æмæ асгомаудæр. Уымæ гæсгæ иуварсæй бакæсгæйæ зын раиртасæн уыд, лæппутæ иу кары кæй сты, уый. Ноджы ма Таймуразитæн сæ хæцъилдзабыртæ лæвæрдтой æрыгондæр хуыз.

Фæхицæны размæ сæ кæрæдзийæн дзырд радтой, кæд институтмæ бахауой, уæд æнæмæнг иу агъуысты кæй æрцæрдзысты, ууыл.

* * *

Ногæй та уарыд. Æдде хъуысы, æртæхтæ рудзынджы тасмачъи тæрхæгыл куыд æмдзæгъд кæнынц, уый.

– Бæстæ та дон фестади, – хъуыр-хъуыр кæны Ханиффæ, рудзынгæй уынгмæ кæсгæйæ. – Ныр ма базармæ куыд ауайон?..

Таймураз уыны, уарындон рудзынджы æвгтыл уæле бынмæ куыд згъоры, уый, æмæ йæ зæрдæ бынтондæр ныммæгуыр.

Таймуразы фæнды исты бакæсын, фæлæ йæ Ханиффæ ныхæстыл дары. Стæй цыдæр катайаг у...

– Хъæумæ ныууаинаг нæма дæ? – æвиппайды йæ афарста, æмæ Таймураз йæ бынаты хæрдмæ фæхаудта.

– Цы? Хъæумæ, зæгъыс?

– О. Дæ мады, зæгъын, куы абæрæг кæнис. Дæхицæн дæр истытæ схæссис...

– Хуыцаубонæй мæ раздæр нæ равдæлдзæн, – азымджыны састхъæлæсæй дзуапп радта Таймураз. – Райсом нæм фæлварæн уыдзæн, иннæбон та – консультаци.

Ханиффæйы цæсгом куыддæр фæтар. Таймуразæн хъыг уыд, йæхи йæ раст кæнын кæй бахъуыд, уый. «Цыма дзы истæмæй зылын фæдæн!»

Уынджырдыгæй чидæр дуар хицоны уæндон хост æрбакодта, стæй фæсусгомау ставд хъæлæс æрбайхъуыст:

– Ханиффæ, уæ Ханиффæ, донласт лæгæн дæм æгасцуай нæй?

– Удхæссæг! Тæтæрхъан у, – Ханиффæ æваст йæхи фæхъæлдзæг кодта æмæ дуар байтыгъта: – Табуафси, Тæтæрхъан, мидæмæ нæм саккаг кæн!

Тæтæрхъан уыд бæзæрхыг саухил лæг кæттагæй хуыд даргъ пæлæзы.

Ханиффæ Таймуразырдæм фæзылд: – Йæ пæлæз ма йын къулыл ацауындз.

Таймураз æм бауад, фæлæ йæ Тæтæрхъан йæ къухызмæлдæй фæурæдта.

Йæхæдæг йæ пæлæз раласта æмæ йæ дуары фæстæ рагъæныл сауыгъта, уæд ыл Таймураз милиционеры уæлæдарæс ауыдта.

– Уый дыл майоры стъалы куы фæзынд! – ныддис кодта Ханиффæ. – Арфæ дын кæнын! Мæнмæ уый тыххæй æртæ чъирийы скув!

– Бузныг! – йæ рихиты бынæй йæм бахудти Тæтæрхъан, стæй Таймуразмæ нымдзаст.

– Уый нæ хæстæджыты лæппу у, институтмæ цæуы, – йæ дзыхы цыма тæвд картоф уыд, уыйау тагъд-тагъд дзурын байдыдта Ханиффæ. – Цалынмæ йын æмдзæрæны бынат нæ радтой, уæдмæ уал мæнмæ ацæрдзæн. Æз дæр цы кæнон? Рагæй дæр æвæрæз адæмæн æххуысгæнæг дæн. Афтæмæй сæ, йæ фæстаг кæрдæгыл чи ахафы, уый мæ зонгæ дæр нал фæкæны...

Тæтæрхъан хъуыддагхуызæй йæ тæнæг былтæ кæрæдзимæ æрбанцъылдта, стæй йæ гыццылгомау къуырф цæстытæ Таймуразмæ ногæй сарæзта, цыма йæ раздæр искуы федтон æви нæ, зæгъгæ, ууыл хъуыды кодта, уыйау.

Таймуразы æнæнхъæлæджы æрфæндыд йæ чумæданимæ дуары æдде фæуын. Æмæ, чи зоны, афтæ кæнгæ дæр бакодтаид, уарын куы нæ ныккалдтаид, уæд. Майор ын чиныгмæ ацамонгæйæ, загъта:

– Дæ куыст кæн, лæппу. Ахуыргонд лæг дардмæ уыны...

Таймураз йæхи чиныджы кæсæг скодта. Лæг æмæ ус, буфеты фæстæ цы хибар къуым уыд, уырдæм бацыдысты. Уырдыгай райхъуыст сæ сусу-бусу:

– Ныртæккæ мæм æхца нæй, – дзырдта Ханиффæ. – Знон мæ мæ куыстæй фæсырдтой, адæмæн, дам, сæ доныл сироп фаг нæ кæныс, цыма иннæ уæйгæнджытæ ахæм честнæй сты.

– Иннæтæ арæхсынц, ды та зыдгæнаг дæ!

– Æрмæст мæхи тыххæй дæн? Дæ къæбæр мын хусæй баззайы? – ссар мын бæгæны уæйгæнæджы бынат.

– О, бæгæныйы фынчытæй бирæтæ галуантæ скодтой! – райхъуысти Тæтæрхъаны мæстæлгъæд худын.

– Фендзыстæм, – æмæ Тæтæрхъан рацыд, æнæдзургæйæ йæ пæлæз йæ уæлæ скодта æмæ феддæдуар.

– Гæртамхор! – йæ фæдыл адзырдта Ханиффæ, стæй Таймуразæн хъæстытæ кæнынмæ фæци:

– Ацы налаты æз кæддæр цы цъысымæй фервæзын кодтон, цы!

Ныр Ханиффæйы, æвæццæгæн, хъуыдис, чи йæм байхъуыса, ахæм адæймаг. Æмæ Таймуразæн радзырдта, хæсты фæстæ, дам, Ленинградæй, йæ бинонтæ цагъды кæмæн фесты, ахæм æрыгон чызг Дзæуджыхъæумæ сæфтыди. Ханиффæ йæ йæхимæ æрбакодта. Тæтæрхъан чызджы куы федта, уæд йæ зæрдæйы ныххауд. Цъындагæнæн фабрикæмæ йæ куыстмæ райсын кодта. Стæй йын, йæ бинойнаджы сусæгæй, лæвæрттæ кæныныл нал ауæрста. Рæвдыдхъуаг чызг дæр æй бауарзта. Ноджы ма йын Тæтæрхъан, мæ усæй рахицæн уыдзынæн æмæ дæ ракурдзынæн, зæгъгæ, зæрдæтæ ‘вæрын байдыдта. Ханиффæ уыдта, Светланæ алы изæр дæр лæджы ‘рбацыдмæ куыд æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсы, уый.

– Мæ цæгатаг æрттиваг стъалы! – зæрдæбынæй-иу сдзырдта Тæтæрхъан Светланæйы ауынгæйæ, æмæ-иу чызг фыр цинæй зæххыл нал хæцыд.

Уалынджы Ханиффæ фæкомкоммæ чызджы гуыбынмæ. Хабар Тæтæрхъанæн фехъусын кодта. Лæг фæтарсти: партийæ йæ фæтæрдзысты, куыстæй йæ...

– Аборт ын скæн! – загъта Ханиффæйæн. – Магарич мæнæй!

Фæлæ Светланæ не сразы, æнæрæнцойæ куыдта, уæлдайдæр Тæтæрхъан куы 'рбадæлдзæх, уæд. Хатгай-иу йæ куыстмæ дæр нал ацыд. Иу райсом та йæ Ханиффæ ныууагъта хуысгæйæ. Изæры сæхимæ куы 'рбаздæхт, уæд æй дуары хæцæныл ауыгъдæй æрбаййæфта.

– Æмæ Тæтæрхъанмæ та ницы 'фхæрд æрхауд?!

– Æмæ йæ хъуамæ чи бафхæрдтаид, хъуыддаг йæхи бæрныгонд куы уыд, уæд?

Таймураз бакасти дуары хæцæнырдæм æмæ йæ цæстыл тыххæйты уадис, æрыгон чызг куыд ауыгъд уыдаид, уый...

* * *

Рагæй дæр Дзæуджыхъæуы боныхъæд раив-баивгæнаг у. Дысон дæр ма æмæхгæд дуне куыдта æмæ куыдта, ныр арвыл иу мигъы къуыбылой нал ис.

Таймураз цæуы уарынæй æхсад уынгты йæ фыццаг фæлварæн дæттынмæ. Райдзастæй æрттивынц хæхты цъититæ æмæ йын йæ зæрдæйы æвзæрын кæнынц ныфсы æнкъарæнтæ. Ардыгæй йæм ноджы хуыздæр зыны Мад-хохы лæгъз сæр. Таймураз дзы йæ цæстытæ нал исы. Уымæ афтæ кæсы, цыма хохы уæлæ чидæр фынæйæ хуыссы æмæ ныртæккæ хуры хъармæй райхъал уыдзæн, уыйау. Исдуг лæппуйæ айрох ис, знон ын Ханиффæ цы æвирхъау хабар радзырдта, уый дæр.

Æваст йæ хъустыл ауадис зонгæ хъæлæс:

– Цыма никæй уыныс, дæхи афтæ куы скодтай! Æхца ма ссар?

Фæрсмæ фæзылди æмæ бæлæсты бын бандоныл Мураты худгæйæ куы ауыдта, уæд æм баздæхт.

– Куыд нæ дæ бафиппайдтон! – бадис кодта Таймураз æмæ йæ хæлары къух райста. Иумæ фæцæуæг сты.

Проспекты кæрон галиуырдæм базылдысты æмæ Акаки Церетелийы номыл уынджы уæлæмæ институтмæ сæ ных саразтой.

– Махæн нæ экзамен дыккаг уæладзыджы уыдзæн, – цæугæцæуыны загъта Таймураз. – Сымахæн та?

– Фыццаджы...

Тыргъы Болат цыдæр чызджытæн хъæрæй касти йе ‘мдзæвгæтæ, фæлæ Таймуразы куы ауыдта, уæд йæ блокнот ахгæдта æмæ йæ йæ дзыппы фæтъыста.

Таймуразæн Зауырбег рагацау йæ фарсмæ бынат æрцахста.

Уалынмæ аудиторимæ æрбахызти бæрзондгомау лæппулæг, æмæ йын æмхуызонæй фестадысты.

– Сбадут, – салам сын раттыны фæстæ загъта ахуыргæнæг æмæ фæйнæгыл сочиненийы темæтæ фыссын райдыдта.

Таймураз фыццаг темæ куы ауыдта, уæд йæ цинæн кæрон нал уыд. «Максим Горькийы роман «Мад»-ы герой Павел Власовы фæлгонц». Тынг хорз æй зыдта.

Куыддæр фыссын райдыдта, афтæ йæм фæстæрдыгæй бадæг чызг мынæг хъæлæсæй æрбадзырдта:

– Лæппу, кæд дæм шпорæтæ ис, уæд ма мын дзы иу авæр.

Йæ уæхсчы сæрты йæм акасти: – Æз сæ никуы фæпайда кæнын.

– Дæ бонæй уай...

Ахуыргæнæг сабыргай рацу-бацу кæнын байдыдта стъолты ‘хсæнты. Мæнæ æрлæууыд Таймуразы уæлхъус, æмæ уый йæ фыссын фæуагъта.

– Кус, кус! – Дæ райдиан уал æвзæр нæу... – Загъта æмæ ‘виппайды кæмæдæр адзырдта:

– Уæртæ лæппу! Де шпаргалкæтæ ма ардæм радав æмæ æвæстиатæй дуары æдде фæу! Дæумæ дзурын, урс пиджакджын, дæумæ!

Кæд Таймураз Болатимæ хæлар никуы уыдис, уæддæр уый сæркъулæй йæ рæзты куы рацæйцыд, уæд ын æнæнхъæлæджы фæтæригъæд кодта.

– Мæгуырæг, ахæм удыгага лæппу институтæй æнæхай фæуæд, – сдзырдта чызджытæй чидæр.

Мурат нæ батыхсти Болатыл:

– Ма йын тæрс, уымæн та йæ фыд исты мадзал æрхъуыды кæндзæн. Фæлæ дæуæн та куыд у дæ фысым? Нæма дæ стыхсти?

– Райсом раджы мæ Ханиффæ фехъал кæны, цалынмæ, дам, уынгмæрзæг нæма рацыд, уæдмæ дæхи искæдæм айс, зæгъгæ.

– Æмæ уынгмæрзæджы дæуимæ цы хъуыддаг ис?

– Милицæмæ, дам, мыл бахъаст кæндзæн, чидæр мæм æнæзакъонæй цæры, зæгъгæ.

– Цом æмæ дæ чумæдан рахæссæм!

– Кæдæм!? – Таймураз æваст йæ бынаты дзыхълæуд фæкодта.

– Уæртæ уал мемæ рацу...

Таймураз зыдта, Мурат, се 'рвадæлты лæппу Изæтбегæн йæ бинонтæ цы чысыл уат баххуырстой, уым кæй цæры, уый.

– Æмæ дзы дæхицæн...

– Цом! Цом! Пъолыл уал хуысдзыстæм! – цыма Таймуразы хъуыдытæ бамбæрста, афтæ йæ сцырын кодта Мурат...

Ханиффæ бæгæны уæйгæнæг сси æмæ нæ уыд хæдзары – æмæ уый хуыздæр. Мæты нæ бахаудзæн Таймуразыл.

Маркусы уынджы цы зæронд хæдзæрттæ уыд, уыдонæй иуы кæртмæ Мурат барасти хионау. Таймураз дæр йæ фæдыл зивæггæнæгау æфсæндуарыл бахызти. Хæдзарæн йæ фыццаг уæладзыджы уыдис цавæрдæр скълæдтæ.

Скълæдтæ-æфтауцуæдты фарсмæ кърантæй калди дон æмæ дзы Мурат цалдæр хуыппы скодта, стæй асинтыл дыккаг уæладзыгмæ згъорæгау хизыныл фæци.

Уæллаг тæрхæгыл æрлæууыд æмæ йæм йæ къух фæтылдта, рæвдздæр змæл, зæгъгæ. Тыргъы цалхджын къæлæтджыны анығъуылæгау кодта асгомау сылгоймаг. Йæ цæстытæ цъынд кæй уыдысты, уымæ гæсгæ фенхъæлæн уыд, фынæй у, зæгъгæ. Фæлæ уый æнæнхъæлæджы ракаст, æмæ йæ дзаг цæсгом æгасæй дæр ныррухс.

– Уый Мурат куы дæ! – ныццин кодта ус. – Æмæ уый демæ чи ис? Цы дзæбæх лæппу у!

– Ме 'мбал у, Верæ Владимировнæ. Йæ ном Таймураз. Уый дæр институтмæ цæуы.

–Æнтысæд уын! – раарфæ сын кодта ус. – Æз дæр институтмæ бæргæ бацыдаин, ацы æнамонд низ мæ мæ къæхтыл слæууын куы бауагътаид, уæд...

Мураты цæрæнуаты сенæмæ бахызтысты. Йæ къултыл уыд нывæфтыд гæххæттытæ ныхæст. Иу ран сын, æвæццæгæн, ахæм гæххæтт нал сфаг æмæ йыл Сталины стыр хуызистимæ газет баныхæстой. Дуарæй бахизгæйæ, Таймуразмæ афтæ фæкаст, цыма фæтæг бацæуджытæм худы, уыйау. Æмæ йæм уый дæр æнæбары йæ мидбылты бахудт. Агъуысты Изæтбеджы баййæфтой, точы пецимæ архайгæйæ.

– Мæ хорз æрвад, дыууæйæ нын æнкъард у, зæгъгæ-иу, нæ дзырдтай? – дуары разæй йæм фæхæрзæггурæггаг Мурат. – Æмæ ма нын мæнæ 'мбал!

Изæтбег йæ архайд фæуагъта æмæ Таймуразы къух райста.

– Ме ‘рдхорд Таймуразы мын йæ фысым йæхицæй рацæуын нæ уагъта, фæлæ йæ æз тыххæй ракодтон. Ныр та, зæгъын, махимæ ацæр. Æз тынг дис кæнын, тынг, горæтæгтæ уазджытыл афтæ æнувыд цæмæн свæййынц, ууыл, – загъта ма, алæууыд, стæй бакъæцæл худæгæй.

Изæтбег Таймуразы къухæй чумæдан райста æмæ йæ къуымы, «Кавказ», зæгъгæ, цы дыууæ чумæданыл фыст уыдис, уыдоны фарсмæ æрæвæрдта.

– Хъæутæй чи ссæуы, уыдоны гакк сты адон, – худгæйæ бафиппайдта Изæтбег.

– Иуæй-иутæм дзы сæрак конд чумæдантæ дæр разыны, – загъта Мурат æмæ Таймуразмæ йæ цæст æрныкъуылдта. – Дæуæн та, мæгуырæг, æнхъæлдæн, æмæ та дæ пецæн йæ цъæт цыдæр кодта.

– Иу ран та асыгъди æмæ йæ кæрæдзиуыл аздухын хъæуы, кæннод абон æххормагæй баззайдзыстæм, – Изæтбег ногæй пецимæ архайын байдыдта. Таймураз стъолыл бафиппайдта алгебрæйы чиныг æмæ йæм фæрсæгау Муратæн йæ цæстытæй ацамыдта.

– Изæтбег хæххон-металлургон институты ахуыр кæны – хъуамæ инженер суа.

– Мæнæ кæд мæ пец исты амæлттæй сцалцæг кæнон, уæд мын уый тыххæй хъуамæ æмгъуыдæй раздæр инженеры диплом раттой, – худгæйæ загъта Изæтбег дæр, æмæ уæд æмхъæлæсæй ныххудтысты...

Таймуразæн фехсызгон, йæ ног фысым ахæм зæрдæхæлар æмæ хъæлдзæг кæй разынди, уый.

Изæрæй Изæтбег йæ электрон пецыл сфыхта еууы кас æнæ æхсырæй, фæлæ Таймуразмæ æмбисонды хæрзад фæкасти. Æфсæрмы куы нæ кодтаид, уæд ма дзы ноджыдæр бацагуырдтаид.

Æхсæвыцæстыл Изæтбег дыууæ лымæнæн пъолыл иумæ хуыссæн бакодта. Таймураз тынг бафæллад æмæ куыддæр базыл йæ сæр æрæвæрдта, афтæ афынæй. Фыны фестади сæхимæ. Бади та йæ цыма цæттæ кæны фæндагмæ. Йæ чумæдан алы хæлцæй байдзаг, уæддæр ма йын дзы уый архайы ноджыдæр кæрдзынтæ нытътъысыныл.

– Куы та сæххормаг уай... Куы та сæххормаг уай...

Уалынмæ уынгæй æрбайхъуыст сывæллæтты зарын.

*«Сталин у нæ фæтæг,*
*Сталин у нæ фыд!»*

Таймураз æмбары, зарæг хæстæгæй-хæстæгдæр кæй кæны, уый. «Æвæццæгæн, махмæ цæуынц!» – йæ сæры аленк кодта æмæ йæ бафæндыд сæ размæ рауайын.

– Цу, мæ къона, цу, – дзуры йæм Бади. – Мидæмæ сын зæгъ, кæннод нæм фæхæрам уыдзысты. Хъусыс? Кæртмæ æрбацыдысты...

Ныр та æндæр ныхæстæ дзырдтой:

*Мах – нанайы хуртæ,*
*Сталин у нæ фыд.*
*Сау сæртæ ‘мæ буртæн*
*Уый радта рæвдыд!*

Таймураз тыргъмæ разгъордта. Фæлæ йæ цæст никæуыл æрхæцыд. Зарын дæр æм нал хъуыст. Æрмæст хизæнты бынмæ цъыфы фæйнæрдæм тыгъдæй лæууы газет Сталины хуызистимæ. Чидæр ын йæ цырыхъхъæй йæ цæсгомыл ныллæууыд æмæ йыл йæ фæд ныууагъта. Таймуразæн фыр тæссæй йæ улæфæнтæ ахгæдтой æмæ фехъал. Исдуг, кæм ис, уый не ‘мбæрста æмæ йæ алывæрстæм аракæс-бакæс кодта æмæ къулы рæбын чумæдантæ куы ауыдта, уæд йæ зæрдыл æрбалæууыд, ардæм куыд æрбафтыд, уый. Агъуысты йæхи йеддæмæ ничи уыд. Ау, æмæ «Мурат æмæ Изæтбег кæм сты?» – ахъуыды кодта катайагæй æмæ уыцы рæстæг фæкомкоммæ дуары хæцæныл баст гæххæтмæ. Райхæлдта йæ: «Хуысс уал, лодыр, нæ дæ хъал кæнын. Æз консультацимæ цæуын. Изæтбеджы та рынчындоны кæйдæр бабæрæг кæнын хъæуы. Мурат».

Цæуынхъусæй дуарæй куыд рахызт, афтæ йæ Верæ Владимировнæ афарста:

– Æмæ ды Муратимæ нæ ацыдтæ?

– Уымæн йæ консультаци раздæр райдайдзæн...

– Кæд æххормагæй цæуыс, мыййаг? – бынæй йæм уæлæмæ сагъæсгæнгæ скаст ус. – Замманай лауызтæ нæм ис.

– Бузныг, Верæ Владимировнæ, цыдæртæ ахордтон...

Ус æй бамбæрста, Таймураз сайгæ кæй кæны, уый æмæ йæ хъавыди фæуромынмæ, фæлæ уæдмæ уымæн йæ къæхты хъæр кæрты ссыд.

Таймураз йæ фынил хъуыды кодта. Кæд сенæйы къулыл

Сталины хуызистимæ газет кæй федтон, уый тыххæй ауадис мæ цæстытыл уыцы æнахуыр ныв, зæгъгæ, фарста, фæлæ йæ фарстæн йæ бон бæрæг дзуапп раттын нæ уыд.

Институты Зауырбегыл куы фембæлд, уæд ын радзырдта йæ фын. Уый йæм лæмбынæг байхъуыста æмæ йын ныллæг хъæлæсæй бафæдзæхста:

– Ахæм фын кæй федтай, уый макæмæнуал радзур! Фыдбылызæн бирæ нæ хъæуы – исчи дын æй иннæрдæм сыздахдзæн.

*Уыдзæн ма.*

*РÆМОНТЫ Геор*

# ЦЫППАРРÆНХЪОНТÆ

* * *

Тарæн йæ уаргъбасты – хъизæмар, сар,
Рухс та нып ивылы циндзастæй худгæ...
Ма зæгъæд Скæнæг – æрбайсæфа тар,
Арвыл ма чи фенид стъалытæ судзгæ?!

* * *

Не 'хсæн – миты 'нæтайгæ хъæпæн,
Уый фыдæй цæуы нæ уарзт лæзæргæ...
Хорз, уæддæр-ма бахудыс фæлмæн,
Æмæ дæм нæ хъæбæр кæны зæрдæ.

* * *

Рох кæй хъæуы, уый ныфсæры фидæн
Рохуатмæ, – нæ йæ уадзы цæрын...
Чи нæ бæззы бахæрынмæ куыйтæн,
Хæрзты куыйтæн уый кæны хæрын.

* * *

*Хъ. Ч.*

Дæумæ нæ рабæттин мæ кард,
Мæ ныфсыл уымæй ныфс бæргæ 'фты!..
Дæуау кæй нæ дæн æз мæнгард,
Уый дæу æнæкардæй æргæвды.

* * *

Цы зæгъын, уый ныссусæгæн
Æвгъау кæд у, мыййаг:
Йæ удуæлдайæ кусæгæн
Кæйдæр уæлдай – æлгъаг.

## СТАЛИН

Йæ ном æмæ уæларвмæ цыт
Бæстæтыл, дугтыл – ауундар;
Йæ мардæрцыд нæ цардыцыд
Кæны къуылымпы абон дæр.

*ХОЗИТЫ Хъуыдæберд*

## МÆРДТÆЙДЗÆУÆГ

*Радзырд*

Бекызæ ныр къорд боны йæхимидæг хъуырдухæн кæны, фæлæ, йæ масты къуыбылой кæмæн райхала, уый йæ сæр нæ ахсы. Радзурид сæ йе 'фсин Тыбылонæн, фæлæ сылгоймагыл æууæнк нæй, йæ зонд кæцырдæм ныццæвдзæн, уый хæйрæг дæр нæ зоны.

Гæнæн æмæ йын амал куынæуал уыдис, уæд скарста:

– Цæй, æмæ йын радзурон мæ судзгæ масты хабар. Кæд мæ бамбара, уæд – хорз, фæлæ æз мæ фæнд нал аивдзынæн.

Тыбылон, мæгуырæг, бæргæ рагæй хаты, йæ сæрыхицау а фæстаг рæстæг уæнтæхъил æмæ хъустæ бынмæ 'ппæрстæй кæй цæуы, фæлæ йæ бафæрсын йæ ныфс нæ хæссы. Тыбылон нæ ферох кодта сæ цыппæрæм чызг – лæппумæ 'нхъæлмæ кастысты – куы райгуырд, уæд Бекызæ куыд загъта, уый:

– Æ, Тыбылон, фæлтау æй Дунескæнæг сохъхъыр лæппу дæр куы фæкодтаид!..

Æниу цы уæлдай у, саби æмæ мад дзæбæх, æнæниз уæнт, æндæр... Уæллæй, ис ахæм чызджытæ, æмæ ссæдз лæппуйы йæ разы рыг дæр не 'скалдзысты, рыг!..

Цы уыди, уæддæр Бекызæ йæ фарсмæ æрбадын кодта Тыбылоны æмæ йын райдыдта йæ масты къуыбылой халын:

– Тыбылон, мæ хур, дзæбæх мæм æрбайхъус!

– Беки, хъусын дæм, хъусын, уæдæ ма хуыздæр кæмæ байхъусдзынæн, – æмæ йæм хæстæгдæр æрбабадт.

– Цыппар сабийы хæссын хъæуы, дæхæдæг æй мæнæй хуыздæр зоныс. Мæн нæ фæнды, стæй мын худинаг дæр уыдзæн, уыдон тых-тонатæй хъомыл куы кæной, уæд. Абон æз цы капеччытæ кусын, уыдонæй мах дард кæй нæ ахæцдзыстæм, уый дæр тынг хорз зоныс. Гъемæ 'хсæвæй-бонæй фæхъуыдытæ кодтон æмæ 'рцыдтæн, аивæн кæмæн нæй, иу ахæм хатдзæгмæ: къах, къух хъуаг нæ дæн, уæдæ мæ зонд дæр Хуыцауы фæрцы нырма йæ бынаты ис. Уæдмæ фæхъæрмттæ кæндзæн æмæ, зæгъын, мæхи Уæрæсейырдæм исты капекк бакусынмæ айсон, кусæг лæг алы ран дæр хъæуы...

Тыбылон æм бæстон фæхъуыста, стæй уарзæгой худт йæ мидбылты бакодта æмæ йын афтæ куы бакæнид:

– Æмæ кæд дæ тыхсты сæр æндæр ницы уыдис, уæд нырмæ дæ дзыхыл гуыдыр цæмæн сæвæрдтай? Мæ зæрдæ дæм æхсайдзæн æндæр... Мах дæр ам кæд ардыгæй зымæгмæ бындзыты сæфт нæ фæкæниккам.

– Гъе, уæдæ мæн дæуæй æндæр ницы хъуыди, – бахъæлдзæг Бекызæ дæр.

Рæстæг цыд. Кæдæм хъуамæ ацыдаид, уый дæр уæдмæ сбæрæг.

Амынд бонмæ, Бекызæйы фæндагмæ цы хъуыдис, уыдон Тыбылон иууылдæр æрцæттæ кодта. Æнæхъæн бинонтæй дæр автобусы абадтысты æмæ сахаты фæстæ Беслæны станцæйы рахызтысты. Бекызæ ма йæ чызджытæн къафеттæ дæр алхæдта, абатæ сын кодта фæлмæн. Тыбылон та йæ Лæгтыдзуарыл бафæдзæхста. Дыууæ суткæйы фæстæ Бекызæ ныххæццæ Воронежмæ. Цы хъæумæ хъуамæ ацыдаид, уырдæм автобус нал цыдис, æмæ уæд такси баххуырста. Дыккаг бон Бекызæ уæндон хост бакодта колхозы сæрдары кабинеты дуар æмæ мидæмæ бахызт. Уæрæх æмæ райдзаст уаты бадт, йæ къамисæнтæ афонæй раздæр кæмæн фæурс сты, ахæм уæйгуытæ арæзт лæг-лæппу.

Сæрдарæн, йе 'рцыды сæр цæй тыххæй у, уый дæр, стæй ирон кæй у, уый дæр радзырдта. Сæрдар фестад æмæ Бекызæйы къух æхсызгон ист ракодта æмæ афтæ:

– Зонын, зонын, сæ цæрæнбон бирæ, иу аз ма нæм Ирыстонæй куыстой. Уыдоны руаджы алы зымæг дæр нæ фысвосы тыххæй æдыхст стæм. Хорз бынæттæ сын арæзтой, бæргæ ма нæ хъуыдысты, фæлæ никуыцæй уал фæзындысты.

– Омæ æз дæр уыдонæй иуы амындмæ гæсгæ æрцыдтæн ардæм...

– Тынг раст бакодтай, куыстытæ – къубалмæ, уæдæ мызды тыххæй та тыхсгæ ма кæн, куыд бакусай, афтæ исгæ дæр ракæндзынæ. Ис нæм кусджытæ, фæлæ сæ куысты хъæд зæрдæмæдзæугæ нæу. Фылдæр бонасадæн кæнынц, Хуыцау сæ ноztыл сбæндæн кодта.

– Арæзтадон æрмæгæй та куыд стут? – бафарста йæ Бекызæ.

– Цыдæриддæр хъæуы, уый уал нæм ис. Кæд æмæ исты хъуаг æййафат, уæд дæ зын йæ зæгъын. Иу ныхасæй, дæхæдæг сæ сæргъы ‘рлæууу, – сæрдар тилифонæй кæдæмдæр адзырдта, стæй Бекызæйæн афтæ:

– Ныр уал æмдзæрæнмæ ацу, уым дæм комендант æнхъæлмæ кæсы... Райсом ардæм авд сахатмæ фæзын, æмæ дæ æз уæ куысты бынатмæ фæхæццæ кæндзынæн.

Сæрдары сатæгсау «Волгæ» лæууыди, правленийы раз цы бæрзонд нæзы бæлæстæ ис, уыдоны бын. Кабинеты дуар чысыл фæзыхъхъыр кодта Бекызæ, æмæ йæ цæмæй сæрдар ауына, уый тыххæй йæ сæр мидæмæ бадардта.

– Иу чысыл фæгæдзæ кæн, æртæккæ дæм фæцæуын, – радзырдта йæм сæрдар.

Хъæуæй иу чысыл куы рауадысты, уæд мæнæ фермæтæ, фæлæ дзы Бекызæ иу цъиузмæлæг дæр нæ уыны. Куыддæр рахызтысты хæдтулгæйæ, афтæ сæ цуры февзæрд, раст цыма зæххы скъуыдæй сгæпп кодта, уый хуызæн æхсæвгæс. Сæрдар ын йæ къух райста æмæ йæм дзуры:

– Пал Палыч, цу-ма æмæ рæвдз уыцы магусаты ардæм æрбахæццæ кæн!

Зæронд хъалагъур, раст цыма салдат у, уыйау йæ къух йæ къæмисæнмæ фæцарæзта;

– Есть! – æмæ цыдæр æрбаци. Уæдмæ кæсынц, æмæ далæ æрбакæны цалдæр лæджы, цæуылдæр семæ хъæрæй хъæлæба кæны. Сæрдар сæ йæ разы æрлæууын кодта æмæ сын афтæ зæгъы:

– Мæнæ ацы лæджы уынут. Уый уыдзæн уæ бригадир. Куыддæриддæр ма уæ абонæй фæстæмæ искæй æнцад бадгæ, кæнæ сыкъадзæфæй æрбаййæфтон – хъаст иу мауал ракæнæд, иуæн дæр уæ йæ къахвæддæр ам нал уыдзæн!

Дыккаг бон Бекызæ йæ адæмы фестын кодта хурыскасты размæ æмæ суанг хурыныгуылæнмæ сæ куыст кодтой – цæй хъæбæр нозт æмæ ма цæй цыдæр...

Афтæ ахаста иу дыууæ къуырийы бæрц. Бекызæ куысты æгъдау афтæ карзæй сæвæрдта, æмæ-иу сæ хатгай хæрын дæр ферох.

Уæдмæ бæстæ цъыф æмæ лакъон сси. Хъæуы уынгты æнæ цырыхъхъæй нæ ацыдаис. Цæй куыст æмæ ма цæй цыдæр! Уынгты-иу змæлæг дæр нал ис, алчи бабырыд йæ хуыккоммæ. Бекызæ æнцад бадынæй тыхсын райдыдта. Рæстæг дзæгъæлы сæфы, капекк та кусын хъæуы.

Æрæджиау æрхъуыды кодта, дзæгъæлы бадты бæсты цæуа æмæ бабæрæг кæна йæ хо Замирæты хæдзар. Уый йæ бинонтимæ рагæй дæр ам хæстæг цæры. Бахæццæ, поезд кæм æрлæууы, уыцы станцæгондмæ.

Уæд та мыл искуы фæндагыл исты Хуыцаусконд лæг амбæлд, зæгъгæ, бауад станцæйы кафемæ, алхæдта цыдæр хæринæгтæ, иу авг уырыссаг арахъхъ. Поезды йæ цæуын хъуыд æхсæвæй бонмæ. Иу ран поезд æрлæууыд, æмæ вагæттæм æрбакалд дзæвгар адæм. Бекызæйы фарсмæ ма уыд уæгъд бынат. Кæсы, æмæ дзы йæхи æруагъта иу æртын, æртын фондз азы кæуыл цыдаид, ахæм бурдзалыг лæппулæг, уæлæдарæсæй æххæст, интеллигентон арæзт адæймаг. Уайтагъд базонгæ сты, ныхас сын бацайдагъ. Æхсæвæр кæнын афон куы сси, уæд Бекызæ йæ хæринæгтæ æмæ арахъхъы авг фынгыл æрæвæрдта. Чысыл рæстæгмæ арахъхъы авджы бынæй рухс скалд. Бекызæйы уæдмæ хуыссæг йæ быны акодта æмæ бадгæйæ мæрдфынæй ацис. Цы станцæмæ цыд, уый æрбацæйхæццæ кодта, æмæ йæ вагонгæс райхъал кодта. Йæ алыварс акаст, æмæ нал дæр лæппу, нал дæр йæ чумæдан. Уым уыдысты, уымæй размæ цы лæвæрттæ æрцæттæ кодта йæ хойæн, уыдон, йæ уæлæдарæс, йæ паспорт æмæ йе ‘хцатæ.

– Иууылдæр дæлдзæх фæуæнт, – хъуыды кодта Бекызæ, – фæлæ ныр æнæ паспортæй цы ми кæндзынæн ам, æндæр бæстæйы? Мæстæй тъæпп хауы, йæхи ‘лгъиты, фæлæ ма ныр цы акæндзынæ...

Схæццæ Бекызæ, йæ хо Замирæт кæм цард, уыцы чысыл горæтмæ. Замирæт йе ‘фсымæры æнæнхъæлæджы куы ауыдта, уæд ма фырцинæй цы акодтаид, уый нал зыдта. Фæлæ йын Бекызæ йæ хабæрттæ куы ракодта, уæд уый дæр хорзау нал фæци. Ныфсытæ ма йын бæргæ æвæрдта, фæлæ та-иу Бекызæ йæ худинаджы цаутæ куы ‘рымысыд, уæд-иу ногæй рафыхт.

Иу къуырийы фæстæ къæвда фæсабыр. Арæзтадон куыстытæ та сæ тæккæ цыренмæ бахæццæ сты. Къуылымпытæ куынæуал æййæфтой, уæд фермæтæн сæ хуыз тынгæйтынгдæр зынын райдыдта. Бекызæ йæхицæн рагæй скарста, цалынмæ куыстытæ кæронмæ фæуой, уæдмæ хæдзармæ нæдæр фыстæг ныффысдзæн, нæдæр тел ратдзæн, ссæудзæн æнæнхъæлæджы.

Мæгуырæг, цæмæй зыдта, Ирыстоны йæ уарзон бинонтæ, хæстæджытыл стыр бæллæх кæй сæмбæлди, уый. Хъуыддаг та рауади, мæнæ кинойы куыд вæййы, афтæ: цы лæппу йæ астыгъта, уый ма уыцы поезды кæмæндæр ноджыдæр ахæм ми бакæнынмæ хъавыди, æмæ йæ тæхгæ-тæхыны рудзынгæй расхуыстой...

Марды хæлафы дзыппытæ куы 'рысгæрстой милицæ, уæд æм разынд Бекызæйы паспорт. Мардæн йæхи сæр та – фыдпырх...

Милицæйы кусджытæ Бекызæйы бинонтæм тел радтой, уым æмæ, дам, уым морджы ис уæ лæджы мард æмæ йæ аласут.

Марды хæдзарыл сæмбæлын кодтой. Æгæр бирæ рæстæг рацыд, æмæ цинкæй чырыны сæр гом дæр нал скодтой, афтæмæй йæ баныгæдтой, ирон æгъдау куыд амоны, уымæ гæсгæ. Уæдæ йын дыууиссæдзæм бон  сæвæрдтой дурæй конд цыртдзæвæн дæр.

Уæдмæ фæззæг æрхæццæ. Æрдз йæ цъæх уæлæдарæс бурбуридмæ ивын райдыдта. Бекызæйы бригад дæр кæронмæ йæ куыстытæ фæцис. Иу бон сæм колхозы сæрдар йæ кабинетмæ фæсидт æмæ сын сæ хорз куысты тыххæй стыр арфæтæ фæкодта. Фæдзырдта колхозы бухгалтермæ æмæ йын хъæддыхæй бафæдзæхста, цæмæй кусджытæн дзæбæх бафида. Кæрæдзийæн хæрзбон загътой, æмæ бригадæй алчидæр афардæг йæ фæрнджын хæдзармæ.

Поезд Беслæны станцæйы куы 'рлæууыд, уæд дзы Бекызæйæ раздæр ничи рахызт. Уæддæр та дзы райгуырæн бæстæйæ адджындæр исты уа! Уыцы уысм Бекызæ цæттæ уыд ныхъхъæбыс кæнын æнæхъæн Ирыстон дæр. Фондз мæйы фæцис Уæрæсейы, фæлæ йæм афтæ каст, цыма ам нæ уыди æнæхъæн дæс азы. Такси йæ сахатырдæджы фæстæ йæ тæккæ хæдзары размæ бахæццæ кодта. Хъавгæ, цæмæй сывæллæттæ ма райхъал уой, уый тыххæй рудзынг бахоста. Исдуг æм ничи ракаст. Ноджы дæр ма иу хатт бахоста, æмæ йæм уæд мидæгæй ракалд мынæг рухсы цъыртт. Тыбылон æнафоны уазæджы куы ауыдта æмæ

ма йæм ноджы куы сдзырдта, ма тæрс, дуар бакæн, æз Бекызæ дæн, зæгъгæ, уæд цавддурау фæци.

Йæ къухы ма бафтыд цырагъ ахуыссын кæнын, бауад йæ сынтæгмæ æмæ æрхуыссыд. Цырагъ ахуыссыны хабар Бекызæйы зæрдæмæ нæ фæцыд, сæры фæкуыси галиу хъуыды, кæд хæдзары исты нæлгоймаг ис, зæгъгæ.

Ноджы дæр ма иухатт бакъупп-къупп кодта, фæлæ никуы æмæ ницы. Гæнæн æмæ йын амал куынæ уал уыд, уæд бахоста йе 'мкъул сыхаг Быттыры рудзынг. Æрæджиау Быттыр Бекызæйы куы ауыдта, уæд сагъдауæй аззад:

– Цавæр Бекызæ дæ? Мах Бекызæйы раджы куы баныгæдтам. Чи дæ, цы дæ? Мæнæй ахынджылæг кæнынмæ æрбацыдтæ? Фесæф мæ разæй тагъд!

Бекызæ нырма ныр бамбæрста, цыдæр æнахуыр хабар кæй æрцыд, уый æмæ Быттырмæ дзуры:

– Ма тæрс, æддæмæ ма ракæс!

Рацыд æм Быттыр, уæдæ ма йын цы гæнæн уыд... Æцæгæй дæр мæнæ Бекызæ. Фырцинæй ма кæрæдзийæн цы акодтаиккой, уый нал зыдтой. Куы дзы иу фелвасы иннæйы, куы та иннæ, кæрæдзи цъилау зилынц. Цины хъæлæбамæ Быттыры бинонтæ дæр ракалдысты. Быттыры æфсин Зæли хæрзæггурæггаг Тыбылонмæ фæцагайдта. Уайтагъд дыууæйæ дæр Бекызæйы уæлхъус алæууыдысты.

Гъæйдæ-гъа, Тыбылон дын Бекызæйы æгасæй ауыдта, уæд ма цæй ирон æгъдау æмæ цæй цыдæр! Йæхи йыл раст стайы цæф ныккодта æмæ йæ нал æмæ нал уагъта йæ хъæбысæй. Уæдмæ æнæхъæн сыхбæстæ дæр сæнкъуысти æмæ къордгæйттæй згъордтой, мæрдтæй сæм фыццаг хатт чи сыздæхт, уыцы адæймаджы уынынмæ. Уæдмæ сбæрæг, хъуыддæгтæ сæрæй кæронмæ куыд рауадысты, уый дæр. Дыккаг бон хъæуы цæрджытæ ныххæррæтт ластой Бекызæйы хæдзармæ, хъæуыл фыццаг хатт чи 'рцыд, фæлæ йæ кæрон амондджын кæмæн разынд, уыцы цауыл фæцин кæнынмæ.

Адæм Бекызæ æмæ Тыбылонæй домдтой куывд скæнын. Куывды бон дæр уæдмæ æрхæццæ. Хъæубæстæй иу дæр фæсте нал баззад. Бекызæйы кæрты уыйбæрц адæм сæмбырд, æмæ, уæллæй, бæласæй фæткъуы æрхауди, зæгъгæ, уæд зæхмæ ницы хуызы 'рхаудтаид.

Адæм зæрдиагæй фæкафыдысты, фæзарыдысты, гаджи-

дæуттæ фæуагътой... Хъуыди ма æрмæстдæр иу хъуыддаг алыг кæнын: ныгæд цы уркæ æрцыд, æппæт бæллæхтæ кæй тыххæй рауадысты, уымæн цы чындæуа?

Мыггаджы хистæртæ бауынаффæ кодтой фæдзурын Бекызæйæн йæхимæ æмæ йын афтæ зæгъынц:

– Нæ чысыл æфсымæр, æгæр тынг нæ фæтæрсын кодтай. Фæлæ, цы 'рцыди, уый æрцыд. Уыцы æнæхайыры марды нæ уæлмæрдты ницы хъуыддаг ис. Райсом нæ кæстæртæн хъæудзæн бафæдзæхсын, цæмæй йæ æмбонды æдде зæххы бын фæкæной.

# ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*БЫРНАЦТЫ Барон*

## ДЫУУÆ НЫХАСЫ ИУ ÆМДЗÆВГÆЙЫ ТЫХХÆЙ

Айфыццаг мæм æрбахауд Абайты Эдуарды æмдзæвгæты чиныг «Цæххы тæпп». Бирæ дзы ис поэзийы фарнæй дзаг рæнхъытæ, зæрдæмæхъаргæ афоризмтæ. Зæгъæм: «Дæу аккаг уарзт мæ зæрдæйы нæ цæуы...», «Ныллæг бынæттæ агуры цæугæдон...», «Дыууæ халæй иуæн æнæсхаугæ нæй...», «Сæрызондæй куынæ кæсай, уæд цæстытæ куырм ысты...»

Мæхимæ нæ исын æмбырдгондыл дзурыны хæс. Йæ кой йын уымæн скодтон, æмæ Эдуарды курдиат ам ирдæй æвдисы йæхи.

Æрæджы та мæ зæрдæ барухс, поэтæн «Мах дуг» кæй ныммыхуыр кодта, уыцы æмдзæвгæтæй (2012 азы фарæстæм номыр). Зæгъын мæ фæнды сæ иуы тыххæй, хуыйны «Нæ хъуг». Автор «адæймаджы цæстытæй» ракæсын кæны, адæймаджы хъустæй байхъусын кæны æгомыг фосы:

*Дзурын нæ зыдтай, æндæр*
*адæймаджы цæстытæй кастæ...*
*Скъæтæй-иу бинонты змæлдмæ хъуыстай...*

Дзырдæй-дзырдмæ, рæнхъæй-рæнхъмæ æмдзæвгæ кæны тыхджынæй-тыхджындæр. Фæстагмæ поэт ахæм барджын ныхас сфæразы зæгъын, æмæ кæд сæ хъуджы схоны «нæ мад». Куыннæ фехъуыстон нырмæ, адæм сæ хъуццытыл цавæр буц нæмттæ сæвæрынц, уый: уырыс сæ фæхонынц «наша кормилица», ирæттæ – «не ‘хсыры къæрта», «нæ дарæг», фæлæ йæ исчи бинонтыл нымайа, кæнæ йæ мад схона, уый нæдæр искуы кæсгæ бакодтон, нæдæр æй фехъуыстон.

Бинонтыл хъуг афтæ сахуыр æмæ-иу сæм æдзухдæр «тындзыдта рæгъауы разæй». Сæхæдæг дæр ыл æнувыд уыдысты, хуыдтой йæ сæ удлæууæн, сæ зæрдæдарæн.

Фæлæ – замана: æрзылди хъугæн йæ фæстаг сахат – фæкæнынц æй æргæвдынмæ. Иу хатт ма сæм фæкаст «адæймаджы цæстытæй», поэт (лирикон герой) дæр ма йæм иу хатт акасти,

фæлæ йæ «адæймаджы цæстытæй кæсын нæ фæндыд». Ацы цалдæр дзырдæй Абайы-фырт равдисы йæ уды мидхъизæмар, йæ уды рыст. Уæлдай æвирхъаудæр уавæры йæ æппары, цардæй мæлæты ‘хсæн балæууыны бар ын кæй нæй, уый. Бынтон æрхæндæг у уацмысы кæрон. Фæлæ иу поэты загъдау, «æмдзæвгæ, æмдзæвгæ уæд фæхуыйны, æмæ дæ йе зарыныл куы бафтауа, йе кæуыныл».

Иттæг арæхстджынæй равдыста автор царды трагеди, стыр эмоционалон тых ис уацмысы, уæлдайдæр кæройнаг рæнхъыты:

*Иу каст ма акодтон*
*æз дæр*
*дæ фæдыл,*
*фæлæ мæ адæймаджы цæстытæй кæсын*
*нæ фæндыд...*

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты – Уæрæсейы сгуыхт нывгæнæг **Абысалты Юрийы** куыстытæ.*

*Юри каст фæци Цæгат Ирыстоны аивадон училищæ æмæ И. Е. Репины номыл Ленинграды нывгæнынады, скульптурæйы æмæ архитектурæйы институт. Йæ нывтæн сæрмагонд равдыстытæ уыди Дзæуджыхъæуы, Мæскуыйы, Парижы, Цюрихы, Лозаннæйы, Потланды æмæ æндæр рæтты.*



*Ногбонты хъæзтытæ.*



*Бæрæгбоны агъоммæ.*



*Базары.*



*Цæлхыдзаг мæй.*



*Астролог.*



*Херыгæнæг.*



*Адджын фæззæг.*



*Цæстфæлдахæг.*



*Кæсагахсæджы фын.*

*Нас æмæ нурытæ.*





*Дидинæг.*



*Фыййауы фын.*



*Хъарм æхсæв.*



*Хивæнд гал.*



*Фæззыгон къæвда.*



*Нас.*



*Изæр.*



*Чызгыскъæфт.*



*Бæрæгбон.*



*Хæтæгхуаг.*



*Гауыз.*

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

*ТОХСЫРТЫ Къоста*

## ÆЛГЪЫСТ ХÆДЗАР

Æртæуæладзыгон райдзаст бæстыхай лæууы Дзæуджыхъæуы Ленины æмæ Бутырины уынгты фисыныл. Фыццаг хатт æй чи фена, уый æнæмæнг бадис кæндзæн йæ рагон нывæфтыд архитектурæйыл. Гъе, фæлæ бирæтæм ацы хæдзар æнкъард хъуыдытæ сæвзæрын кæны. Мæстæлгъæд æмæ æрхæндæг зæрдæйæ фæцæйцæуынц йæ иувæрсты. 75 азы рацыд, ам Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады (МАК-ы) кусæндон æмæ мидæггаг ахæстон лæгæргæвдæн куы уыдысты, уæдæй нырмæ. Агъуысты алы агуыридур дæр бирæ цæссыгтæ федта. Ирон адæмы хуыздæр хъæбулты туг ахъардта ахæстоны бындуры, бацахст сисы хуынчъыты æмæ æдзухдæр агайы зæрдæйы судзгæ хъæдгæмттæ.

Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнады хæрзаудæны организаци «Пенсиисджытæ æмæ инвалидты – æнæзакъон политикон æфхæрдтыты амæддæгты ассоциаци «Номарæн»-ы сæрдар Зураты Ауызби мын куыд радзырдта, афтæмæй, ацы зæххон зындонмæ 1938 азы онг чи бахауд, уыцы адæмæй ныр æгас ничиуал у. Æмæ уый бамбарæн ис. Суанг 40-æм азты политикон æфхæрдтытæ чи баййæфта, уыдон дæр сты æнæфæразгæ цалдæр ацæргæ адæймаджы. Къухы нæ бафтыд семæ аныхас кæнын, цæмæй нын радзырдтаиккой, МАК-ы мидæггаг ахæстоны цы хъизæмæрттæ бавзæрстой, уый тыххæй. Уымæ гæсгæ спайда кодтам раздæр азты къухфыстытæй, цæмæй нæ адæмы кæстæр фæлтæрты минæвæрттæ бæлвырддæр базоной, Цæгат Ирыстоны цæрджытæ йæ рæстæджы цы политикон тымыгъты бахаудысты, уый.

1990 азы сентябры сфæнд кодтон мидæггаг ахæстоны къæсæрæй бахизын. Хъыгагæн, мæ фæнд фæстæдæрмæ æргъæвтон, цавæрдæр æбæрæг тых мæ бонæй-бонмæ урæдта. Нæ мæ фæндыд, кæддæр нæ разагъды лæгтæн мæрддон чи ссис,

уыцы къуымтæм бакæсын. Нæ мæ фæндыд раздæры ахст адæмы хъизæмæрттæ бæлвырддæр базонын. Уæдæ МАК-ы удхорты фыдмиты тыххæй чи радзырдтаид, ахæм æвдисæн лæг агурын дæр æнцон нæ уыд. Бирæтæ ам, æндæр ахæстæтты сæ адзал ссардтой. Æгас чи у, уыдонæй та мын цалдæр мæ курдиатыл не сразы сты.

Раст куы зæгъон, уæд раздæры ахæстытæй мæ фарстытæн дзуапп радтыныл чи не сразы, уыцы хъуыддагыл мæ ныхас кæнын дæр нæ фæнды, зæгъгæ, чи дзырдта, уыдоныл мæ зæрдæ нæ фæхудт. Кæй бафæнддзæн дыккаг хатт зындоны дуæрттыл суанг хъуыдыты цæуын дæр, фыдбонтæ æмæ æвирхъау нывтæ мысын? Ардыгæй иу къахдзæф йеддæмæ нæ уыд мæрдты бæстæм. Ацы агъуысты къæсæрæй-иу чи æрбахызт, уый-иу цыфæнды раст куы уыд, уæддæр æфсæйнаг хызæй йæ фæндаг æхгæд уыд сæрибармæ.

Кæд цард æмæ мæлæты æхсæн карз тох цыд, уæддæр рæстдзинад ныххурх кæнын никæй бон баци. Рæстæг равзæрста, раст æмæ зылын чи уыд, уый. Удыхъæдæй тыхджын адæймæгтæ та чысыл нæй царды. Кæд политикон ахæстытæ хъизæмæрттæ бавзæрстой, уæддæр дзы бирæты ныфс нæ асаст. Республикæйы раздæры Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады бæстыхæйттыл азилыны тыххæй Гусалты Никъалайæн бирæ дзурын нæ бахъуыд. Уый не 'хсæн нал ис. Кæд нæ фæстаг фембæлдæй дæргъвæтин рæстæг рацыд, уæддæр абон дæр дис кæнын йæ ныфс æмæ фæразондзинадыл. Дыууæ азы æмæ æрдæг фæбадт ацы талынг ахæстоны, зыдта йæ алы фæзилæн, раздæр кæм цы уыд, уыдæттæ дзы нæ ферох сты.

Нысангонд рæстæгæй бирæ нæма рацыд, афтæ Гусалты Никъала – бæрзондгомау ацæргæ лæг – лæдзæджы æнцæйттты æрбалæууыд мæ размæ. Агъуысты тигъыл йæ цæстæнгас ахаста, цæсгом фæтар.

– Нæ адæмы хуыздæр фырттæ ам фесæфтысты, – æнкъардæй загъта уый. – Чи дзы бадт, уыдонæй стæмтæй фæстæмæ æгас ничиуал у. Агъуыстæй куы зæгъæм, уæд, æдде бакæсгæйæ, раздæр уыд, ныртæккæ куыддæриддæр у, афтæ. Суанг ма йæ ахуырст дæр нæ фендæрхуызон. Ахæсты-иу къухтæбастæй ардæм æрбакодтой, хæдзарæн Ленины уынджырдыгæй цы æфсæн кулдуар ис, ууылты, кæнæ та Бутырины уынгæй. Æхсæвæй-бонæй гæрзифтонг хъалагъуртæ къæрцхъусæй лæууыдысты МАК-ы

административон агъуысты алыварс – цъиуæрбатæхæн дæр дзы нæ уыд.

Фæстæдæр бацыдыстæм мидæмæ. Ам Гусалты Никъала бирæ хъизæмæрттæ бавзæрста. Фæндзай азы фæстæ ногæй федта кæддæры камерæтæ – уæлæуон зындоны фидæрттæ. Ацы æнамонд къæсæртыл фыццаг хатт æрбахызт 1937 азы декабры. Цæмæн, цæй тыххæй, кæмæн цы кодта, уыдæттæн мисхал ницы зыдта. 1925 азы каст фæци Ленинграды паддзахадон университеты инженерон-экономикон факультет. Æрыгон специалист акуыста Ростовы, 1927 азы та нысангонд æрцыд Цæгат Ирыстоны облæххæсткомы Госпланы хицауæй.

Бирæ хорз нысантæ уыди Никъалайы зæрдæйы. Фæндыд æй йæ райгуырæн Ирыстонæн хæрзты бацæуын, фырты лæггад бакæнын. Фæлæ æвзонг сæнттыл тугæмхæццæ зæй рацыди. Сихорафон æм сæрак къуртгæджынтæ гæрзифтонгæй фæзындысты куыстмæ æмæ йæ акодтой.

– Фыццагдæр мæнæ ацы ран бадтæн, – загъта Никъала, æмæ бахызтыстæм нарæг къуыммæ. – Мемæ дыууæ къуырийы бæрц фесты раздæры æфсæддон комиссар Акъоты Петр, паддзахы æфсады булкъон Николаев æмæ Дзæуджыхъæуы вагæттæ цалцæггæнæн заводы хыгъдхæссæг Ахъийы-фырт.

Куыд загътон, афтæмæй раздæры МАК-ы бæстыхай æдде бакæсгæйæ цæсты ахады. Фæлæ, ам кæддæр ахæстоны чи уыдис, æвирхъау фыдæбæттæ чи æвзæрста, уыдонæн зындонæй уæлдай нæ уыд.

Уæвгæ дзы ныртæккæ ахæстоны хуызæнæй ницы ис. Нæ бæстæйы иу адæймаджы цытæн кæрон куы скодтой, уæдæй фæстæмæ дзы ахст адæймаджы къах нал æрлæууыд. Раздæры ахæстоны бæстыхæйттæ Æдасдзинады паддзахадон комитеты бахъуыдысты хæдзарадон хъуыддæгтæн. Фыццаджыдæр, камерæты æфсæн дуæрттæ раивдæуыд хъæдынтæй, пъолтæ саразтой фæйнæг æмæ паркетæй.

Гусалы-фырты мысинæгтæй мæм афтæ фæкасти, цыма ахæстыты хъæрзын, хъалагъурты мæсты хъæртæ æмæ дамбацайы гæрæхтæ æппынæдзух мæ хъустыл зæлыдысты. Ам фосы аргъ дæр нæ кодтой адæймагæн. Æвæццæгæн, ахæм уавæрты хъæддаг сырды дæр ничи фæдардзæн. Бæгънæг къултæ æмæ бетонæй астæрд пъолтæй дарддæр камерæты ницы уыд. Ахæстытæ хуысгæ, хæргæ æмæ бадгæ дæр кодтой уазал зæххыл. Ныхас канд

цæрыны фадæттыл нæ цæуы. Ахæстоны тызмæг уагæвæрдæн бирæтæ цыбыр æмгъуыдмæ дæр нæ фæрæзтой. Хицæуттæ зæххыл æрбадын дæр нæ уагътой ахст адæмы. Алы хатт дæр-иу хъалагъуртæ сæумæрайсом цалдæргай бедратæ дон басæххæтт кодтой камерæтæм æмæ-иу бетонæй астæрд пъолтæ чысыл малты хуызæн уыдисты. Фынæйафон та-иу ахæстытæ сæ дзаумæттыл сæхи æруагътой, æмæ-иу уыдон райсоммæ буары хъармæй бахус сты.

Æнаххосæй чи бадт, уыдоны дæр МАК-ы кусджытæ сæттын кодтой сæ «рæдыдтытыл». Æмæ уый тыххæй та цынæ мадзæлттæ мысыдысты! Зæгъæм, адæймагæн цæхджын кæсаг бахæрын кодтой. Æмæ-иу куы сдойны, уæд та йын фыдæнæн нуазыны дон нæ лæвæрдтой.

Ахæм фыдмитыл ахæстытæ бæргæ ахуыр уыдисты, æндæр хъизæмæрттæ та сæ тардтой ингæны къæсæрмæ. Зæгъæм, слестгæнджыты цавæр бæрæггæнæнтæ хъуыд, ахæмтæ-иу чи нæ лæвæрдта, уый-иу дæргъвæтин рæстæг уазал камерæйы фæдардтой, надтой йæ резинæ лæдзджытæй, фæлвæрдтой йыл электрон тых, къухы æнгуылдзтæ цъист кодтой дуарæй тарвазы æхсæн.

Облæххæсткомы раздæры сæрдар Цæллагты Къостайæн слест кæныны рæстæг арт скодтой йæ риуыл. Фæдисы хабар ахст адæм фæстæдæр кæрæдзимæ дзыхæй-дзыхмæ алæвæрдтой, чи йæ нæ базыдта, ахæм нал баззад.

Медицинæйы профессор, зындгонд дохтыр Мысыкаты Мæхæмæты цæмæн æрцахстой, уымæн йæхæдæг дæр ницы зыдта. Басæтт дæ рæдыдыл, зæгъгæ дзы домдтой. Куы ницы загъта, уæд æй лæгхортæ «дзæбæх кæнын» райдыдтой медицинон мадзалæй – фыцгæ донæй йын изæрæй клизмæ скодтой, æмæ райсомæй йæ уд систа Æппæтцæдисон Центрон Æххæстгæнæн комитеты Цæгат Ирыстоны иудадзыгон минæвар Цæлыккаты Елхъаны уæрджытыл.

– Ацы хабар мын Елхъан радзырдта, ахæстонæй куы суæгъд дæн, уæд, – загъта Гусалты Никъала. – Æмæ Елхъан йæхæдæг дæр æвыдæй нæ аирвæзт. Куыд мын радзырдта, афтæмæй йæ дæргъвæтин рæстæг фæдардтой уазал доны, йæ рæуджытæ фæсахъат сты, æмæ уыцы низæй фæстæдæр мæрдтæм бацыд.

Слестгæнджыты ардыдæй ахстытæн цы фæлварæнтæ кодтой, ахæмтæ, æвæццæгæн, нæ уыдзæн Гиннессы рекордты чиныджы дæр. Хæххон республикæйы обкомы раздæры секретарь Тæкъоты

Симон йæхи базылын кæныны тыххæй куы ницы бæрæггæнæнтæ лæвæрдта, уæд æй уырдыг фæлæууын кодтой æхсæвæй-бонæй. Дыууæ къуырийæ фылдæр æгъуыссæгæй фæлæууыд ахæстоны къуымы. Туг фæбадти зæнджы дадзинты, къæхтæ ныррæсыдысты.

– Раст куы зæгъон, уæд Тæкъоты Симонимæ иу камерæйы нæ уыдыстæм, – дзырдта дарддæр Гусалты Никъала. – Фæлæ мын дыккаг бон ме 'мбæлттæ фехъусын кодтой, дысон, дам, Симоны мæлæтдзагæй аластой ахæстоны рынчындонмæ. МАК-ы разамынд архайдта, цæмæй-ма фервæза, ууыл. Уымæн æмæ йæ хъуыддæгтæ уыцы рæстæджы конд нæма фесты.

Ахæстоны чи уыдис, уыдоны ныхæстæм гæсгæ ма алыхуызон фыдмиты фæстæ сæхиуыл тыххæй хæцыдысты республикæйы Сæйраг тæрхондоны раздæры сæрдар Магкæты Ислам, Дзæуджыхъæуы горкомы секретарь Сæрæлиты Елмæрза.

Абон бирæты фæнддзæн, ахст адæмы-иу мæлæтдзаг кæй амындæй фæкодтой, уыдон базонын. Се 'ппæт кæм, фæлæ дзы цалдæры зæгъдзыстæм: слестгæнджытæ Городниченко, Амосиков, Базрайы-фырт, Шестаков, Кучийы-фырт, Ковалев æмæ Боярский. Адоны æлгъаг нæмттæ тугæвдылдæй баззадысты тæрхондоны бирæ æнамонд хъуыддæгты.

Уæвгæ сын æмбæлттæ дæр чысыл нæ уыд. МАК-ы кусджытæ афтæ бирæ уыдысты æмæ ахстой административон агъуысты дыккаг æмæ æртыккаг уæладзгуытæ. Алкæмæндæр дзы – бирæ куыст, æнæвдæлон уыдысты. Утæппæт ахст адæмы хъуыд фæрсын, зылын кæнын æмæ нæмын дæр. Тæрхоны æнæнымæц хъуыддæгтæ æхсæвæй-бонæй нæрсыдысты комиссарады æфсæн чырынты.

Слестгæнджытæ ахст адæмыл цынæ гакк æвæрдтой, иу ахæм нал баззад. Кæй хуыдтой «Адæмон парти»-йы уæнг, кæй «контрреволюцион», «рахизтроцкистон» кæнæ «галиутроцкистон», «буржуазон-националистон» æмæ æндæр организациты кусæг. Гусалты Никъалайы та зылын кодтой «рахизонты контрреволюцион организацийы» архайды тыххæй. Цы хъуамæ радзырдтаид слестгæнæгæн? Йæхи загъдау, аххосджын ницæмæй уыд. Госпланы кусгæйæ, куыд æмбæлы, афтæ арæзта республикæйы хъуыддæгтæ. Оргæнты кусджыты та бæлвырд хабæрттæ базонын фæндыд «рахизонты контрреволюцион организаци»-йы тыххæй. Сæ къухты куы ницы æфтыд, уæд «аххосджынæн» ныссастой йæ фæрсчытæ, сæр æмæ къæхтæ бирæ хæттыты уыдысты уæззау цæфтæ, буар саухъулон афæлдæхт. Афæдз æмæ йæ

ærdæг фæдардтой, æрмæстдæр иу адæймаджы фаг чи уыд, ахæм къарцы.

– Цæгат Ирыстоны МАК-ы комиссар Зоделава мæм фынддæс хатты фæсидт йæхимæ, – дзырдта Гусалы-фырт. – Зæрдæ æвæрдта ахæстонæй рауадзынæй. Æрмæст, дам, зæгъ, де 'мбæлттæ чи сты, уый.

Ныр цæуæм, Зоделавайы кусæн уат кæм уыд, уырдæм. Кæддæр та йæм фæндаг уыдис йæ хæдфарсмæ «сусæг уатæй». Ам-иу бахъуыды заман ахст адæймаджы «хорз федтой» резинæ лæдзджытæй. Уæды рæстæджы дзырдтой, комиссармæ, дам, хуыздæр каст дæрæнтæ æмæ йæ туджы мæцгæ адæймаджы фæрсын.

Фæстæдæр бахызтыстæм иу хурæфсæст уатмæ. Ам ивгъуыд æнусы æртынæм азты уыдис Цæгат Ирыстоны МАК-ы разамонджытæ Иванов æмæ Миркины кусæнбынат. 1938 азы та йæ бацахста тугмондаг æмæ æгъатыр Зоделава. Йæ амындæй туджы зæйтæ цыд ахст адæмыл. Фæлæ тугдзых сырд тæригъæд нæ зыдта. Тæрхоны хъуыддæгтæ фæлдахынæй-иу куы бафæлмæцыд, уæд-иу рахызт балкъонмæ æмæ сыгъдæг уæлдæфмæ зæрдæдзæбæхæн фæлгæсыд горæтыл.

Ацы уат канд Зоделавайы кусæндон нæ уыд. Арæх дзы тæрхон кодтой цыфыддæр фæуинаг «двойкæ»-тæ æмæ «тройкæ»-тæ дæр. Пъеройы фындзы иу хаххæй лыг кодтой адæймаджы хъысмæт.

«Ленин æмæ Бутырины уынджы тигъыл æртæуæладзыгон хæдзары ныккæнды цы камерæтæ уыд, уыдонæй иуы йæ тæккæ дзагæй баййæфтон адæмæй», – фыссы Дзесты Куыдзæг уацмыс «Зæрдæйы ностæ»-йы.

Æцæгдæр, ам хъизæмары уæттæ уыдис. Бирæ адæм дзы æрвыстой сæ царды фæстаг бонтæ. Камерæты дæс æмæ нодджы фылдæр адæмы кæй дардтой, уый тыххæй дзы сулæфæн нæ уыд. Над æмæ æндæр фыдмиты фæстæ-иу хатгай ахæстытæ кæрæдзийы дæр нал базыдтой.

Хъуыддаг бæлвырд чи нæ зоны, ахæм адæймæгтæй арæх фехъусæн вæййы, зæгъгæ, марыны тæрхон кæмæн уыдис, уыдоны æрвыстой бæстæйы алы рæттæм, уæлдайдæр та – Сыбыр æмæ цæгатаг районтæм. Ахæм дам-думты æцæгдзинад мисхал дæр нæй. 1937–1938 азты марыны тæрхон хаст кæмæн æрцыд, уыдон иууылдæр фехстой МАК-ы мидæггаг ахæстоны. Цæмæн ма сæ ластаиккой æндæр рæттæм, æнæуи дæр сын бирæ куыст куы уыд, уæд?

Гусалты Никъала куыд радзырдта, афтæмæй-иу марыны тæрхон хаст кæмæн æрцыд, уыдон-иу байуæрстой хицæн камерæтыл. Сахат дæр нæма рацыдаид, афтæ-иу ахст адæм кæрæдзимæ къул хойыны æхxуысæй зыдтой, ног æмбæлттæ чи сты, кæмæн цавæр тæрхон хаст æрцыд, уый æмæ æндæр хабæрттæ.

Фæстæдæр-иу оргæнты кусджытæ камерæтыл зилын райдыдтой. Марыны тæрхон хаст кæмæн æрцыд, уыдонæн дзырдтой, этапы уæ æрвитæм, зæгъгæ, афтæмæй та сæ къухбæстытæй хуыдтой лæгæргæвдæнмæ.

– Алы æхсæв дæр-иу 11–12 сахаты куы сси, уæд-иу дамбацайы гæрæхтæ хъуысын райдыдтой ахæстоны, – дзырдта Гусалы-фырт. – Фылдæр хатт-иу дзы 25 банымадтон. Цавæр гæрæхтæ фæцыд, уый та ахст адæмæй алчидæр æмбæрста. Фæстæдæр-иу цавæрдæр æмыр гуыппытæ æрбайхъуысти кæртæй. Не ‘мбæлтты мæрдтæ нын автомашинæйы гуыффæмæ кæй æппарынц, уый ма нын цы зонын хъуыд?

Лæууын, ахст адæмы мæрдтыбæстæм кæуылты кодтой, уыцы дуары къæсæрыл. Ауылты нæ Иры хуыздæр хъæбултæ Мамсыраты Саханджери, Тогъойты Данел, Къесаты Хъæлæмырзæ, Арсæгты Горга, Барахъты Гино, Саламты Къола, Цæллагты Къоста, Хаситы Хъамболат, Бутаты Хъазыбег, Таболты Петкæ æмæ бирæ æндæртæ ацыдысты ацу æмæ ма ‘рцуйы фæндагыл.

Оргæнты кусджытæ архайдтой сæ тугæйдзаг хъуыддæгтæ сусæг кæныныл. Фæлæ ахст адæмæй ницы æмбæхсæн уыд. Уайтагъддæр-иу кæм къул хойынæй, кæм дзыхæй-дзыхмæ, кæм та æндæр мадзæлттæй базыдтой лæгмарты æвирхъау митæ. Гусалты лæг та мын афтæ радзырдта:

– Зæгæл мæ къухы бафтыд æмæ дзы рудзынджы тарваз сындæггай ахуынкъ кодтон. Ардыгæй мæм дзæбæх зынд æмæ хъуыст, кæрты цытæ цæуы, уый. Кæй фехстой, уыдоны мæрдтæ-иу машинæйы æвæрд куы фесты, уæд-иу хъалагъуртæ кæрт ныхсадтой, туджы пырхæнтæ куыд нал зыной, афтæ. Ахæм рæстæг-иу фæзынд ахæстоны комендант Каменский дæр æмæ-иу афарста: «Порядок?» «Порядок!» – дзуапп лæвæрдтой лæгмартæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ахст адæм æмбæрстой, алкæмæ дæр сæ цы кæсы, уый. Фæлæ цы акодтаиккой? Аирвæзæн нæ уыд агъуыд сырдты маргæйдзаг дзæмбытæй. Хæххон республикæйы ÆК(б)П-йы пропагандæ æмæ агитацийы хайады раздæры сæргъ-

лæууæг, фæстæдæр та ирон театры директор Сæлбиты Хъамболаты марынмæ куы рацæйкодтой, уæд йæ къухты баст феуæгъд, хъалагъурты фæйнæрдæм асхуыста, кæртмæ ралыгъд æмæ ныхъхъæр кодта: «Цæуыл мæ марут, лæгхортæ, ныронг рæстæй куы фæцардтæн, уæд?»

Оргæнты кусджытæ кæрæдзийы фæдыл ракалдысты кæртмæ. Цуаны куыд вæййы, афтæ йæ цæвын райдыдтой лæдзджытæй, топпы чъылдымтæй, йæ къухы кæмæн цы бафтыд, уыдæттæй. Ахæм фыдмард акодтой газет «Рæстдзинад»-ы раздæры редактор Галаты Степаны, Облæххæсткомы раздæры бæрнон секретарь Карсанты Хадæхцыхъойы æмæ бирæ æндæрты.

1937 аз 17 майы зынгзæрдæ революционер, æхсæнадон архайæг æмæ фыссæг Барахъты Гино хæрын нал куымдта, æнаххосæй йæ кæй æрцахстой, уый фæдыл протесты хуызы æмæ домдта, цæмæй æвæстиатæй уæгъдгонд æрцæуа. Иванов æмæ йæ дæлбартæ Шестаков æмæ Городниченко Хуыцауы бар нæ ныууагътой Гинойы. Хъуыддаг бæлвырд равзарыны бæсты йын алыхуызон буаргъæдтæ уадзын райдыдтой йæ туджы, цæмæй сыдæй ма амæла, уый тыххæй. Иуныхасæй, сæ фæнд уыди Барахъыфырты «адæмы знаг» фестын кæнын, сæ къухы дæр бафтыд æмæ йæ фæстæдæр мæрдтæм барвыстой.

Æнаххос адæмы канд «двойкæ»-тæ æмæ «тройкæ»-тæ нæ сæфтой. Арæх-иу тæрхондоны хъуыддæгтæ æвзæрстой Цæгат Кавказы Æфсæддон зылды трибунал, Цæгат Ирыстоны Сæйраг тæрхондон, Фæскавказы Æфсæддон зылды трибунал, ССР Цæдисы Сæйраг Советы Президиум.

1938 азы ССР Цæдисы Сæйраг тæрхондоны Æфсæддон коллегийы сæрдары хæдивæг Матулевич июлы æмæ октябры уыди Цæгат Ирыстоны. Дыууæ хатты дæр бирæ туг ныккалдта. Æнаххосæй сæфт æрцыдысты канд ирон адæмы хуыздæр хъæбултæ нæ, фæлæ ма уырыссаг æмæ хъазахъхъаг интеллигенцийы разагдæртæ дæр.

Абон мах сæркъулæй мысæм Алагиры зылды æххæсткомы сæрдар Кучиты Сергейы, Лескены хъæуæххæсткомы сæрдар Тубеты Агуыбечыры, Хъæдгæроны колхозы сæрдар Гусаты Гадæккойы, Рахизфарсы районы «Фæлхасцæдис»-ы сæрдар Галазты Хадзымырзæйы æмæ бирæ æндæрты рухс нæмттæ.

ССР Цæдисы МАК-ы сæрмагонд æмбырд дæр раст тæрхон нæ кодта: слестгæнджытæ Кучийы-фырт æмæ Городниченко

комиссар Зоделавайы ардыдæй цы мæнг гæххæттытæ бацæттæ кодтой, уыдонмæ гæсгæ «антисоветон буржуазон-националистон знаггадгæнæг организацийы архайды» тыххæй ахст æрцыдысты завод «Электроцинчы» директор Е. И. Осепян, цехты хицæуттæ Козаты Д. Ф., Санахъоты Л. И., ахуырадон комбинаты директор Темыраты К. З. æмæ æндæртæ – æдæппæт 26 специалисты.

Хъуамæ исчи фæрса, зæгъгæ, нæ хуыздæр адæмты нын æнаххос æмæ рæстæй куы сæфтой, уæд сæ сæрыл чи сдзырдтаид, иу ахæм лæг нæ уыд Ирыстоны? Бæгуыдæр уыдис. Æнæхайыры «двойкæ»-тæ æмæ «тройкæ»-ты галиу миты ныхмæ хъæддыхæй æрлæууыд æрыгон адвокат Дзампаты Бег. Райгуырд æмæ схъомыл Ольгинскæйы, каст фæци Ленинграды университеты юридикон факультет. 1935–1936 азты йæ дæсныйадыл куыста Цæцæны, фæстæдæр та æрвыст æрцыд йæ чысыл райгуырæн бæстæмæ. Ам «сау халæттæ» зилдух кæнын райдыдтой йæ сæрмæ. Удхорты чъизи хъуыддæгтæ хурмæ кæй калдта, уый тыххæй йæм фæфыдæх сты æмæ йæ 1937 азы фесæфтой.

Уæвгæ уыцы рæстæджы адвокат нал баззад нæ республикæйы. Дзампайы-фырты хуызæн ныфсхаст юристтæ уыдысты Цæголты Амырхан, Яралов æмæ Датиты Гадзыбе дæр, фæлæ сæ зонындзинæдтæ, зæрдæйы хорзæх æмæ арæхст æххæстæй равдисын нæ бафтыд сæ къухты – фыддуджы азарæй басыгъдысты.

Фæстæдæр «двойкæ»-тæ æмæ «тройкæ»-тæ ивд æрцыдысты. Адæмы тас уæддæр нæ фесæфти. Фылдæр хатт тæрхоны лæгты бæсты хъуыддаг æвзæрстой Сæйраг тæрхондоны æфсæддон коллеги, æндæр паддзахадон уæлдæр оргæнтæ. Зæгъæм, 1939 азы «рахизон контреволюцион организацийы архайды» тыххæй Цæгат Кавказы æфсæддон зылды æфсæддон трибунал тæрхон кодта Облæххæсткомы фыццаг сæрдар Саламты Къолайæн, Цæгат Ирыстоны Госпланы сæрдары хæдивæг Цогойты Батызыйæн, зынгæ революционертæ æмæ æхсæнады лæгтæ Тогъойты Данелæн, Арсæгты Горгайæн, Церекты Хаджумарæн, Цæлыккаты Елхъанæн æмæ иннæтæн – æдæппæт 30 адæймагæн.

Шпионаж æмæ æндæр цъыфкалæнтæй «базылын» кæныны фæстæ марыны тæрхон рахастой Тогъойты Данелæн, Коккаты Федырæн, Цæлыккаты Елхъанæн, Гусалты Никъала æмæ иннæтæн.

Ам мæ сæрмагондæй зæгъын фæнды ирон сылгоймæгты хъизæмæртты фæдыл. Бирæ цæссыг фæкалдтой МАК-ы хæдзары алыварс. Йæ мой, йе 'фсымæр, æндæр къабаз талынг ныккæнды кæмæн бадти, уыдон сæ маст куыд хъуамæ баурæдтаиккой? Кæуын æмæ ахæстоны хъæбæр дуæрттæ æлгъитынæй хæлдтой сæ зæрдæты маст æмæ судзаг æлхынцъ.

– Ахæстоны чи бадт, уыдоны хæстæджытæ-иу сусæгæй æрцардысты МАК-ы бæстыхайы алыварс хæдзæртты, – дзырдта мын црайуаг Агънаты Дæду 1990 азы. – Æхсæвæй-бонæй радыгай нæ цæст дардтам, ахст адæмы цы фæкæнынц, уымæ. Æмæ куыд æнхъæл стут? Арæх-иу ахæстоны кæртæй æнафоны автомашинæтæ кæнæ, дыууæ бæхы ифтыгъд кæм уыд, ахæм бричкæ рацыди. Сæ гуыффæты цы ластой, уый та махæй алчидæр хорз æмбæрста.

Раздæр куыд загътон, афтæмæй, Мысыкаты Мæхæмæтæн фыдмитæ кæй фæкодтой, уый тыххæй йæ бинойнаг Фаризæт балæбурдта МАК-ы хицауадмæ æмæ сын алывыд акалдта. Фæлæ дзы маст йеддæмæ ницы ссардта. Оргæнты кусджытæ сæ ныхмæ дзурын нæ уарзтой. Фаризæты æрцахстой, æмæ йын фондз азы ахæстоны фæбадыны тæрхон хаст æрцыд.

Афтæ Тогъойты Данелы, Цæлыккаты Елхъан æмæ Гусалты Никъалайы бинойнæгтæ дæр сæ уæззау маст æмæ хъыгимæ ныххæццæ сты Мæскуымæ. Ныхас кодтой Æппæтцæдисон старостæ æмæ æппынæдзух мидбылты худæг Калининимæ. Фæлæ Сæйраг Советы Президиум Тогъойты Данел æмæ Коккаты Федыры цард нæ бахъахъхъæдта, Цæлыккаты Елхъан æмæ Гусалты Никъалайæн та марыны тæрхон ивд æрцыдис дæс азы ахæстоны фæбадынæй.

Ацы æвирхъау хъуыддаджы, фыццаджыдæр, слестгæнæг Боярский у аххосджын. «Рахизонты контрреволюцион организаци» Цæгат Ирыстоны нæ уыд, афтæмæй йæ цæмæдæр гæсгæ бафæндыд, цæмæй нæм уыдаид. Ахæм слестгæнджыты æнæсæрфат миты азарæй чысыл адæм нæ фесæфт. МАК-ы хæдзары ныккæнды адæмы маргæ кодтой, дыккаг уæладзыджы та комиссарады кусджытæн клуб уыдис. Хъæлдзæгдзинад сæ зæрдæ куыд агуырдта, уый ныр зын бамбарæн у, фæлæ сын бирæ нæ ахаста.

1940 азы январы Мæскуыйы округджы Æфсæддон трибунал фехсыны тæрхон рахаста С. З. Миркин æмæ Н. И. Ивановæн.

Цæмæн, зæгъгæ, куы фæрсат, уæд, Цæгат Кавказы адæмты æхсæн хæрамдзинад кæй тыдтой, тæрхондонмæ мæнг слестгæнæн æрмæджытæ кæй лæвæрдтой æмæ советон партион кусджыты, интеллигенцийы минæвæрттæ æмæ колхозон цардарæзты активондæр архайджыты бындзагъд кæй ныккодтой, уыдæтты тыххæй.

Ахæм фыдбылызты фæдыл ССР Цæдисы Сæйраг тæрхондоны Æфсæддон коллеги 1940 азы 26-æм мартъийы марыны тæрхон рахаста МАК-ы комиссары хæдивæг С. Д. Шестаковæн дæр. Уыцы рæстæджы каст æрцыд раздæры слестгæнджыты хъуыддæгтæм дæр. Революцион закъонтæ гуымиры хуызы кæй хæлдтой, бæлвырддæр зæгъгæйæ, хицæн адæймæгтæй сæ маст исыны фæдыл тæрхондоны æрмæджытæ зыгъуыммæйæ кæй æвдыстой, уый тыххæй 1940 азы апрелы топпы дзыхмæ æрлæууыдысты Алагиры-Æрыдоны районы МАК-ы хайады раздæры хицау Кучиты М. Б., фæстæдæр та – И. М. Лаушкин. Дæргъвæтин æмгъуыдтæм ахæстоны фæбадыны тæрхон хаст æрцыд Суанты С. П., Ю. З. Миркин, Е. А. Олеско æмæ ноджы цалдæр адæймагæн. Фæлæ уымæй нæ уæззау зианты хъыг æмæ маст нæ фæрогдæр сты. **Æппæт фыдбылызты аххосаг дæр у нæ паддзахады уæды тоталитарон цардæвæрд. Кремлы бадæг «зæдтæ æмæ дауджытæ» бæстæйæ лæгæргæвдæн саразтой, цæмæй фæллойгæнæг адæм тæрсой æмæ кувой æрмæстдæр уыдонæн.**

Фæстæдæр хъуыддаг къуырцдзæвæнмæ куы æрцыд, уæд партийы Центрон Комитеты уæды бæрнон кусджытæ алы хуызты архайдтой сæ тугæйдзаг фæдтæ бамбæрзыныл, æмæ уый тыххæй та аххос æндæртыл ныххуырстой. Сталин æмæ йæ разамынды уынаффæйæ цæгъдын райдыдтой МАК-ы кусджыты, бæлвырддæр зæгъгæйæ, сæ бирæ фыдракæндты комкоммæ æвдисæнты.

Махæн абон уæлдай зæрдæниз у, иу адæймаджы культы азар нæ республикæйы сфæлдыстадон тыхты æнауæрдонæй кæй басыгъта, уый. Бирæтæ дзы курдиатджын уацмыстæ бæргæ балæвар кодтаиккой чиныгкæсæг дзыллæтæн. Фæлæ сфæлдыстадон æртдзых æнафон бамынæг сæ риуты. Йæ рæстæджы æдасдзинады паддзахадон комитеты цы номхыгъд саразтой, уым Цæгат æмæ Хуссар Ирыстонæй ис 39 æдзард фыссæджы. Уыдон сты Æбаты Шамил, Æмбалты Цоцко, Æрнигон Илас, Барахъты Гино, Беджызаты Чермен, Гаглойты Рутен, Гатуты Дзахо, Дзаттиаты Алыксандр, Зæнджиаты Бæбу, Къосираты Сæрмæт,

Къубалты Алыксандр, Хъуылаты Созырыхъо, Малиты Георги, Тыбылты Алыксандр, Фæрнион Къоста, Цомайты Харлампи, Бекъойты Дзибка, Зæгъойты Сарди æмæ иннæтæ.

1937–1938 азты кæй æрцахстой, уыдоны сывæллæттæ – абоны ацæргæ адæймæгтæ – ныр дæр нæ зонынц, сæ фыдæлтæ цы фесты, уый. Бирæтæн дзы æгæр-мæгуыр гæххæттытæ дæр нæ баззад Æдасдзинады федералон службæйы архивы. Уæдæ, марыны тæрхон кæмæн рахастæуыд, уыдон та кæм ныгæд сты?

– Ацы хъуыддагыл нæ хъæппæрисджын къорд чысыл нæ бакуыста, – загъта Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон хæрзаудæны организаци «Номарæн»-ы сæрдар Зураты Ауызби. – Бæрæггонд куыд æрцыд, афтæмæй марыны тæрхон рахæссыны фæстæ лæгхортæ кæй фехстой, уыдон бирæгæйттæй ныгæд сты Ирыхъæуы зæронд уæлмæрдты, завод «Электроцинчы» дæллаг фарс, Сывæллæтты республикон клиникон рынчындоны ныхмæ, инæлар Плиты Иссæйы уынджы Тургеневы скверы æмæ Дзæуджыхъæуæй Джызæлмæ фæндагыл.

Ивгъуыд æнусы 20–40-æм азты æмæ 50-æм азты политикон æфхæрдтытæ чи баййæфта æмæ уголовон хъуыддæгтæ арæзт кæуыл баййæфта, уыдон сты 14 мин адæймаджы. Адонæй тæрхондæтты уынаффæйæ растгонд æрцыдысты 11345 адæймаджы. Райдайæнæй фæстæмæ фарста афтæ æвæрд цæуы, цæмæй, æнаххосæй æфхæрд чи æрцыд, уыдоны нæмттæ рохуаты ма баззайой. Уымæ гæсгæ ассоциацийы сæрдары хъæддых архайды руаджы политикон æфхæрдтыты нæмттæ сæнусон кæныны фæдыл æхсæз чиныджы уагъд æрцыд фæстаг дæс азы. Алкæцыйы дæр дзы æрмæджытæ, къамтæ ис æнаххос адæмты тыххæй. Дарддæр куыст цæуы, цæмæй иу «политикон æфхæрд» дæр ма баззайа æнæбæрæггондæй.

Ныр та ногæй раздæхæм МАК-ы раздæры административон хæдзармæ. Нæ горæты зæронд цæрджытæ йæ «Воробьевы хæдзар» хонынц. Раджы, дам æй цавæрдæр хъæздыг лæг йæ иунæг чызгæн лæварæн сарæзта. Фæлæ æнамонд хъæд æмæ дурæй дæр вæййы. Кæддæры мидæггаг ахæстон æмæ йæ лæгæргæвдæн Маутхаузены, Дахауы, Освенцимы, фашистон иннæ лагерьты хуызæн хъахъхъæд куы 'рцыдаид, уæд дзы абон музей саразæн уыдаид, ам ивгъуыд æнусы 20–50 азты Хуыцауы рæстæй чи фесæфт, уыцы æфхæрд адæмæн, цæмæй нæ абоны æмæ фидæны фæлтæртæ зыдтаиккой, кæддæр Ирыстоны зæххыл цы туджы зæй рацыд, уый.

# АИВАД, КУЛЬТУРӔ

## ЦЫРТДЗӔВӔН СЕКЪАЙӔН

Суанг гыццыл сабийӕ хъуыстон Секъайы ном мӕ ныййарджытӕй, ирон скъолайы райдайӕн кълӕсты ӕмӕ историйы ахуыргӕнджыты хӕдзары. Хистӕр кълӕсты нӕ ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы ахуыргӕнӕг Тедеты Садул Азау ӕмӕ Таймуразы трагикон хабаримӕ куы базонгӕ кодта, уӕд та уӕлдай адджын ссис мӕ зӕрдӕйӕн фыссӕджы ном. Ивгъуыд ӕнусы 80-ӕм азты райдианмӕ Хуссарӕй Цӕгатмӕ фӕндаг цыди Арвы комыл. Дард ӕмӕ дӕргъвӕтин фӕндагыл-иу автобустӕ лӕуууыдысты ӕрмӕст дыууӕ раны: бынӕй, Алазаны донвӕдмӕ ӕввахс Пасанауриййы ӕмӕ уӕле, хохы рагъыл. Автобус-иу тыхтӕфыдтӕй сфӕрӕзта Бӕрзӕфцӕджы тъӕпӕнтӕм. Бӕлццӕттӕ-иу сулӕфыдысты, кӕстӕртӕй-иу исчи скъӕрӕджы афарста: «Азау ӕмӕ Таймуразы бӕласмӕ кӕд акӕсдзыстӕм?»

Комы, цӕугӕдоны сӕрмӕ, хохы фахсыл зынди Ганис, йӕ цуры – Азау ӕмӕ Таймуразы бӕлас...

Адӕймаг литературон хъайтартӕй, фысджытӕй йӕхи коллекци амайын райдайы скъолайы.

Къоста, Секъа, Едзион, Махарбег сӕ зӕрдӕты рухсӕй, сӕ зонды фарнӕй фӕндаг айгӕрстой XXI ӕнусмӕ, ӕмӕ нӕ нацийы Сӕндидзӕнмӕ уыдоны ӕрвон сыгъдӕгдзинадӕй кондджын ӕмӕ цӕттӕйӕ разындыстӕм.

* * *

Мӕздӕггаг зындгонд график Побережный Юри мӕ кӕддӕр базонгӕ кодта уымы аргъуаны сауджын Василиимӕ. Дзӕуджыхъӕуы уаз Елиайы аргъуанмӕ йӕ куы раивтой, уӕд ӕм

баздæхтыстæм Хъодзаты Æхсар, Побережный Юри, мæздæггаг журналист Синицина Ольга (йæ чызгон мыггаг – Салитæй) æмæ æз, цæмæй Секъайæн цыртдзæвæн æвæрд æрцæуа аргъуаны уæлмæрдты, кенотафы хуызы. Фыд Васили нын зæрдæ бавæрдта æмæ загъта, фæрæзтæ дам, цы бахъæуа, уыдон аргъуан йæхимæ исы.

Мæнæй аразгæ уыди скульптор ссарын. Телефонæй адзырдтон Краснодармæ ме 'мбал Къорнаты Аланмæ. Æртæ хатты йæ бахъуыди ссæуын Краснодарæй Дзæуджыхъæумæ. Сарæзта эскизтæ.

Цырт сæвæрыны куыстытæ æппæтдæр бакодта Кцойты Юри. Секъайы цырт лæвар скодтой æмæ сæвæрдтой дыууæ курдиатджын, сæ адæмы раз сыгъдæг, цæсгомджын æмæ æгъдауджын скульпторы.

*БИАЗЫРТЫ Кромвел*



*Фыд Васили Шауэрман.*



*Юри Побережный.*

*Къорнаты Алан.*





*Къорнаты Алан.* ***Секъа.***



*Кцойты Юри.*



*Ольга Синицина.*




*БИАЗЫРТЫ Кромвел*

**РЕДАКТОРÆЙ.** «Секъа ирон адæмæн бирæ хæрзты бацыд æмæ уый аккаг у, цæмæй йын аргъ кæнæм, ирон литературæ æмæ культурæйы тæккæ номдзыддæр кусджытæн куыд аргъ кæнæм, афтæ... Хъуамæ йæ ном æвæрд æрцæуа Ирыстоны горæтты уынгтыл, скъолатыл æмæ культурон кусæндæттыл»

Ацы рæнхъыты автор у, Хуыцау ирон адæмæн Къостайы фæстæ хуыздæрæн цы адæймаджы радта, уый – Абайты Вассо. Фысгæ та сæ ныккодта 1965 азы, æмæ цалдæргай хæттыты джиппы уагъд æрцыдысты уырыссагау дæр æмæ иронау дæр. Уæдæй ардæм дыууæ Ирыстоны сæргъы лæууыдис иу дыууадæс хицауы, фæлæ дзы иу дæр нæ фарны лæджы ныхæстæ ницæмæ æрдардта. Абоны онг дæр Дзæуджыхъæуы Секъайы номыл уынг нæма ис, монумент кæнæ бюсты тыххæй та ма чи дзуры! «Мечанты уæлмæрдтæ» кæй хонынц, уым ма 60-æм азты кæрон дæр бæрæг уыд йæ ингæн. Фæстæдæр æй Дзесты Куыдзæг, Бицъоты Грис æмæ æз бирæ фæцагуырдтам, фæлæ йæ нал ссардтам – Секъайæн йæ байзæддæгты, йæ хæстæджыты, ирон культурæйы кусджыты цæстыты раз фесæфт йæ ингæн. Ахæм адæмы мыггаг стæм мах. Æмæ мæм 1990 азы райгуырд мæнæ ацы æмдзæвгæ.

## СЕКЪАЙЫ ИНГÆН

**Хуыцау æрхаста сауцъиу-балты цинæн**
**зæронд уæлмæрдтæм... Агурын дæ ингæн**
**æвицыд пыхсы: нæй йæ кой, йæ хъæр, –**
**ныллæг æрхаудис адæргæй мæ сæр.**
**Кæм уа уæдæ? Æви йæ рарди зинтæн?**

**Ныббар, Секъа, дæ фидиссаг бындарæн,**
**ныббар, Секъа: дæ ингæн дын нæ арын.**
**Кæд мард дæн æз, кæд нал уынын цæстæй,**
**ды та æгас дæ кæд æмæ дын нæй**
**ингæн, Секъа... Ныббар, поэт, ныббар мын...**

Уый размæ дæр æмæ уый фæстæ дæр иу æмæ дыууæ хатты нæ дзырдтам æмæ нæ фыстам, нæ нацийы хуыздæрты нæмттæ сæнусон кæнын кæй хъæуы, уый тыххæй, фæлæ уыцы хъуыддæгтæ

кæмæй аразгæ сты, уыдоны æппындæр ныхас нæ ныгъуылы.

2003 азы 12 мартъийы Дзæуджыхъæуы уæды мэр Пагæты Хъазыбегмæ (æгас нал у, рухсаг уæд) барвыстон сæрмагонд фыстæг. Уæд ма Секъайы райгуырды 150 азы бонмæ баззади дыууæ азы, æмæ замманай фадат уыди, Вассо цы хъуыддæгтыл дзырдта, уыдон царды рауадзынæн. Фæлæ мисхалы бæрц дæр ницы арæзт æрцыди. Ныр мæ уæдыккон фыстæг мыхуыр кæнын, кæд æм нæ абоны хицæуттæй исчи («Гъе, мардзæ, исчи!») йæ хъус æрдарид æмæ нæ намысджын фыдæлæн, æппынфæстаг, аккаг аргъ скæниккам, зæгъгæ, уыцы ныфсæй.

Нæ ныхасы кæрон зæрдиаг арфæ кæнæм фыд Васили Шауэрманæн, Юри Побережныйæн, Къорнаты Аланæн, Кцойты Юрийæн, Ольгæ Синицинайæн, Биазырты Кромвелæн. Стыр Хуыцауы уазæг ут уе ‘ппæт дæр!

*Уважаемый Казбек Хазбиевич!*

*В 2005 году исполняется 150 лет со дня рождения и 90 лет со дня трагической гибели выдающегося осетинского писателя Сека Гадиева (1855 – 1915). Его рассказы и стихи давно стали хрестоматийными, включаются в школьные программы. Многие поколения осетин, воспитанные на произведениях Сека Гадиева, с благоговением произносят его имя. Истинно народным писателем назвал Гадиева Вассо Абаев. «Народность Сека, – писал он, – естественное, органическое, стихийное выражение его личности, его душевного склада, его жизненной судьбы. Его творчество народно потому, что он родился, работал, жил в народе, для народа». 40 лет назад тот же Вассо Абаев обращался к властям Осетии с просьбой: «Его (Сека) могила на так называемом «Мещанском кладбище» в г. Орджоникидзе находится в полузаброшенном состоянии. Надо привести ее в порядок и поставить на ней бюст писателя. Еще лучше перенести его останки в ограду Литературного музея (читай: Осетинской церкви. – А. К.), туда, где покоится прах Коста. Надо назвать его именем улицы, школы и культурные учреждения в городах Осетии».*

*К стыду нашему, уже нечего переносить в ограду Осетинской церкви – могила Сека навсегда утеряна. Несмотря на наши*

*неоднократные выступления в СМИ и обращения к прежним правителям республики и города, до сих пор не решен и вопрос увековечения имени С. Гадиева в камне или бронзе, в наименовании улиц и культурных учреждений. Поэтому убедительно прошу Вас рассмотреть вопрос об установлении памятника (бюста) С. Гадиеву около моста по ул. Ген. Плиева, там, где он трагически погиб 21 июля 1915 года, а также присвоить одной из улиц Владикавказа имя писателя. Во избежание путаницы с нынешней улицей Гадиева, названной в честь Цомака, сына Сека, улицу старшего Гадиева можно было бы именовать просто: ул. Сека (по аналогии: пр. Коста).*

*Надеюсь, Казбек Хазбиевич, Вы с пониманием отнесетесь к затронутой проблеме и положительно решите ее. Благо есть еще время и для объявления конкурса на создание лучшего памятника С. Гадиеву – до юбилея писателя, как я уже сказал, остается два года.*

*С искренним уважением*

***Ахсар КОДЗАТИ,***
*член Союза писателей России,*
*главный редактор журнала «Мах дуг»*
*12.03.2003 г.*

*МЗОКТЫ Аслæнбег*

# ЦÆЛЫККАТЫ АХМÆТЫ СФÆЛДЫСТАД АСТÆУККАГ СКЪОЛАЙЫ

## Дыккаг урок[1]

Ацы урочы сахуыр кæнын хъæуы дыууæ радзырды – «Туг тугæй æхсадæуы» æмæ «Тамерлан æмæ айдæн». Литературæйы методикæмæ гæсгæ растдæр уыдзæни фыццаг радзырд къласы бакæсын æмæ йын йæ мидисыл æрдзурын, дыккаг радзырд та раттын хъæуы хæдзары кæсынмæ æмæ фарстатæн дзуапп раттынмæ.

**Урочы темæ:** «Мæ царды хъæстагæй ницы ис. Лæг хъуамæ афтæ цæра. Нæ мæ ферох кæндзысты».

Цæлыккаты Ахмæты радзырд «Туг тугæй æхсадæуы» æмæ йæ философон мидис. Абырæг Алийы фæлгонц. Æрдзы нывты ахадындзинад уацмысы.

**Урочы нысантæ:** аив бакæсын æмæ бамбарын радзырды мидис; рабæрæг кæнын йæ философон апп; дискуссийы хуызы æрдзурын ирон царды æгъдæуттыл, уæлдайдæр та, нæ абоны царды чи нал бæззы, уыдоныл.

**Урочы эпиграф:**

*Мæ Хуыцау – мæ сыгъдæг цæсгом.*
*Иронæн йе знаг – ирон... Æфсымæр рацыд*
*æфсымæры ныхмæ. Худинагдæр ма цы уа!*

***Цæлыккаты Ахмæт***

I. Радзырд бакæсдзæн ахуыргæнæг йæхæдæг (уый уыдзæн тагъддæр æмæ аивдæр). Кæсгæ-кæсын ахуыргæнæг йæ хъæлæсыуагæй хъуамæ равдиса радзырды монологон характер (зæронд Али æргомæй дзуры йæ царды судзгæ хабæрттæ: куыд сси абырæг, куыд нæ фæхудинаг кодта йæ фыды æмæ йæ мыггаджы ном). Сæрма-

[1] Райдайæн кæс «Мах дуджы» ацы азы 1-аг номыры.

гонд цæстæнгас хъуамæ аздæхтæуа æрдзы нывтæм. Скъоладзаутæ тексты ахæм бынæттæ ныууадзынц – зивæг кæнынц уыдон кæсынмæ.

II. Уый фæстæ хъæуы бакæнын дзырдуатон – фразеологион куыст æнæзонгæ ныхæстæ æмæ дзырдбæстытимæ.

**Дзырдуат:**

**Туг исын** – маст исыны æгъдау марды, цæфы, чызг аскъæфыны æмæ æндæр æфхæрды тыххæй. Ирон æхсæнады туг исын, куыд коллективон хи хъахъхъæныны хуыз, арæх æмбæлдис. Алы мыггаджы уæнгтæ дæр хъуамæ кæрæдзийæн æххуыс кодтaиккой, кæрæдзийы хъахъхъæдтaиккой, исчи-иу æндæр мыггагæй искæй куы бафхæрдта, уæд-иу уыцы мыггаджы уæнгтæй алчидæр уый йæ зæрдæмæ хаста хи бафхæрды хуызæн.

**Тудджынтæ** – марæджы (чызг аскъæфæджы æмæ æндæр фыдгæнæджы) мыггаг кæнæ бинонтæ.

**Туджы аргъ** – лæвæрдтой æмæ йæ истой тудджынты бафидауыны рæстæг.

**Тугдар** – туг исыны æгъдауы комкоммæ аххосджын адæймаг, искæйы амарыны фæстæ-иу марæг (фыдгæнæг) йæхи бааууон кодта, кæй бафхæрдта, уый хæстæджытæй, цалынмæ-иу уыдон сæ маст нæ райстой, кæнæ-иу æхсæнад сæ бафидауынæн исты мадзал не скодта, уæдмæ.

**Тугисæг** – афтæ хуынди, кæй-иу амардæуыд, уый тугхæстæджытæй туг исыны хæс йæхимæ чи райста, уый: йæ фырт, йе ’фсымæр (иуæй-иу хатт та – йæ кæнгæ ’фсымæр, йæ хъомылгæнинаг, кæд ын-иу хъомыл нæлгоймаг быдартæ нæ уыдис, уæд).

**Абырæг (абырæг алыгъди)** – ам: йæ мыггаджы туг райсгæйæ, Али алыгъд хъæуæй æмæ цард лæгæтты æмæ талынг хъæдты; къæрных, давæг, стигъæг, фыдгæнæг сси.

**Сахсæнтæ (бæхтыл сахсæнтæ бафтыдтам)** – бæндæнæй бос бæхы къæхтæ бæттынæн.

**Æндæрг** – исты цæрæгуды, предметы хуыз, аууон, силуэт, призрак.

**Хæтæгхуагæй æрвыста йæ цæрæнбонтæ** – цæугæ цард кодта.

**Комдзог нæма рацыдысты** – нæма фехæлдтой сæ бадзырд, нымудзын нæма райдыдтой.

**Хъыримаг** – хæцæнгарз, топп.

**Йæ гæндзæхтæ батылдта, бацагъта** – мæлыны къахыл ныллæууыди.

**Йæ къæхтæ адаргъ кодта** – амард, йæ уд систа.

**Æрхæндæг æфтауын** – æнкъард уæвын, æрхуым уæвын.

**Бацарæфтыд сты** – мæлæт ссардтой кæйдæр къухæй.

**Къæм абадын мæ номыл нæ бауагътон** – мæ мыггаджы ном æмæ кад нæ фæхудинаг кодтон.

**Иу «мæн у» зæгъæг ын нæй** – никæйы хъæуы, сидзæр у, иунæг.

**III. Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырдмæ:**

1. Цæмæй фæцыд уæ зæрдæмæ Ахмæты радзырд «Туг тугæй æхсадæуы»? Ирон литературæйæ цавæр фысджыты уацмыстæ æрлæууын кодта уæ зæрдыл ацы радзырд?

2. Чи уыд Али? Цавæр адæмыхаттæй уыд? Йæ царды фылдæр рæстæг кæм æмæ куыд арвыста æмæ цæмæн?

3. Радзырды номмæ гæсгæ («Туг тугæй æхсадæуы») зæгъæн ис, цавæр адæмыхаттæй уыдис зæронд Али, уый?

4. Цæмæн радта Ахмæт йæ радзырдæн ахæм ном? Уацмыс фыст æрцыд уырыссагау, йæ ном та у ирон. Цæмæн бакодта фыссæг афтæ?

5. Цæуыл дзуры ацы ирон ном уырыссагау фыст уацмысæн? Куыд амоны уырыссаг чиныгкæсæгæн ацы æмбисонды хъуыды фыссæг?

6. Цавæр ирон æгъдауыл фыст у радзырд? Радзур фыссæджы цæстæнгас туг исыны æгъдауы тыххæй.

7. Куыд сси Али абырæг? Куыд рауад йæ хъысмæт? Цы ныффæдзæхста Алийæн йæ фыд йæ амæлæты размæ?

8. Куыд сæххæст кодта йæ фыды фæдзæхст фырт?

9. Куыд æмбарут уацмысы ацы скъуыддзаджы хъуыды: «Мæ фыды ингæны уæлхъус ард бахордтон, алы аз дæр ын хист кæй кæндзынæн. Æмæ мæ дзырд, мæ ард нæ фæсайдтон...»? Райхалут мæнæ ацы ныхæсты мидис: «хист кæнын æрвылаз дæр».

10. Ссарут радзырды прозаикон абарст. Цæимæ бары йæхи абырæг Али? Лæмбынæг бакæсут ацы скъуыддзаг. Цавæр æмдзæвгæ уын æрлæууын кодта уæ зæрдыл? (М. Лермонтовы æмдзæвгæ «Листок»).

11. Ирон литературæйы ис бирæ уацмыстæ тугисыны антигуманон мидисы ныхмæ. Ранымай дзы цалдæры нæмттæ (Хъаныхъуаты Инал, «Æртæ мæлæты»; Тугъанты Батырбег «Æгъдау афтæ амоны»; Коцойты Арсен «Фынддæс азы» æмæ æндæртæ). Цы кæны иу ацы радзырдтæ Ахмæты уацмысимæ сæ темæйæ уæлдай?

12. Цæмæй у бузныг йæхицæй Али? Разы стут радзырды сæйраг хъайтаримæ? Зæгъ дæ хъуыдытæ, Али йæ мыггаджы туг кæй райста, уый тыххæй.

13. Джусойты Нафи афтæ фыссы абырæг Алийы фæлгонцы тыххæй: «Ахæм у Ахмæты радзырды герой дæр: удæгасæй мард». Разы дæ литературæиртасæджы хъуыдыимæ? Цæмæн хоны Алийы «удæгасæй мард»?

14. Алийы хъуыдымæ гæсгæ цавæр сты ирон адæймаджы лæгдзинады миниуджытæ? Ранымайут сæ.

15. Цавæр хъуыддаг æфтауы Алийы стыр сагъæсты? Али зæгъы: «Фесты уыцы рæстæджытæ. Кæддæры æхсар æмæ ныфсæн сæ фæд дæр нал и. Кæмдæр æрдæгфæндагыл баззадысты. Суанг ма хъæд дæр фыццаджы хуызæн нал уынæр кæны... Ныртæккæйы цæрдтытæ дæр цæрдтытæ сты?..» Цæмæн хъуыды кæны афтæ Али? Разы дæ йемæ?

16. Цавæр уыдысты Алийы фæстаг ныхæстæ? Куыдæй фесæфт æмæ цæмæн?

17. Цавæр прозаикон фæрæзтæй пайда кæны йæ радзырды Ахмæт? Уыдонæй иу у символон фæлгонц. Уацмысы дæр ис ахæм – æхсæвы, талынджы фæлгонц («Нæ алыварс талынгæй-талынгдæр кодта... артæй дыууæ санчъехы æддæдæр адæймаджы цæст ницыуал уыдта...» – радзырды райдайæны; «Дуне иууылдæр уыди саудалынджы ахæсты. Талынг аныхъуырдта ивгъуыд æмæ абон, йæ фæстæ бакодта сомбон дæр. Хуыдалынгæн райдайæнау нæ уыди кæрон» – уацмысы кæроны). Цæмæн пайда кæны ахæм аивадон мадзалæй фыссæг? Цавæр æнкъард хъуыдытыл æфтауы ацы символикон фæлгонц кæсджыты? Цы ма равдыста символикон æгъдауæй йæ уацмысы Ахмæт? Цавæр бæллицтæ?

18. Ранымайут радзырды æндæр аивадон мадзæлттæ (метафорæтæ, абарстытæ, æмхуызон райдайæн æмæ кæрон радзырдæн, символикон æрдзы нывтæ, фыссæджы диссаджы психологизм хъайтары миддуне æвдисынæн, радзырды кæрон – авторы философон хъуыдытæ царды æмæ мæлæты, фæлтæрты ивды æмæ æндæр вазыгджын проблемæты тыххæй). Цæмæн пайда кæны уыдонæй Ахмæт æмæ куыд фæзындисты йæ дæсныйадыл?

19. Нæ абоны царды ирон адæммæ нал ис туг исыны æгъдау. Цы цæстæй кæсыс туг исыны æгъдаумæ? Цавæр æндæр æгъдæуттæ фесафын хъæуы нæ цардæй? Æрныхас кæнут ирон æгъдæутты абоны уавæрыл.

IV. Скъоладзауы реферат «Туг исыны ӕгъдау ирон адӕммӕ».

Ирон адӕммӕ, куыд иннӕ хохӕг адӕмыхӕттытӕм дӕр, афтӕ уыдис туг исыны ӕгъдау. Ирон ӕгъдӕутты ӕмбырдгонды («Сборник осетинских адатов», 1836 г.) уый тыххӕй афтӕ фыстӕуы: «Кӕй амардӕуы, уымӕн йӕ хӕстӕджытӕй алкӕуыл дӕр ӕвӕрд ӕрцӕуы ахсджиаг хӕс – марӕгӕй ӕмӕ йӕ хӕстӕджытӕй ӕгъатырӕй туг райсын. Уыцы хӕс чи нӕ сӕххӕст кӕны, уымӕ кӕсы стыр худинаг, йӕ бинонтӕм ӕмӕ ма суанг йӕ мыггагмӕ дӕр – маст ӕмӕ ӕфхӕрд».

Хетӕггаты Къоста йӕ уацау «Особа»-йы ныффыста туг исыны ӕгъдауы тыххӕй афтӕ: «Особайы заман ирон лӕгӕн амарын ӕмӕ амӕлын синонимтӕ уыдысты: абон искӕйы маргӕйӕ, уый зыдта, йӕхи дӕр ын кӕй амардзысты, райсом куы нӕ уа, уӕд иннӕбон, кӕнӕ къуырийы фӕстӕ». Нырма-иу марды нӕма бавӕрдтой, афтӕ-иу марӕгыл кӕуын байдыдтой. Хъӕубӕстӕ тӕфӕрфӕс кӕнынмӕ цыдысты сӕ дыууӕтӕм дӕр: марды бинонтӕм дӕр ӕмӕ марӕджы хӕдзармӕ дӕр. Иу марды фӕстӕ-иу дыууӕтырдыгӕй дӕр ӕрцыди бирӕ мӕрдтӕ. Бирӕ ирон мыггӕгтӕ-иу дӕсгай азты дӕргъы туджджынтӕй баззадысты, ӕмӕ афтӕмӕй сӕфтысты уыцы мыггӕгты хуыздӕртӕ.

Фӕлӕ ирон ӕхсӕнад ӕнусты дӕргъы тырныдта, цӕмӕй туг исыны ӕгъдӕуттӕ фӕкъаддӕр кӕной, уымӕ. Ацы хъуыддагӕн хъуыди скӕнын кӕрон. Арӕхдӕр дзы ӕмбӕлдысты: марӕджы мыггаг-иу туджы аргъ бафыста; марӕджы мыггаг-иу марды мыггагӕй йӕхицӕн лӕппу скодта; марӕджы мыггагӕй-иу туджы аргъы хуызы моймӕ лӕвӕрдтой чызг – ӕфхӕрд баййафӕг мыггагмӕ.

Ирон ӕвзаджы тугдар ӕмӕ тугагуры мыггӕгты уӕнгтӕн ис сӕрмагонд нӕмттӕ. Ацы хабар этнографион ӕмӕ фольклорон ӕрмӕгимӕ дзурӕг у ууыл, ӕмӕ ирон адӕммӕ туг исыны хъуыддаг арӕх кӕй ӕмбӕлд.

Тугисӕг-иу марды уӕлхъус ард бахордта, йӕ туг ын кӕй райсдзӕн ӕмӕ-иу афтӕмӕй марды иннӕ хӕстӕджыты ссӕрибар кодта туг исыны хӕсӕй. Уымӕй фӕстӕмӕ уыцы хӕстӕджытӕн бар нӕ уыд марӕджы амарын, ахӕм фадат сын куы фӕуыдаид, уӕддӕр. Тугисӕг-иу ард куы бахордта, уӕд-иу цалынмӕ марӕджы нӕ амардтаид, уӕдмӕ ӕндӕр ницы куыста. Ахӕмтӕн Ирыстоны стыр кад кодтой. Уымӕн ӕмӕ сӕ маст марӕджы ӕгас мыггагӕй нӕ истой. (Хатгай-иу фӕмард бынтон ӕнаххос адӕймаг). Фӕлӕ маст истой марӕгӕн йӕхицӕй.

Туджы аргъ уыдис тудджынты бафидауыны ӕнӕмӕнг миниуӕг. Бӕрӕггонд цыдис ӕхсӕны тӕрхондоны фӕрцы, уым та бадтысты кадджындӕр зӕронд лӕгтӕ. Туджы аргъ бӕрӕг кӕнгӕйӕ, ӕхсӕны лӕгтӕ хъуамӕ бӕстон ӕркастаиккой алы хъуыддагмӕ дӕр. Ахсджиаг фарста уыди, тудджынтӕ цавӕр ӕхсӕнадон къордмӕ хаудысты, уый. Туджы аргъ арӕхдӕр фыстой хӕдзарон фосӕй, саргъы бӕхтӕй, зӕххы хӕйттӕй, фыст цыди чызджытӕй дӕр, кӕй-иу амардӕуыд, уыцы лӕджы бинонтӕн сӕ моймӕ ратгӕйӕ. Ахӕм чызджы хуыдтой цыты чызг. Ацы бафидыды хъуыддаджы диссаг уыди символикон ирӕд – бӕх ӕд саргъ. Уыцы ирӕды руаджы-иу тудджынтӕ бынтон бафидыдтой, се 'хсӕн-иу фӕзынди хӕстӕгиуӕджы ахастдзинӕдтӕ.

Абон дӕр ирон ӕвзаджы ис туг исыны ӕгъдауимӕ баст бирӕ ныхӕстӕ ӕмӕ дзырдбӕстытӕ: *тугдар, тугагур, тудджынтӕ, тугисджытӕ, туджы аргъ, туджы бонцау, туджы фынг, туджы аргъ бафидын, марӕджы мыггагӕй лӕппу скӕнын, туг тугӕй ӕхсадӕуы.*

V. Ахуыргӕнӕгӕн ӕххуысӕн хӕссӕм ӕрмӕг **Ахмӕты радзырд «Тамерлан ӕмӕ айдӕн»**-мӕ.

**Дзырдуат радзырдмӕ:**

**Къуылых** – Тамерлан-Тимур (1356–1405), тыхгӕнӕг; 1370 азӕй фӕстӕмӕ эмир, Астӕуккаг Азийы бындур сӕвӕрдта ног паддзахадӕн; басаста ӕмӕ басыгъта бирӕ сахартӕ, сӕ цӕрджыты сын акодта уацары; «Къуылых» ӕй хуыдтой фӕсномыгӕй.

**Тӕлӕт** – тыхгӕнӕг ӕмӕ йе 'фсад кӕй байстой, уыцы фӕллой (бӕхты ӕмӕ фосы рӕгъӕуттӕ, адӕм, дзаумӕттӕ, хъӕздыгдзинӕдтӕ).

**Хӕрдгӕхуыдтӕ** – цыллӕ ӕндӕхтӕй фӕлыст дзаумӕттӕ, дарӕс.

**Сызгъӕрин мигӕнӕнтӕ** – хӕдзары ӕфсины дзаумӕттӕ (къустӕ, тӕбӕгътӕ, нуазӕнтӕ).

**Такатӕ** – згъӕр худтӕ.

**Уартытӕ** – фыццаг рӕстӕджы – карды цӕфӕй хи хъахъхъӕнӕн стыр чъиригонд хӕстон дзаума, цонгыл кӕнгӕ.

**Цирхътӕ** – хъамайы хуызӕн ӕхсаргӕрдтӕ зынаргъ ӕфсӕйнагӕй конд.

**Згъӕрхӕдӕттӕ** – фыццагон хӕстон дарӕс, згъӕр цӕгтӕй, адӕймаджы буар кард ӕмӕ фӕттӕй хъахъхъӕныны тыххӕй.

**Ӕрцытӕ** – рагон рӕхойӕн хӕцӕнгарз: йӕ даргъ хъӕды кӕроныл уыдис ӕрхуыйӕ кӕнӕ та ӕфсӕйнагӕй конд цыргъ фындз.

**Балхонæг** – хæстон фæтæг.

**Фыдцъылызтæарæзт** – фыдуынд, мæллæг, тæнтъихæг, мæстыгæр.

**Хæбуздзыхъхъытæ цæсгом** – дзуарæйхæлд цæсгом.

**Фæхъулон кæнын уындæй** – иннæты хуызæн чи нæ у, ахæм.

**Сæккатæ уадзын** – ам: хъæрæй кæуын, хъыг кæнын.

**VI. Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырдмæ:**

1. Цы зонут Тамерлан-Тимуры царды хабæрттæй. Цæмæй зындгонд уыди ацы адæймаг?

2. Цæуылнæ хастой цин алыхуызон хæзнатæ балхонæджы зæрдæйæн?

3. Цæуыл куыдта Тамерлан?

4. Тимур фæрсы Стыр Хуыцауы: «...уындæй мæ цæмæн фæхъулон кодтай? Мæ тæккæ ницæйагдæр хæстонæй мæ фыдынддæр цæмæн сфæлдыстай?!» Зæгъ дæ хъуыдытæ уыдоны фæдыл.

5. Радзырды ис дыууæ персонажы: Тимур æмæ йæ уынаффæгæнæг. Фыссæджы хъуыдымæ гæсгæ сты ныхмæвæрд. Цæмæн пайда кæны ахæм аивадон мадзалæй автор? Цавæр миниуджытæ рабæрæг сты ныхмæвæрды руаджы?

6. Ссар тексты æндæр аивадон мадзæлттæ (абарстытæ, метафорæтæ, риторикон фарстытæ æмæ æндæртæ).

7. Цавæр у ацы радзырды философон хъуыды? Æрдзур уый тыххæй бæстон.

8. Тимурæй, йæ уынаффæгæнæгæй чи цыргъзонддæр уыд?

9. Лæгæн йæхицæй аразгæ у йæ фæлгонц? Дæумæ гæсгæ, цавæр адæймаг у рæсугъд? Цы кæны лæджы адæмæн уарзон?

10. Лæмбынæг бакæс Джыккайты Шамилы уац «Айдæн» (журнал «Мах дуг», 2009, № 12.) æмæ ратт дзуапп фарстæн: цавæр функцитæ ис кæсæнæн ирон адæмы царды æмæ мифологийы? Ранымай сæ.

**Хæдзармæ куыст:** 1) уæлæмхасæн кæсынæн: фыссæджы радзырдтæ «Фæндæгтæ» (Хъодзаты Æхсары тæлмац), «Сау туг», «Абырæг Хæмзæты зарæг», «Цъитийы рæбын» (Мамыкъаты Хъазыбеджы тæлмацтæ). «Мах дуг», 2001, № 2.

2) радт дзуапп фарстæн: «Цавæр ахадындзинад ис Цæлыккаты Ахмæты цыбыр радзырдтæн нырыккон ирон литературæйы?»

# АРВИСТОН

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

Global Enabling Trade Report-ы 2012 азы октябры доклады ис ахæм бæрæггæнæнтæ: Уæрæсейы æппæты хъæздыгдæрты I проценты къухы ис алыхуызон объекттæн сæ 71 проценты, ома, АИШ-ы, Европæйы, Китайы цас сты, уымæй дыууæ хатты фылдæр, Японы цас сты, уымæй та цыппар хатты фылдæр. Уæрæсейы 96 миллиардеры къухы ис бæстæйы цæрджыты активтæн сæ 30 проценты.

***Евгени Примаков,***
«Аргументы недели», 2012 азы 6 декабрь

* * *

Уæрæсейы Газпромы сæргълæууæг Алексей Миллеры мæйы мызд у 2 милуан доллæры, йæ афæдзы æфтиæгтæ та хæццæ кæнынц 25 милуан доллæрмæ. Газет «Собеседник» (2012 азы № 44) куыд фыссы, афтæмæй элитæйы фылдæр хай йæ царды бонтæ Уæрæсейы арвитынмæ нæ хъавы: зæгъæн ис, ныр дæр ам нæ цæрынц – Уæрæсе сын у, хæрз цыбыр рæстæгмæ стыр æхцатæ бакусæн кæм ис, ахæм бынат.

* * *

ССР Цæдисы адæмы нымæц уыд 300 милуаны. Мидхъуыддæгты министрады та куыста 628 мин адæймаджы. Ныртæккæ та Уæрæсейы цæры 140 милуан адæймаджы, Мидхъуыддæгты министрады та кусы 1,1 милуан адæймаджы, цæвиттон, советон дуджы алы 467 адæймагмæ дæр хаудис иу милиционер, абон та алы 129 адæймагмæ дæр хауы иу пъæлицæйаг.

* * *

ССР Цæдисы уæлдæр ахуыргонддзинад истой цæрджытæн сæ 25 проценты, уæлдæр скъолатæм ист цыдисты хуыздæртæ. Ныры Уæрæсейы уæлдæр ахуыргæнæндæттæ каст фæвæййынц

адæмæн сæ 75 проценты. Диплом чи райсы, уыдоны нымæц у, скъолатæ каст чи фæвæййы, уыдонæй иу æмæ ‘рдæг хатты фылдæр (бирæтæ райсынц дыгай-æртыгай дипломтæ). Гъе, фæлæ уыцы дипломтæн исты аргъ ис? Арæх – ницы, сæ аргъ вæййы ноль. Уæрæсейы институттæ уадзынц, кусынхъом чи нæу, ахæмты. Кæдæм бахауынц уыдон? Йæ хъул сах кæмæн абады, уыдон свæййынц чиновниктæ, иннæтæ та ахуыргæнджытæ, дохтыртæ æмæ а. д. Цавæр дохтыртæ æмæ ахуыргæнджытæ, уый иумæйагæй зындгонд у, фæлæ бæлвырддæр базонын кæй фæнда, уый райсæд «Новая газета»-йы ацы азы 131-æм номыр æмæ бакæсæд Ю. Латынинайы уац «Госзависимые».

* * *

Æнæфендæн йæ дзыхыл хæцын йæ хуыздæр хос. Фæлæ йын хуыздæр хос цы у, уый куы зонид, уæд æнæфенд дæр нæ уаид.

* * *

Дыууæ адæймагæн сæ бирæ фыдæбон дзæгъæлы уыд: йæ рæбынтæм чи фессывта, фæлæ дзы пайда чи нæ кодта, уымæн, стæй бирæ чингуытæ чи фæкасти, фæлæ дзы искæмæн исты ахъаз чи нæ фæци, уымæн.

***Саади***

* * *

Мæнæ фæсвæд рæтты талынг, æдзæллаг хъæутæ куы вæййы. Разыны дзы æрмæст иунæг дукани, алыхуызон товартæ кæм уæй кæнынц, ахæм. Нæ культурæйы уавæр дæр раст уый æнгæс у.

* * *

Испанийы адæмы схонæн ис æвзарджыты æмæ хъалонфиджджыты стыр дзыгуыр. Уый кæуинаг хабар у. Хицæуттæ адæмы нæ уарзынц, адæмы базонын сæ нæ фæнды, æмæ сæ куы нæ зоной, куы не ‘мбарой, уæд сæ бауарзæн куыд и?

***Мигель де Унамуно***

**РЕДАКЦИЙÆ:** Номдзыд испайнаг поэт, Нобелы премийы лауреат М. Унамуно ацы рæнхъытæ ныффыста ивгъуыд æнусы æртынæм азты. Фæлæ цыма абоны Уæрæсейы царды тыххæй фыст сты...

* * *

Ивгъуыд æнусы (XIX æнусы. – *Ред.*) нывгæнджыты, фысджыты æмæ композиторты фидарæй уырныдта, деспотизм æмæ цагъардзинад кæм ис, ахæм бæстæйы кæй цæрынц, уый. Фæлæ уыдонæн сæ уавæр дзæвгар хуыздæр уыд, абоны Уæрæсейы сын чи цæры, уыцы цоты цотæй: деспотизм æмæ цагъардзинад нæй, зæгъгæ сæ нæ дзурын кодтой.

***Владимир Набоков***

* * *

Компартимæ хорз зæрдæ дардтон 50-æм азты кæронмæ. Стæй дзы мæхи иуварс ласын байдыдтон. Цавæрфæнды фанатизм дæр мын уæнгæл у. Динтæй алкæмæн дæр йæхи рæстдзинад ис. Марксизмæн дæр. 30-æм азты марксистон доктринертæ хицæн удгоймаджы зонды талынг къуымты, арф психологон тенденциты тыххæй кой дæр нæ уагътой. Алцы дæр хъуамæ социалон-экономикон закъонты дæлбар уыдаид. Уый мæнмæ æнæсæрфат хъуыды кæсы. Адæймаджы царды иннæ фæзилæнтæ рохуаты аззадысты.

* * *

Адæймаг цы авд тæригъæды бацæуы, уыдонæй мын æппæты æнæуынондæр æмæ æлгъагдæр у хæлæг. Иннætæ, зæгъæм, иуæйиу уавæрты маст куы схæлбурцъ кæны, уæд уымæй фæстæмæ иннæ тæригъæдтæ уыйбæрц тæссаг не сты, никæй хъыгдарынц. Хæлæг ахæм æбуалгъ тæригъæд у, адæймаджы ахæм æгъатыр уавæртæм æртæры, æмæ йæм æввахс чи у, уый мæлæтмæ дæр бæллын райдайы, йæ амонд æй æнамонд скæны.

Уæ цæстытыл-ма ауайын кæнут ахæм ныв: Лос-анджелесаг мультимиллионерæн хæдæфсарм, æгъдауджын постхæссæг алы бон дæр æрбахæссы газеттæ. Фæлæ иуахæмы постхæссæг нал фæзынди. Миллионер йæ галуангæсы бафарста, цы, дам, фæци постхæссæг. Галуангæс ын афтæ, лотерейæ, дам, дæс мин долдæры рамбылдта æмæ йæ куыст ныууагъта. Мультимиллионерæн фыр хæлæгæй йæ цæсты фиутæ тайын байдыдтой æмæ постхæссæг куы амæлид, уымæ бæллын байдыдта. (...)

**Æз политикæ нæ уарзын.** Дыууисæдз азы дæргъы мæм иллюзитæн сæ кой дæр нал и. Политикæйыл нал æууæндын. Дыу-

уæ азы размæ дисæй амардтæн, Мадриды демонстрантты лозунг хæсгæ куы ауыдтон уæд. Лозунгыл фыст уыди: «Францойы ныхмæ тох кæнгæйæ мах хуыздæр уыдыстæм».

***Луис Бунюэль***

* * *

Æз ахуыргæнæгæй домын æрмæстдæр хорз æгъдæуттæ.

***Дени Дидро***

* * *

Кæуыл ахуыр кæнæм, уыдон нæ ахуыргæнджытæ кæй хуыйынц, уый раст у, фæлæ нæ чи ахуыр кæны, уыдон се 'ппæт уыцы номы аккаг не сты.

***Иоганн Гете***

* * *

Скъолайы æппæт хъуыддæгтæн дæр сæ рахæцæн, æппæт предметтæн дæр сæ ахсджиагдæр æмæ скъоладзаутæн æппæтæй фæзминагдæр у ахуыргæнæг йæхæдæг.

***Адольф Дистервег,***
номдзыд немыцаг педагог

* * *

Махмæ цы ис? Махмæ ис чъизи горæт. Культурæйы цыртдзæвæнтæ бахъахъхъæныны сæрвæлтау чи стох кæны, уыдон тæрхондæтты састы бынаты баззайынц. Уæдæ нæ фæсивæд дæр нæ фендæрхуызон уыдзысты, цалынмæ хистæр фæлтæрыл нæ бауæндой, уæдмæ. Уыдон та хистæртыл кæй не 'ууæндынц, уый гуырысхойаг нæу. Æз алы бон дæр ныхас кæнын студенттимæ æмæ уын зæгъын: нæ фæсивæд сты æнахуыргонд, уымæн æмæ сæ хистæр фæлтæр бабын кодтой – æнахуыргонд ахуыргæнджытæ, директортæ (уыдон та бынæттæ бацахсынц, коммæгæс кæй сты, хицæуттæн цæстмæмитæ, зæрдæлхæнæнтæ кæй фæкæнынц, уый руаджы) æмæ хъæддаг ныййарджытæ.

***Бзарты Руслан***

* * *

Цæмæй Сталины бынтæй сæ удтæ ссæрибар кæной (советон адæмы цалдæр фæлтæры. – *Ред.*), уый тыххæй уал раздæр хъуамæ «фервæзой знагæй»; уалдзæджы калм йæ хæрв куыд аппары, афтæ хъуамæ аппарой канд сталинизмы, коммунизмы, ревизионизмы койтæ нæ, фæлæ уыцы дзырдтæн сæхи дæр. Ахæм хуызы ссæрибар сты Вознесенский, Евтушенко кæнæ Тарсис нæ, фæлæ поэт Иосиф Бродский, Солженицын йæ «Матренæйы кæрт»-ы стæй Терц-Синявский йæ фæстагдæр (политикæйæ цух!) уацмысты.

***Александр Ват,***
*польшæйаг поэт æмæ философ, 1963 аз*

* * *

Адæймаг – уæлдайдæр та поэт – у æвзаджы иу хай. Æвзаг дзы у хистæр æмæ цæрдзæн, йæ лæггадгæнæджы йын рæстæг куы айса, уæд дæр.

* * *

Цæмæй милуангай адæймæгты ныццæгъдай, уый тыххæй бахъуыди милуангай адæймæгтæ – цæгъдгæ чи кодта, ахæмтæ.

***Иосиф Бродский***

# СТЕНДАЛЫ ХЪУЫДЫТÆ

♦ Адæймаг зæххыл цæры хъæздыг суæвыны тыххæй нæ, фæлæ амондджын суæвыны тыххæй.

♦ Адæймаджы зæрдæ бындзарæй нырризы, рæстдзинадæн суанг йæ æппæты къаннæгдæр хай агурыныл дæр цас фыдæбон хъæуы, ууыл куы ахъуыды кæны, уæд.

♦ Актеры дæр æмæ поэты дæр сгуыхтмæ кæны йæ уд, кæд ын æрфытæ сгарынхъом у, уæд.

♦ Нæлгоймагæн дæр æмæ сылгоймагæн дæр йæ зæронды бонты хъысмæт аразгæ у, се ‘взонджы бонты цы гæнæг уыдысты, уымæй.

♦ Цæмæй дын исты æнтыса, уый тыххæй ис иунæг фæрæз – цы дæ, уый уæвыныл архай.

♦ Ныхас кæнын зонын – уый курдиат у.

♦ Зивæг æрхæндæджы мад у.

♦ Иу адæймаджы мидæг æппæт курдиæттæ дæр уой, уымæн уæвæн нæй.

♦ Тасаг зондæн йæ бон у рæсугъддзинад баивын.

♦ Æвзагæн йæ ахсджиагдæр миниуджытæй иу у, æнцонæмбарæн куы вæййы, уæд уый.

♦ Æцæг судзаг уарзтæй цы адæймаг нæ уарзта, уымæн йæ царды диссагдæр хай баззайдзæни сусæггагæй, æмбæхстæй.

♦ Æнкъарæнты дунейы ис иунæг закъон: кæй уарзыс, уый самондджын кæн.

♦ Бынтон рæсугъд сылгоймаджы дыккаг хатт куы фенай, уæд дæм афтæ рæсугъд нал фæкæсдзæн.

♦ Уарзгæ чи фæкæны, уымæн æмбæлттæ нæ вæййы.

♦ Æппæты æмбаргæдæр адæймаг дæр иугæр куы бауарзы, уæд, цавæрфæнды предметæн дæр йе 'рдзон конд цавæр у, уый нал фæиртасы... Æппындæр курдиат кæмæ нæй, уыцы сылгоймагæн дæр базонæн нал вæййы – адæмæн æмбисонды хорз басгуыхы.

♦ Уарзондзинад æрдхæрæны дидинæг у, фæлæ æвирхъау сæрсæфæны был зайы, æмæ йе 'ртонынæн стыр ныфс æмæ лæгдзинад хъæуы.

# ЦАУТÆ ФЫДÆЛТЫ ЦАРДÆЙ

## Сылгоймаджы æфсарм

Дзуццатæ æмæ Цъæхилтæ фæхыл сты сæ уырсыты тыххæй. Сæ уырсытæ рæгъаумæ аскъæрдтой, æмæ Цъæхилты уырсыл Дзуццаты уырс тых кодта. Цъæхилтæ сæ уырс æркодтой рæгъауæй æмæ йæ иу мæй хорæй схастой. Стæй йæ уый фæстæ рæгъаумæ ауагътой. Æмæ Дзуццаты уырсы былæй аппæрста. Быцæу сæм рауади уый тыххæй. Кæрæдзийы мардтой. Фæстагмæ рацыдысты дыууæ мыггаджы кæрæдзи цæгъдынмæ. Сæ уынаффæ афтæ уыди, сывæллоны онг хъуамæ кæрæдзи фæцæгъдæм.

Дæргъæвсы ком æрæмбырд сты, уæддæр нæ хъусынц. Хæст

къаддæр нæ кæны. Дауыратæй ног чындз йæ чындздзон дзаума скодта, хыз дæлæмæ æруагъта. Ныр хæст цæуы. Ног чындз сывæллоны къухыл ныххæцыд æмæ сæ астæуты ацыди. Дыууæ мыггаджы астæу ныллæууыд æмæ йæ рахиз къухæй йæ хызы кæроныл схæцыд. Ууыл дыууæ мыггаджы фæйнæрдæм аздæхтысты, иу æхст дæр дзы нал æрцыд.

Дыууæ мыггаджы дзырд радтой, мæйы бонмæ кæрæдзи къухтæ райсдзыстæм, зæгъгæ. Абон дæр сты уарзон сыхæгтæ æмæ сæ кæрæдзи мидæг хæстæджытæ.

*63-аздзыд Мырзаганты Сахъмæны ныхæстæй йæ ныффыста Цагъаты Анастасия 1963 азы Хæрисджыны хъæуы. ЦИГСИИ-йы архив, ф. 104, оп. 1, д. 35.*

## Чызг курын

Цымытийы цардыстæм, нæ мыггаг Дзытиатæй у. Мæ фыд абадгæ лæппу уыди æмæ дукани дардта. Хъулатимæ хæлар уыди, æмæ дзы æхца фæхордтой. Уæд Хъулатæм иу чызг уыди, 10–12 азæй фылдæр ыл нæма цыд. Иу бон Къадатæй Цымытимæ æрбацыд ацы гыццыл чызг. Дуканигæсы зæрдæ йæм фехсайдта æмæ загъта: «Цымæ ацы чызгмæ цы æгъдау ис, куы йæ бабæлвырд кæнин». Дуканигæсæн уæлхæдзар æхсæртæ тыд уыди хус кæнынмæ. Чызгæн афтæ зæгъы:

– Цу æмæ æхсæртæ ахъахъхъæ.

Чызг æхсæрты раз сбадтис, ай та йæм сусæгæй кæсы: цымæ йæм цы æгъдау и, æхсæртæм æвналы, æви нæ? Чызг æхсæртæ хъахъхъæдта, нæ сæм бавнæлдта. Æмæ уæд лæг загъта: «Ай курынæн бæззы». Æмæ Хъулатæн загъта, ацы чызджы мын раттут ме ʻхцамæ, зæгъгæ. Радтой йын æй, цы æртиссæдз туманы дзы дардтой, уый хæсмæ, æмæ йæ дыууадæсаздзыдæй æрбахаста. Кæронмæ иумæ фæцардысты. Цот сын рацыд авд чызджы æмæ иу лæппу. Фæлæ тынг æвзæр цардысты, æппындæр нæ фидыдтой.

Гъе уыдон мæ мад æмæ мæ фыд уыдысты.

*Бæрæзгаты Хадæхцыхъойы чызг Адесы ныхæстæй йæ ныффыста Цагъаты Анастасия 1964 азы Дзуарыхъæуы. ЦИГСИИ-йы архив, ф. 104, оп. 1, д. 35.*

## Чындзы цæуын

Дыууадæсаздзыдæй мæ Хилачъы Быгъуылтæм чындзы арвыстой. Ирæдæн райстой æдсаргъ, æдидон бæх æвзистæй арæзтæй, цыппарыссæдз фысы, цыппар хъуджы, дыууæ галы. Стæй мын чындздзон дзаума æрбахастой, дæргъытæ гобаны цъарæй разгом къабайаг, мычъыртанæй мидæггаг дзауматæн, къалостæ æмæ фæсмын цъындатæ æмæ бæмбæг кæлмæрзæн.

Мæ цæгатæй та ахастон кæттагцъар бумбули гобан, иу баз кæттаг цъаримæ æмæ фистæй хъæццул. Уыдонмæ та мын уыди уæлдзæрмттæй хъæццул, хъæдын тъахтин, иу фистын гобан æмæ фистын дыууæ мутакайы. Стæй мæ уаты уыди хъæдкъахт бандон – æнæхъæн хъæды лыггаг-иу тæгæнайы хуызæн скъахтой рогдæрæн, ома æнæкъах тъæпæн бандон, цугун, хъуывгъан. Цырагъæн та мæ уаты уыди дзабырсæрдæн гыццыл кремы авг тасмачъи хуынкъ сæримæ; уым-иу сластам къуымбилы мур фителæн, бæмбæг нæ уыди. Æндæр мæ уаты дзаумайæ ницы уыди. Цы лæгмæ цыдтæн, уый нæ зыдтон. Хилакъмæ мæ чындзы куы хастой, уæд хосласæн дзоныгъыл хъæдуры хъæмп сæвæрдтой, æмæ ууыл сбадтæн. Фæндагыл мæ къах дзоныгъы ныххаудта, æмæ мæ къалос хъæпæны бын фесæфт. Мæ хæлафы къах та аскъуыди – зæронд уыди. Афтæмæй иукъахыг хæлафы хæррæгъы, æнæ иу къалос чындзы бафардæг дæн Хилакъмæ. Фæндагыл-иу мын мæ фындз амарзтой мæ чындзхæсджытæ æмæ мын дзырдтой: «Дæу чи радта, уый дæ тæригъæд фæуæд». Чындзы куы бацыдтæн, уæд, кæмæн мæ хастой, уый уым нæ уыди, Хъызлары фыййау уыди. Уациллайы фос куы скодтой, уæд мæм мæ ходыгъдтæ бадзырдтой:

– Рауай-ма, уæртæ нæ фос ссыдысты æмæ акæс, – æмæ мæ фæрсынц, уыцы фæсивæдæй дæм дзæбæхдæр чи кæсы, зæгъгæ. Æз, кæмæн хаст уыдтæн, уымæй афтæ зæгъын:

– Уæртæ уый цы фыдуынд у, удхæссæг æй ахæра, уе ‘ххуырст исты у? – О, дам.

Сæ бинонтæ уыдысты æхсæз æмæ дыууиссæдзы. Уым фæцардтæн æхсæз азы. Лæг мæ иу дыууиссæдз, дæс æмæ дыууиссæдз азы хистæр уыди æмæ мæ йæхæдæг дæр хъахъхъæдта. Стæй лæг амарди Хъызлармæ цæугæйæ. Мæ лæджы амæлæты фæстæ ма афæдз фæбадтæн Быгъуылты хæдзары. Стæй, афæдзы хист куы скодтой, уæд æрбаздæхтæн. Цот мын дзы нæ

уыди, æмæ мæ фæстæмæ мæ цæгат æркодтой. Куыддæр æрбаздæхтæн, афтæ мæ дыууæ къуырийы фæстæ Парсиатæн радтой æнæус лæппуйæн. Ирæд мæ нал райстой, фæлæ мын Парсиатæ чындздзон дзаума скодтой, ног чындзæн цыдæриддæр вæййы, уый. Ам мын цот рацыд æртæ лæппуйы æмæ дыууæ чызджы.

Ныртæккæ дæр мæ цот дзæбæх сты. Мæ лæг дæр дзæбæх у. Мæнæ мæ ныхыл уыцы нос дæр Быгъуылтæй рахастон. Иу хатт мæ гуымбыл ахсыныл сбадын кодтой, æмæ бафынæй дæн, æмæ æхсæв бонмæ аджы тигъыл мæ ных фæдардтон æмæ мын ныллыг ис. Афтæ цардыстæм, гъе.

*Барзыхъæуккаг 1888 азы гуырд Парсиаты-Гусаты Тебойы чызг Марйайы ныхæстæй йæ 1963 азы ныффыста Цагъаты Анастасия. ЦИГСИИ-йы архив, ф-р 104, оп. 1, д. 35.*

*(Æрмæг ист у, «Иры хæзнадонæй», зæгъгæ, уыцы чиныгæй. Чиныг сарæзта Торчынты Таймураз. (Дзæуджыхъæу «Ир», 2010).*

# ФЫСДЖЫТÆ ХУДЫНЦ

## Дæбе Хадойы куыд фервæзын кодта

Плиты Хадо æмæ Мамсыраты Дæбе сæ фæллад уагътой Гудаутæйы. Хадо балхæдта сæрдыгон рог къахыдарæс, дуканийæ райста портвейны авг æмæ Дæбейы баййардта:

– Акувæм сын, науæд сæ бынтæ баихсийдзысты.

– Акувæм, фæлæ ды ленк кæнын нæ зоныс æмæ-иу донмæ ма быр, – загъта Дæбе.

– Гъемæ-иу ды мæ бæсты дæр кæсагау цъыллинджытæ кæн, – сразы Хадо. – Æз та мæхи хурмæ араудзынæн.

Авг баныztой. Дæбе йæ дзаумæттæ раласта æмæ донмæ ныггæпп ласта. Хадо йæм хæлæггæнгæйæ каст. Нозт йæ сæры куы бацыд, уæд йæхинымæры загъта: «Ау, Дæбейæн иу цонг йеддæмæ куы нæ ис æмæ ма уый дæр ленк куы кæны, уæд æз дыууæ цонгимæ къодах дæн?» Къæмбырмæ схызт, донмæ йæхи нывзылдта æмæ фæрæтау дæлæмæ ацыд.

Дæбе донæй йæ сæр сдардта æмæ, Хадойыл йæ цæст куы нæ

‘рхæцыд, уæд хъуыддаг бамбæрста. Таппузтæ хæрдмæ кæм цыдысты, уырдæм баленк кодта. Цалдæр хатты йæ къухы ницы бафтыд, фæлæ йын фæстагмæ йæ цонгыл фæхæст æмæ йæ тыхтæ-амæлттæй былмæ раласта. Уæрджытæй йын йæ гуыбын нылвæста, æмæ «Сæлимæт»-ы авторæн дон йæ хъæлæсæй фемæхсти.

Куы ‘рчъицыдта, уæд акаст æмæ ауыдта, дыууæ бурсæр лæппуйы йын йæ ног сандалитæ дзаумæтты сæрæй куыд фелвæстой æмæ куыд фескъæфынц. Дæбе сыл фæхъæр ласта:

– Что вы делаете, маленькие бандиты?

Асурынмæ дæр сæ хъавыд, фæлæ афтæ бафæллад æмæ йæ бон сыстын дæр нал баци.

«Хуыцау хорз æмæ зæронд туфлитæ нæ аппæрстон», – хызыныл йæ цæст ахæсгæйæ, ныууынæргъыдта Хадо, стæй Дæбемæ дзуры:

– Мæнæ куыд сæфтæн. Ды дæ мæ ирвæзынгæнæг! Нæхимæ куы ссæуæм, уæд дæ номыл фыс хъуамæ аргæвдон æмæ Таппы дзуары бынмæ ацæуæм.

Дæбе ахæм былдауæн ныхæстыл ахуыр уыд æмæ, уылæнтыл йæ цæст ахæсгæйæ, загъта:

– Хадо, фыс цы у, фыс? Теуа, кæнæ гæнæн нал ис, уæд та – мамали, мамали (ома уасæг).

## Хадо – лектор

Хадо æнæмæт лæг уыди. Журнал «Мах дуджы» ма куы куыста, уæд, редакторæй йæхи нæ ракургæйæ, йæ дыууæ чызджы аласта Ленинградмæ æмæ сæ мæй æмæ æрдæг уæлдæр скъолатæм лæвæрдта, зылди хæстæджытæ æмæ хиуæттыл.

«Иссæйы кæстæр æфсымæрæн» алы ран дæр, йæхи загъдау, æгъдау лæвæрдтой, йæ чызджыты дæр ын бахауын кодтой университеттæм. Дзæуджыхъæумæ куы сыздæхт, уæд цингæнгæ азгъордта редакцимæ мызд райсынмæ. Фæлæ къæридоры куы фæцæйцыд, уæд къулыл ауыдта бардзырд, куыстæй уæгъдгонд кæй æрцыд, уый тыххæй æмæ сагъдауæй аззад.

– Æз мæ хъуыддæгтæ сарæзтон, ныр мын мæ къудийыл цæхх ныккæнут, – тамако сдымгæйæ загъта секретарæн æмæ ныккæндмæ бæгæны нуазынмæ ныххызти.

Хадойæн йæ ус хабар куы базыдта, уæд йæ лæджы балæу-

уын кодта партийы обкомы. Хайады хицау Годоевич сæм лæмбынæг байхъуыста, стæй тилифон систа æмæ æхсæнад «Знание»-йы сæрдармæ бадзырдта:

– Фервитын уæм лекторæй поэт Плиты Харитоны.

– Æмæ лекцитæ цавæр темæйыл кæсдзæн? – райхъуыст тилифоны хæтæлы.

– Советон поэзи коммунизмы арæзтадыл тохы, аивад æмæ культурæйы рæзт æмæ афтæ дарддæр.

«Ма дзы байрай», – сдзурынмæ хъавыд зылындзаст сæрдар, фæлæ йæхи фæурæдта.

Хадо цинæй амарди: фараст туманы – йæ мызд, стæй ма фæндаггаг æхца дæр исдзæн. Урс костюм скодта, афтæмæй автобусты цыди хъæутæм.

– Хорз адæм, æппындæр-ма ма тыхсут. Коммунизммæ фæхæццæ кæнæм, – афтæ-иу райдыдта йæ лекци. Стæй-иу куыдфæстæмæ рахызти поэзимæ. Каст йе ‘мдзæвгæтæ. Пафосимæ-иу йæ поэмæ «Сæлимæт» дзурын куы райдыдта, уæд æм адæм хъусынæй не ‘фсæстысты. Фæлæ йын æхсæнад «Знание» йæ хин базыдта. Сарæзтой йын тематикон пълан, радтой йын политикон картæ æмæ амонæн лæдзæг.

Иуахæмы та номдзыд поэт лекци касти «Сæрибары сакъадах» Кубæйы тыххæй.

– Кæм ис уыцы Кубæ, фенын ма нын æй кæн, – баййардтой йæ залы бадджытæ.

Хадо стыхст, амонæн лæдзæг райста æмæ уыцы æнæхайыры сакъадах картæйыл бирæ фæцагуырдта, фæлæ йæ не ссардта æмæ уæд афтæ бакодта:

– Лæппутæ, марадз-ма, рацагурут æй, ныртæккæ дæр ма ам куы уыд.

## Оставь меня, я сам погиб!

Гулуты Андрей æмæ Хадо хæдтæхæджы тахтысты Мæскуыйæ Дзæуджыхъæумæ. Уæлдæфон нау йæхи тыххæйты фæрæзта. «Воздушная яма» кæй хонынц, уым бахаугæйæ-иу ферхæцыд, йæ гæндзæхтæ тилын-иу райдыдта.

Андрей æмæ Хадо бадтысты фæрсæй-фæрстæм. Иуахæмы та мотор ферхæцыд, æмæ «æндон цæргæс» дæлæмæ хауын байдыдта.

– Погибаем, погибаем, Андрей Семенович! – сонт хъæр ныккодта Хадо æмæ Гулуйы-фырты цонгыл ныддæвдæг.

– Оставь меня, я сам погиб! – асхуыста йæ Андрей, æмæ Хадо йæ бынаты удаистæй нынныгъуылди.

## Хæцгæ йыл кодта

Иуахæмы Бæциаты Агуыдзимæ проспекты фæцæйцыдыстæм. Амбæлди ныл Сечъынаты Ладемыр.

– Цы хабæрттæ ис? – фæрсы йæ Агуыдз.

– Æрæджы та Вёшенскæйы уыдтæн. Мишæимæ дын фæцæуын.

– Мишæ та чи у?

– Нæхи Мишæ, Шолохов. Фæцæуæм дын Вёшенскæйы уынгтæй иуы, æмæ нæм кауы сæрты иу дынджыр сау куыдз куы рагæпп ласид. Æз æй мæ цырыхъхъы фындзæй сцавтон, уый алыгъд æмæ та нæм фæстæты куы 'рбахъуызид. Мæнæй йæ бон базыдта æмæ ныр та ныхъхъавыди Мишæмæ.

– Ау, æмæ Вёшенскæйы станицæйы Шолоховы куыдзæйхæрæгæй чи нæ зоны, ахæм куы нæ и, куы фæзæгъынц, – йæ цæст мæм фæныкъуылдта Агуыдз.

– Куыдз бынæттон нæ уыд, æрбафтæггаг. Мишæйыл йæхи куы ныццавта, уæд æй æз йæ дыууæ хъусæй рацахстон æмæ дæ балгъитæг афтæ: йе 'фсæртæ йын фæйнæрдæм атыдтон. Мæхи ма тугæй дæр фесæфтон.

– Ладемыр, генион фыссæджы кæй фервæзын кодтай, уый тыххæй дын орден радтын æмбæлы.

– Сдзурын дæр сæ нæ бауагътон. Шолохов мын номылдаргæ сахат æмæ йæ чингуыты ног рауагъд балæвар кодта. Иу къуыри йæм фæдæн уазæгуаты, стæй дын æм Микъитт (Хрущев) куы схæццæ уаид.

– Ай та дын чи у? – бафарста мæнæй Мишæйы.

– Зындгонд ирон фыссæг.

– Æмæ уым ме 'рдхорд Æлбеджы-фырт куыд цæры? – йæ къух дæтгæйæ мæ афарста Микъитт.

– Йæ нартхоры зæхмæ дон уадзы æхсæвæй-бонæй.

– Уый лæг у, лæг. Сызгъæрин къахгæ нæ, фæлæ зайын кæны. Салæмттæ-иу ын ратт, тагъд æм зындзынæн.

– Уæддæр, Ладемыр, замманай куыдзы куыд амардтай? – иу хъулон къæбыламæ кæсгæйæ бафарста Агуыдз.

– Ændær gænæн мын нæ уыд, хæцгæ йыл кодта.

## «Мæхи бар æй уадзут!»

Балаты Тембол йæхи хуыдта «Волк», фæлæ йæм уыцы тугдзых сырды миниуджытæй ницы уыди. Мæскуыйы, Литературон институты ма куы ахуыр кодта, уæд уарзта хыл кæнын. Æмдзæрæны цард украинаг поэтимæ иу уаты. Водкæ уыцы рæстæджы аслам уыд, æмæ-иу дзы куы аныэтой, уæд кодтой фырдзырд æмæ загъд. Суинаг поэт æппæлыд хикондукраинаг «горилкæйæ» æмæ Тарас Шевченкойæ, Тембол та – ирон арахъхъ æмæ Къостайæ.

Иуахæмы та иумæ куы ноэтой, уæд Тарасы байзæддаг Темболы схуыдта «бездарь». Балайы-фырт уыцы æфхæрд нæ ныббарста æмæ йе 'рдхорды фындз галиу къухæй ныддаудта. Фындзыхъæл фелвæст, æмæ тагъд æххуысы машинæйы дохтыртæй дæр никæй бон уыд йе сраст кæнын. Тембол сæм бирæ фæкасти, стæй рамæсты æмæ сыл ныхъхъæр кодта:

– Отойдите, сам справлю!

Фындз рахиз къухæй галиуырдæм ныуудæста, æмæ фындзыхъæл йæ бынаты абадт. Институты студенттæ кæрæдзиимæ тынг хæларæй цардысты. Ахæм цауы фæдыл уайтагъддæр «туджы фынг» ацарæзтой.

– Фидыды фæдыл пъа æмæ хъæбыс, – бадомдтой дыууæ æрдхордæй. Уыдон кæрæдзийæн дæргъвæтин пъа ныккодтой.

«Вскормленный Литфондом Тембол молодой», – ахæм номæй дзырдта наронмæ Мæрзойты Сергей. Æмæ йын йæ хъазæн ныхасæн Тембол дзуапп лæвæрдта мидбылхудтæй.

## Петка æмæ уаддымгæ

Петкайæн бæрзонд ных кæй уыд, уый тыххæй йæхимæ каст зонды къуыбылой. Куыста газет «Рæстдзинад»-ы бæрнон секретарæй æмæ-иу хатгай фæлтæрд журналистты фыстытæ дæр схъулæттæ кодта.

Иу дымгæ бон проспекты бульварыл фæцæйцыди. Дымгæ йын йæ шляпæ йæ сæрæй фелвæста æмæ йæ асфальтыл тулгæ ахаста. Поэт йæ фæдыл ныййарц, бæрзонд зæвæтджын туфлитæ йæ хъыгдæрдтой æргуыбыр кæнын æмæ худ æрцахсын.

Суанг ма хаугæ дæр акодта, фæлæ фестад æмæ та тъæбæрттæй азгъордта. Æппынфæстаг æй баййæфта æмæ йыл къахæй ныллæууыди.

Петкайы æмкусæг, тæлмацгæнæг Гагкайты Дзибис уыцы сценæмæ балкъонæй дæлæмæ каст æмæ худæгæй бакъæцæл. «Гыццыл дзæбидыр»-мæ (афтæ хуыдта Петкайы) уæле дæлæмæ æрдзырдта:

– Петка, дæ дзыппы дуртæ нывæр, науæд дын дымгæ дæхи дæр ахæсдзæн.

## Петка – машинæскъæрæг

Советон дуджы фыссæг кадджын уыд. Йæ уацмыстæн ын фыстой бирæ æхца. Петка дæр сывæллæттæн рауагъта цалдæр чиныджы. Сарæзта дачæ, балхæдта «Жигули».

Иу сæрдыгон райсом æй æрфæндыд йæ рог машинæйы Арвыкомы атезгъо кæнын.

Автоинспекцийæн Реданты цы пост ис, уый рæзты куы фæцæйтахт, уæд йæ кусджытæ ауыдтой æнахуыр ныв æмæ йæ фæдыл ныххал сты.

– Мæ цæргæбонты машинæ æнæ шофырæй цæугæ никуыма федтон, – ныддис кодта сæ иу.

«Жигули» куы баййæфтой, уæд дзы рахызти бырцхойæны йас лæг, йæ къухтæ йæ сины сæртыл авæрдта æмæ нытътъæлланг ласта:

– Цы ‘рцыди, цæмæн мæ уромут? Æхца бастигъынмæ мæ хъавут? – уыцы ныхæстимæ йæ риуы дзыппæй систа сырх книжкæ. – Нæ уын рауайдзæн. Æвæццæгæн, æз чи дæн, уый нæма зонут.

– Кабалоев кæд у, мыййаг, – сусæгæй загъта машинæ сурджытæй иу.

– Цыфæнды хицау кæд дæ, уæддæр фæндагыл цæуыны æгъдау халыс æмæ дæ уый тыххæй баурæдтам. Уæлæмæ нæ зыныс, дæ быны исты бызгъуыр бавæр æмæ дæ уынæм, – мæстджынæй загъта посты хицау.

***ГАДЖИТЫ Илас***



– Лæппу, ацы тæскъ ма фесаф,
дæ лæппуйы дæр бахъæудзæн.



– Не 'фсин! Ацы дуарæн цы бакодтат, хистмæ куы цыдтæн, уæд уæрæх куы уыдис?




*– Цæмæй тæрсыс уыцы хæдзарæй?*

Цъары фæрстыл:

*2. Азымджын.*

*3. Серенадæ.*

*4. Ногбонты.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.*

*Подписано к печати 25.01.13. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Mygl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 44. Цена свободная. Выход из печати 2 февраля 2013г.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*

*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*

*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис» РСО-Алания,*
*362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247